Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ



## КIикIуниса ГIУСМАН – магIарулазул залим

6/2019
ноябрь - декабрь



Муса ГIАБАСОВ
1919 -2019

# ГЪУДУЛЛЪИ

**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно - художественный и общественно - политический журнал

**Издается один раз в два месяца**


**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

**6**

**2019**

**ноябрь - декабрь**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**



**БетIерав редактор**
Мурад МухIамадович АхIмадов

**Жавабияв редактор**
МухIамад ПатахIов

**Жавабияй секретарь**
ТубхIат Зургъалова

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов,
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
ХIамзат ГIизудинов,
МухIамадрасул ГIумаров.



Электронный адрес редакции:
litdag@mail.ru

НОМЕРАЛДА РУГО:

**ХIАЖАТАБ КАЛАМ**
**М.АхIмадов.** Хасаб тIадкъаялъул генерал........................................................3

**ТАРИХАЛЪУЛ ТIАМЧАЛ**
**С.Гъиматова.** Шамил имамасул наиб Колоса Сурхай........................................12

**ЦIИЯЛ КУЧIДУЛ**
**М.АхIмадов.** КIиго элегия.......................................................................31

**ХАРБАЛ**
**П.ГIабдурахIманова.** ГIумру буго гIумру...............................................................41

**МУСА ГIАБАСОВ ГЬАВУРАЛДАСА – 100 СОН**
**ХI.Казиев.** Халкъияв артист.......................................................................53
**М.АхIмадов**. КIудияб дур гьунар бакълъун букIана.............................................57

**НАЗМАБИ**
**М.МухIамадов.** Микьмухъил кучIдул.....................................................62

**МАШГЬУРАЛ МАГIАРУЛАЛ**
**М.ПатахIов.** КIикIуниса ГIусман..........................................................................69
**ГI.ГIалиева.** Бицина тарихалъ дур гьунаразул.....................................................72

**КРИТИКА ВА БИБЛИОГРАФИЯ**
**М.МухIамадов.** Гьунар бугев мугIалимги пасихIав шагIирги............................73

**ГIУМРУГИ ГIАДАМАЛГИ**
**Ш.МухIамадов.** Инсул къисмат............................................................................80

**ГIАКЪЛУЯЛЪУЛ ДАНДЕРИЖИ**
Хвелго лъикI лъикIав чиясе.......................................................................85

**ЦIАЛДОЛЕЗУЛ ЖУГЬАБИ**
**Т.МуртазагIалиев.** Дие бокьун буго цойги кечI хъвазе.......................................93

Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ. РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Регистрационный номер: серия ПИ №ТУ05-00417 выдан Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан от 22.04. 2019 г.

**Типография: ООО «Издательство «Феникс - пресс»**
**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Петра I, 61

**ДРУЖБА №6 2019 г.**
*ноябрь - декабрь*
*На аварском языке*

Выход в свет 29.11. 2019 г.
Тираж 1107 экз
Печать офсетная. Бумага офсетная
Формат 70х108 1/16
Усл.печ. л. 8,4 Усл. изд. л. 8,7
Заказ № 475 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан “Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”.*
***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

## ХАСАБ ТІАДКЪАЯЛЪУЛ ГЕНЕРАЛ

*2017 соналъул сентябрь моцIалъул ахирисел къоязда Дагъистан хIалуцун балагьун чIун букIана республикаялда ккезе ругел хиса-басиязухъ. ТIубараб анкьалъ Дагъистан букIана бетIерлъуда чи гьечIого. ГьанжелъизегIан вукIарав президентас жив нахъе вахъеян хъвараб гIарзаги чанго къоялъ хIукмуги къотIичIого хутIун букIана. ГIадамазда гьоркьор харбал гIемерал рукIана, гьел гIемерисел рукIана ургъун рахъарал, цояздаса цоял хIикматал.*



*ХIакъикъат кIодо гьабулеб букIана нахъе унев президент Рамазан ГIабдулатIиповасул хIакъалъулъ гьанжелъизегIан гIемерлъун рукIарал, ургъун рахъарал биценаз. Гьел ургъун рахъарал харбаздаги божун, халкъалъ жидецаго рицулел, ургъулел ва президентасул бакIалда толел рукIана батIи-батIиял, жидер цIарал церегоялдаса нахъе халкъалда лъалел гIадамал. Гьезул къадар къойидаса къойиде цIикIкIунеб букIана, хIатта байбихьана интернеталда рахъизе гьезул цо-цоял президентлъун теялъул буюрухъалцин. РакIалдаго гьечIого Путиница, Госдумаялдасаги вачун,*

*нилъер гьаниве МВДялъул генерал Владимир Васильев тIамидал, киналго политологалги, эксперталги, Дагъистаналъул халкъги гIажаиблъизаруна. В.Васильев госдумаялда вукIана тIадегIанаб хъулухъалъулаб бакI ккурав чи – гьев вукIана «Единая Россия» партиялъул председателасул заместителги госдумаялда гьеб партиялъул фракциялъул председательги.*

*Гьелдаса хадуб Путиница цоги-цоги гьанире тIадегIанал идарабазул бетIерлъуда рукIине ритIун рачIунез щивниги хIикмалъизавулев вукIинчIо. Роржунел рукIана республикаялдаса республикаялде. Прокуроразул къукъаби рачIунел рукIана хал-шал гьабизе МахIачхъалаялде – республикаялъул чиновникал ритIун унел рукIана «добаб рахъалдехун», гьел ритIун унел рукIана хIалихьатал коррупционерал-такъсирчагIи хIисабалда.*

*Жибго хъулухъалде цIияв президент-варяг (тарихияб аналогиялда рекъон, журналистаз гьединаб цIар кьуна цIияв президентасе) тIамиги букIана батIияб, гьанжелъизегIан букIинчIеб. 70 соналда жаниб Дагъистаналъул бетIерлъуда дагъистанияв гурев тIами гуребги, президент Путиница Северияб Кавказалде витIана жиндирго божарал гIадамазул цояв. Васильевасул биография цIалани, гьелдасан нилъеда бичIчIизе буго гьев гIадатияв гурев инсан вукIин. 1999 соналда Путин Россиялъул ХIинкъигьечIолъиялъул Советалъул бетIерлъуде тIамуравго, гьесда доб мехалда ракIалдацин букIинчIо жив Россиялъул президентлъун ккезе бегьулилан. Доб мехалдаго гьес жиндихъего заместительлъун вачана В.Васильев. Гьеб гуребги, Васильевас нухмалъи гьабуна Северияб Кавказалъулго управлениялъул Советалъеги. Гьелде щвезегIанги, Ельциница МВДялъул министрлъун В.Рушайло тедал, гьесул заместительлъун вукIарав Васильевасул хIукму ккана нахъе ине.*

*РакIалдаго гьечIого Дагъистаналъул президентлъун В.Васильев тIами букIана киналго гIажаиблъизарураб лъугьа-бахъин. Хасго гьелде щвезегIан хIакимлъиялда рукIарал, гьелде ругьунлъаразул рахIат хвезабуна гьеб лъугьа-бахъиналъ. ГIемер заман къваригIинчIо киназего, Васильевасухъги гьесул ишазухъги хал гьабун чIезе: бичIчIана халкъалда щив ва кинаб гIамалалъул чи гьев вугевали, щиб гьесие къваригIун бугебали, сунда тIад тIадчIей гьабизе бугебали. БичIчIана, гьев бетIерлъуде вачIаралдаса нахъе Дагъистаналда цебе букIараб гIадин букIине гьечIеблъи…*

*Расги бигьаяб иш букIинчIо, гIемерал соназ билълъанхъараб нухмалъи кьучIдасанго хисизабизе. Щулияб кьуру гIадин кколеб букIараб система, кагътил рукъ гIадин, цIакъ хехго щущазе байбихьана. Лъиданиги ракIалда букIинчIо къойилго халкъалда телевизоралдасанги газетал-журналаздасанги, гьадинго республикаялда лъугьунел-толел ишаздаги гьоркьорги рагIулел рукIарал фамилиябиги цIаралги циндаго такъсирчагIазде сверилилан. Щиб республикаялда лъугьунеб бугебали бихьарал цо-цо бизнесменазулги хъулухъчагIазулги тату хвана. Гьез байбихьана гIедегIун республикаялдаса, цебеккунго дора хинал улкабазда росарал жидерго бечедал рукъзабахъе тIуризе. Гьанир хутIана гьез сверун борхатаб ва щулияб къедги бан рарал чIахIи-чIахIиял, жанир месед бекьарал, минаби. Амма киналго гуро тамихIалдаса лъутун рорчIарал. Нусго-кIинусгогIанав Дагъистаналъул чиновникал тамихIалде цIана. ТIаде щвана, жеги букIинчIеб, кинабго басриябщинабги биххизабун, цIияб гIумруялде гали тIамулеб цIияб замана.*

*Ункъо моцI Васильевасул президентасул ишал тIуралевлъун арабго, коррупциялде данде гьабулеб рагъ бахана цIакъго борхатаб даражаялде: гьесул къорикье ккезе лъугьана, церехун лъилниги квер щолел рукIинчIел, цIакъго щулаго ва чIухIадго, жидеда кинабгIаги такъсир-тамихI хъвазе гьечIилан ракIчIун рукIаралгицин. Дагъистаналъул хIукуматалъул бетIерлъуда рукIарал хIакимзаби, киналго гIадин жанир тIамуна. Киса-кибего: телевидениялда, соцсетазда, газетал-журналазда бицине лъугьана гьелъул хIакъалъул, загьир гьарулел рукIана жиде-жидер пикраби.*

*Коррупционерал-цIогьабазде киназулго кутакаб рокьукълъи букIаниги, гьаниб абизе ккола, гIемерисезул ракIгурхIана гьезул хъизаназда: эмен гьечIого хутIулел лъималаздаги, рос гьечIого хутIулел ругел лъудбуздаги. Киназго гьел рикIкIунел рукIана гIайиб гьечIеллъун. Гьанибги Васильевасда кIвана цIобалъулаб нух батизе: гьес гьарана халкъалъул кумек, жиде-жидер пикру загьир гьабун, кинаб тамихI гьабизе рекъон бугеб коррупционеразеян, республикаги, цIогьабазул хъизан-лъималги цIакъго тату хвараб бакIалде ккола реб.*

*Гьеб букIана хIакъикъаталдаги, божизе захIматаб, революция гIадаб жо. Цо-цояз жидерго щаклъи загьир гьабуна Васильевас гьабулеб политика дора Мосвкваялда ругел киназего рекIее гIечIого букIине бегьулеблъиялъул. ГIемерал соназ жидерго иш гьабун, бегьулебщиналъухъ регионалиял республикабазул бутIрузухъа хIалхьезегIан гIарацги босун, рахIаталда рукIарал чанги-чанги хIакимзабаз щибдай абилаян ракIалде ккана. Амма Васильев гьезухъ валагьичIо ва гьездаса хIинкъун чIечIо.*

*Дагъистаналда коррупция щвечIеб бакI хутIун букIинчIо: медицина, лъайкьеялъул идараби, нухлулаб ишалъул ва ралел бакIазул идараби. ЦохIого-цо медицинаялъул хIалтIул нухмалъулез бикъун батана 9 миллиард гъурущ, нухлул идараялъул нухмалъулез бикъун батана 18 миллиард гъурущ!*

*ЦIидасан гьаруна ралелги разе хIисабалде росаралги бакIазул хIасил. РикIкIана, борцана, къотIана. ХIакъикъаталдаги, киналго объектал гIемерго учузго кколел ратана, кагътида рихьизарураздаса. Масала, базе хIисабалде босараб кьоялъул багьа кколеб букIана цо миллиард гъурущ, гьелъухъин абуни хъван батана цо миллиардгун бащдаб, Дагъистаналъул казнаялда хутIана 500 миллион гъурущ. БичIчIулеб жо – 500 миллион гъурущ лъил чвантинибе ине букIарабали?..*

*Больницалде ккарал унтараз жидецаго росизе кколел рукIана дарабиги, шприцалги, цогидаб къваригIараб-тарабги. Къобихьун, гIемерал рекерахъдун щолеб букIана унтаразе чIезарурал кумекал. Васильев президентлъун Дагъистаналде вачIинегIан экономика хIалтIулеб букIана гьелъул нухмалъулезе къваригIараб, гьез чIезабураб къагIидаялъ. Нахъе щоларел кредитазул къадар къойидаса къойиде цIикIкIунеб букIана, гьелдалъун кIудияб зарал кколеб букIана ритIухъго хIалтIулел предпринимателазе.*

*Васильевас гьеб кинабго гIадатиял гIадамазе зарал кколареб къагIидаялъ хисизабуна. Гьес хисизабуна банказулги сбербанказулги хIалтIул къагIидаби, дандчIвана Герман Грефгун, ва гьесулгун къотIи гьабуна рукъзал щвезе иргаялда чIарал, 2006 соналдаса нахъе гьелги щвезе кIоларого ругел гIадамазе, иргаялда рекъон рукъзал кьезе. Гьезул къадар бахунеб букIана 13, 5 азарго чиясде.*

*Ралел бакIазул идарабазул иш Дагъистаналда цIакъго бичIчIулареб хIалалде ккун буго – бецIаб рохьилан абизе бегьула гьелде. Бокьарас-бокьараб, ракIалде ккараб гьабулеб букIана. Босизин мисалалъе Ак-Гёл хIор. Гьелда чIезабураб къо! Рищни-къул бараб гIечIого, гьенире рехулел рукIана кутакалда гIадамасе заралиял медицинаялъулал хутIелал: шприцалги цогидабги. ЦохIого-цо МахIачхъалаялда ран ратана ихтиярги гьечIого, изнуги босичIого 400-гIанаб мина. Гьел рараб гIечIого, гьабизе ккола къагIидаялда гьарун ратичIо минабазда сверухъ хIалтIаби, газ, лъим, ток бачин.*

*Васильевас буюрухъ кьурабго хIалтIизе кколеб къагIидаялда хIалтIана киналго механизмаби. Къойидаса къойиде цIикIкIун загьирлъулел рукIана тIурачIел нормабиги, закон хвезабиги, гIадамазе ккезе букIараб заралалъул хIинкъиги. Загьирлъана хIаталдаса ун гIемерал гIунгутIаби. Гьел гIунгутIабаз биччалеб букIинчIо Дагъистан цебехун ине, цогидал республикабазул даражаялде бахине.*

*Теплицаби ругел гIадамаз къотIи-къай гьабулеб букIана хал гьабизе рачIаразулгун. Гьезие гIарацги кьун, дагь хъвазабулеб букIана жидецаго хIалтIизабулеб газги, газ гуребги. Гьебго хIакъикъат букIана заводал-фабриказдаги, цоги-цогидал комбинатаздаги. Гьел инспекторал хехго бечелъулел рукIана, цинги «Джипаздаги» рекIун хьвадулел рукIана. Гьединго букIана токалъулги лъадалги иш. Гьединлъидал, Дагъистаналда газалъухъ щолеб гIарац 30 проценталъ камулеб букIана, аскIобго бугеб Ставрополалде данде ккун – гьениб букIана 1 проценталъулаб ками.*

*Васильевасул хIаракаталдалъун цебехун букIараб хIалкъай-къварилъи дагьлъана гIисинал предпринимателазе. Президентас гьезие ихтияр кьуна щолеб хайир цIикIкIине жидерго бизнес гIатIид гьабизе.*

*Инвентарицазия гьабидал, цохIо газалъул батана 1700 км. хважаин гьечIеб. ТIолабго Дагъистаналъулго цо гIорхъодаса цоги гIорхъоде щвезегIан батани 1181 км., хал гьабеха нужецаго, хважаин гьечIел газалъул трубабазул! Гьел гIемерал соназ тIалаб-агъаз гьабичIого рехун тарал рогIразда кьаву чIван, цоял жанисан турулел, цогидалин абуни рищни-къулалъул цIун ратана, хIатта, чанго азарго чи газ гьечIого рукIаниги.*

*Хал-щал гьабидал, цохIого–цо 2018 соналъ тIатана 1540 промышленниялги коммуналниялгун рукIа-рахъиналъулги, 57 миллион куб. метр газалъул хIалтIизарулел бакIал. Гьелъул хIасилалда республикаялъул экономика лъикIлъана, 95 миллион кубометраялъул даражаялде бахана, хIасил – 660 миллион гъурущ цо лъагIалие.*

*Машинабазе бензин бичулел автозаправкабаздаги букIана бичIчIулареб, гIадан нахъгIунтIулареб хIал. ГIемерисел хважаинзабаз бихьизабулеб букIана цо къоялъ 300 литр бензиналъул бичанилан, хIакъикъаталдаги гьеб чанго нухалда цIикIкIун бичун букIун батаниги. Гьенир хIалтIулел хIалтIухъабазул букIинчIо кинабгIаги хъвай-хъвагIай, бухгалтерия хIалтIулеб букIана, законалда рекъон гуреб, хважаинасе бокьухъе. Кьолел рукIинчIо кьезе ккolел налогал. 2017 соналда букIун батани налогалъул къадар миллион гъурущ, цо лъагIалидасан гьеб цIикIкIана анцIго нухалда.*

*Гьединго загьирлъана хъвай-хъвагIай, къотIи-къай гьечIого хIалтIулел рукIарал хIалтIухъабазул къадар. ГIадамазе кьолеб букIана цIакъго дагьаб*

*харж. Гьединги гьезухъ кинабгIаги налог кьолеб букIинчIо я пенсиялъулаб, я медицинаялъулаб, яги соцстрахалъулаб – махIрум гьарулел рукIана гIадамал жидерго букIинеселдаса.*

*Гьедин хIалтIулел гIадамазул къадар 2018 соналда цIикIкIана 38 азарго чияс. Лъалаго цIикIкIана бюджеталде рачIунел налогазул къадар. Цебе республикаялъ биччалеб букIана 265 миллион гъурщил къадар медицинаялъе, хIалтIуларел гIадамазе. Гьанжейин абуни гьеб гIарцуде росана 108 «хехаб кумекалъул» машина, школазул лъималазе 95 автобус, гьединго босана 50 гьуъразул сурат бахъулеб аппарат.*

*Загьирлъана цоги гьадинаб хIужа: 6000 чи ватана унтичIев, гьересияб сакъатлъиги чIезабун, пенсия босулел. Бащдаб миллионалде щвезегIан тIадругезе гIарацги кьун, гьединаб пенсия гьабун батана гIемерал гIадамаз. Унго–унгоял сакъатал чагIийин абуни, гIемер кIал гьикъун, къо бихьун, пенсия гьабизе кIоларого ратана. Хал-шал гьабидал, гьел гьересиял сакъатлъи чIезабурал махIрум гьаруна пенсиялдаса. Гьелъул къадар бахана 890 миллион гъурущалде.*

*Коррупциялде данде гьабулеб рагъ гьабсагIатги къотIун гьечIо, араб соналде данде ккун ункъо нухалда дагьлъана ришват кьеялъул такъсирал.*

*Коррупция лъугIизаби бищунго хIажатаб суал букIун батаниги Дагъистаналда, амма цохIого-цо гьеб гуро къварилъи букIараб. КъваригIун букIана инсанасул пикраби ва гIакълу хисизабизе, цIубазабизе. КъваригIун букIана халкъалда бичIчIизабизе аралде тIокIалъ тIадруссине гьечIеблъи, хIажат рукIин лъай ва бажари бугел гIолилал. Дагъистаналдаги, тIолабго Кавказалдаго гIадаб, чIухIараб халкъ буго. Гьединлъидал, бигьаяб иш букIинчIо щивасда хIакъикъат бичIчIизабизе: кинал специалистал къваригIун ругел ва кин гьел хIадуризе кколелали.*

*Владимир Васильевасда батана гьеб масъалаялъе лъикIаб нухги – гьес гIуцIана гIолохъанал кадрабазда гьоркьоб конкурс – «Дир Дагъистан». Гьединабго цIар гьечIищха Расул ХIамзатовасул тIехьалдаги. Щай гьединаб цIар лъураб? Щайгурелъул, гьенир рукIана тIолабго Дагъистаналъул киналго рахъазулал суалал: лъаялъул, культураялъул, гIадатазул, яхI-намусалъул. Цо гара-чIвариялда Расулица абуна: «Гьаб гьанже дир Дагъистан гуро!» – ян. Щай? Щайгурелъул, чIвалел рукIана гIадамалги, къунеб букIана гIадамазулъ яхI-намусги, багьадурлъиги, ритIухълъиги, кIочон толеб букIана лъикIалщинабги.*

*ТIоцебе гьединаб конкурс гIуцIана Россиялъул президентасул Администрациялъул халгьабиялда гъоркь. Гьенив гIахьаллъана тIолабго дунялалдасанго 6000 чи. Щивас цере лъолел рукIана, батIи-батIиял сферабазда, жинди-жиндир пикруги, планги, анищги.*

*Дагъистаналда тIобитIараб конкурсалда бергьана 54 чи. Гьездаса 26 чиясе щвана лъикIал хъулухъал батIи–батIиял идарабазда: гьезда гьоркьор руго министралги, шагьаралъул администрациялъул хIалтIухъабиги, батIи-батIиял идарабазул нухмалъулезул заместителалги. Гьез гIахьалъи гьабула республикаялъулал киналгIаги ишазда, цере лъола жидерго пикраби, кин лъикI букIинебали хIасилал гьарула.*

*Дагъистаналъе церего къваригIун рукIана лъай-бажари бугел гIолилал. Цебехун гьезие нух къан букIана бетIерлъуда ругел нухмалъулез-*

*коррупционераз. Гьанжейин абуни, гьелго цIогьал-коррупционеразул бакIалцин ккуна гьез.*

*ДРялъул ХIукуматалъул председательлъун витIун вачIана Артем Здунов – гьес бергьенлъиялда нухмалъи гьабулеб букIана Татарстаналъул Минэкономикаялъе. КIванагIан хехго Дагъистан рукIалиде ккезабизе Васильевас гьанире ахIана лъикIаздаса-лъикIал специалистал, хасго Россиялъул шагьаразда ругел, бажари-лъаялъулал дагъистаниял.*

*Киналго гуро божун рукIарал цIияв президентасул хIукмаби ритIарал рукIиналда ва гьел рагIалде рахъиналда. Амма гьезул щакдари хехго тIагIана. Дагь-дагьккун республикаялде тIадруссине лъугьана, батIи-батIиял гIиллабаздалъун гьаниса ине ккарал, дагъистаниял. Россиялъул тахшагьаралъул чIухIарал кабineталги рехун тун, тIадруссана ХIажимухIамадов ХIусен – Россиялъул Минфиналда хIалтIулев вукIарав, конкурсалдаги бергьун, Дагъистаналде тIадвуссана Москваялъул цо районалда нухмалъулевлъун хIалтIулев вукIарав Салман Дадаев. Рохьилаб магIишаталъе бетIерлъи гьабизе вачIана, 20 сонилаб хIалтIул хIалбихьи бугев, гьанжелъизегIан Москва областалда централияб лесхозалъул директорасул заместительлъун хIалтIулев вукIарав ВагьабГIабдулхIамидов. Гьенир рохьал ункъо нухалда Давгъистаналдаса цIикIкIарал руго. ГIуцIана хIакъикъаталдаги букIине кколеб къагIидаялда управлениялъул аппарат, гьелъ кьолеб буго ихтияр лъалес лъалеб гьабизе. Гьел киналго, церехун Дагъистаналъе къваригIун рукIинчIел специалистазе рес щвана жидерго лъайги, гIакълуги, хIалбихьиги жидерго гIагараб Дагъистаналъул талихIаб букIинеселъе гIоло кьезе.*

*ГIемер заманаялъ чIезе ккечIо хIасилазухъ балагьун.*

*ХIинкъи гьечIолъиялъул асар загьирлъарабго, Дагъистаналде рачIине лъугьана кисанго туристал. МахIачхъалаялъул аэропорт «Уйташалъ» тIоцебе, араб соналъ, къабул гьаруна миллион пассажир. РакIалда буго, исанани гьелъ къабул гьавилин миллионгун бащдав пассажирилан.*

*ХIакъикъаталдаги Дагъистаналъул экономика борхизабиялда кIудияб бутIа лъезе буго туризмаялъ. ТIадчIун гьелъул тIалаб гьабулев чи гIемерал соназ вукIинчIо. Нилъер бугеб берцинаб тIабигIатги, батIи-батIиял гIажаибал тIабигIиял памятникалги, цо дора, цо гьанир ругел тIагIамабщинаб квен кьолел кафе-рестораналги, гьенир ругел учузал багьабиги – цоги кир ратулел! МугIрузул ахбазанги цогидал пихъалги гьанже Россиялдехун щолелго ратиларо, щайгурелъул, гьел тIагIунел руго гьанирго туристаз росун. Соналдаса соналде туристазул къадар цIикIкIунеб буго 20 проценталъ. 2017 соналъ Дагъистаналде щвана 608 азарго турист, исанайин абуни гьезул къадар бахана 850 000 чиясде.*

*КIудияб махщеллъун ва гIакъиллъилъун Васильевасул буго, кинабгIаги батIалъи гьезда гьоркьоб гьабичIого, киналго миллатал цолъизари, щибаб миллаталдаса специалистал аппараталде рачин.*

*Жиндир заманаялъулаб хIаракатчилъи президентас бихьизабуна росдал магIишаталъулал идарабаздаги. Гьелъие бетIерлъи гьабизе тIамуна ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимов – цебеккун гьев вукIана республикаялъул Совбезалъул секретарлъун. Гьес тIаде босана чIегIерхIайваналги гIиялги гIезаризе. Дагъистаналъул гIиял гьанал цIакъго къимат гьабула къватIисел*

*улкабазда. Нилъер гIиял гьан босизе бугеб гъира бихьизабуна Ираналъ, Катаралъ, СагIудиязул ГIарабиялъ ва Индонезиялъ. Ираналъул инвесторазе бокьун букIана Дагъистаналда гIиял гьанал завод базецин. Унго-унгоги исламалъул чагIазе гIиял гьан цIакъго хирияб нигIмат буго.*

*Гьелдаго цадахъ ургъулел руго гьан цIикIкIинабиялда тIадги. Цебе Дагъистаналдаса чIагоял гIиял унел рукIана рачун гьанае ричизе. Гьелъул нилъее кколеб кIудияб зарал рикIкIунев чи вукIинчIо. РосдалмагIишаталъул цIияв министр Абзагьир ХIусеновасда гьеб бачIинахъего бичIчIана. Щибаб гьанал киллоядаса камулеб букIана нусго гъурущ. Гьединлъидал, гьес хукму гьабуна чIагояб гьан бичичIого, гIиял хъвехъизе. Гьесул гьеб хIукму тасдикъ гьабуна тIадругел нухмалъулезги. Гьаниб абизе ккола, гьевги ккола «Дир Дагъистан» конкурсалда бергьаравги «Россиялъул лидер» конкурсалда бергьаравги вугилан.*

*Гьанже тIадчIей гьабулеб буго кинал ресал ратунги росдал магIишат борхизабиялда, гIемераб гIарац тIад хвезабичIого, нухал гьелъие ратиялда. Рагьун руго гIи-боцIи хъвехъулел цехалги ва гьан цо кило камичIого халкъалъухъе щвезабизе бегьулел ресалги.*

*ГIадатиял ресал ратулел руго республикаялъул экономикаги росдал магIишатги рукIалиде бачиналъе. Лъаларо, щай церехунго гьединал ресал ралагьулел рукIинчIелали, щай гьел рихьулел рукIинчIелали. ХIатта гьелъие къваригIараб жого букIана ункънусго метраялъул халалъи бугеб рахъ гьаби ва Терекалдаса лъим бачин, пиринчI лъалъазеги цогиялъеги. Цоги гьаниб абизе ккола, заманаялъулал лъим къаял ругеб мехалда ччугIа кквезе бегьуларо, гьеб мехалда ччугIа къинлъулеб заман букIуна.*

*Ран руго пиринчI хIадурун рагIалде бахъинабулел заводал. Гьанже пиринчI бичизе бегьула цохIо Россиялда гуребги, къватIисел пачалихъаздаги. ГьанжелъизегIан букIинчIо кинабгIаги санагIат Гьизляралъул пиринчI букIине кколеб даражаялде бахинабизе. Гьанже гьединал ресал гIуцIун руго. Дагьаб цебегIанги Дагъистаналъул пиринчI цIакъго гIодогIанаб багьаялде унеб букIана Краснодаралде, 10-12 гъурущ килоялъухъги босун. Гьанжейин абуни, гьелъул багьа цIикIкIана лъабго–ункъо нухалда ва гьеб гIезабулел хIалтIухъабазе кIудияб хайиб кколеб буго. Кьолел налогалги хутIулел руго Дагъистаналъе. ЦохIого-цо транспорталъухъ унаан миллионал.*

*500 миллион гъурущ биччан буго лъалъадиялъул даража борхизабиялъе. Гьеб ккола кIудияб ва къваригIараб хIалтIи. ЛъалъачIони, хъулухъ гьабичIони, букIинищха качество пихъазулги, бахчабазулги, пиринчIалъулги ва цогидалги ракьалъ нилъее кьолел нигIматазулги. Депутатаз цебе лъуна ва тIубазабуна цIолбол бачIин лъикIлъизабиги.*

*Росдал магIишат цебетIезаби бараб букIуна, тIоцебесеб иргаялда транспорталда. Республикаялда цIикIкIунеб буго къайи баччулеб транспорталъул къадарги: машанаби, гуми, маххул нухлулаб транспорт ва самолеталги. МахIачхъалаялда буго тIолабго Россиялдаго бищун хIажатаблъун рикIкIунеб портги. КъваригIун вукIана гьенивги лъикIаб лъаялъул ва хIалбихьиялъул специалист. Гьединлъидал, Васильевас гьениве тIамуна гьединаб хIалбихьи бугев Ширухан ХIажимурадов. Нилъер Каспий ралъдадасан уна кирего къайи баччулел гуми. Гьезул аслияблъун ккола нарт баччи. Васильевасда кIвана нарт баччиялъул даража борхизабизеги,*

*гьелдалъун цIикIкIана республикаялъул казнаялде бачIунеб гIарацги. ЦохIого-цо гьаб соналъул бащдаб лъагIелалъ ралъдасан гумуз баччараб нартил къадар бащалъула араб 2018 соналъ баччаралда.*

*Шагьаралъулаб транспорт букIана бича-бихъан тун. Жиде-жидерго маршруткабаз цIун букIана шагьар. Гьел чIезарулел рукIана бокьа-бокьаралъур, рукIинчIго хасал остановкаби, букIинчIо сундулъго кинабгIаги гIадлу-низам. Васильевас гьенибги гьабуна кIудияб хIалтIи. Проспекатаздаги машинабазул къадар цIикIкIун хьвадулел къватIаздаги лъуна камераби, къвакIизабуна закон хвезабулел шоферзабазда тIад лъолел штрафазул гIадлу-низам. Гьелъул хIасилалда, араб соналде данде ккун, гьаб соналъул бащдаб лъагIалида жаниб дагьлъана машинабаз чIварал гIадамазул къадар 15 проценталъ. 771 миллион гъурущ тIоцебе биччан букIана шагьаралъул нухал къачIазе. Гьелдалъун лъикIлъана нухалги, бигьалъиял ккана лъелго хьвадулезеги.*

*ЗахIматаб хIалалде ккун букIана лъайкьеялъул идарабазул ахIвал-хIал. ГIемерал соназ эбел-инсуца босулеб букIана жидерго лъималазе школалда къваригIунебщинаб. ТIахьал росизеги, школалъул буфеталда кваназеги, лъималазе биччараб гIарац кибе араб лъачIого билулеб букIана. Школлъималазе риччарал тIахьал, заман гьоркьоб арабго, базараздаги тукабаздаги рихьулел рукIана хирияб багьаялде ричулел, хIатта школазул библиотекабазул мугьру тIад ругелцин. Васильевас гьенибги гьабуна гIадлу-низам. ЧIезаруна киналго школазе къваригIараб къадаралъул тIахьал, рищана цIалдохъабазул эбел-инсул комитетал ва тIамуна гьезда хадуб халкквезе. Гьениб лъикIлъана гIаммаб ахIвал-хIал.*

*Гьеб хIалтIуда хадуб халкквезе тIаде босана Умапазиль ГIумаровалъ. Гьей йиго нилъер республикаялъул Лъайкьеялъул ва гIелмуялъул нухмалъулейлъун – вице-премьерлъун. Лъай бугей юрист хIисабалда, гьей гIемерал соназ хIалтIана ГIадамазул ихтиярал цIунулей вакиллъун.*

*ГIемерал лъайкьеялъулал идарабазда гьабуна, цебего бихьичIеб, ремонт. ГьанжелъизегIан тIад рукIарал хIакимзабазул ирга щолеб букIинчIелъулха гьелде 40-гIан соналъ. Гьелъие биччараб гIарцулги лъалкI билулеб букIана. Республикаялда ругел 1462 школазул – 700 школа ремонт гьабичIого тезе бегьуледухъ рукIинчIо, 132 школа цIакъго хIинкъараб хIалалда рукIана. ЦIияб программаялда рекъон, дагь-дагьккун рукIалиде кколеб буго школазда гьабулеб хIалтIи.*

*ХIаракатал ва хIасилазулал ишаздалъун Дагъистаналъул бюджеталда гIарац цIикIкIана 7 миллиард гъурущалъ, налогазул гIарцул къадар гъурушале – 6,5 миллирдалде 2017 соналде дамдеккум ц1ик1к1ана. Нахъе хутIараб гIарац биччана гIадамазул рукIа-рахъин лъикIлъизабиялъе. ТIаде босун буго дарабазул къадар цIикIкIинабизе 5 нухалда. ГIемерал соназ ралел рукIарал, ран лъугIулелго рукIинчIел 60 объект ран рагIалде рахъинаруна. Цо гIарцул бутIа биччана лъадал иш лъикIлъизабиялъе. Газ бачиналъе биччана 250 миллион гъурущ. Гьеб гIарцуда хадуб хал кквезе Васильевас тIамуна гIадатиял гIадамалги, депутаталги, батIи-батIиял обществабиги.*

*ГIакъилав, сундулъго ритIухълъи ва мухIканлъи бокьулев Васильев нилъер республикаялде вачIана «Россия щвана Дагъистаналде» абулаго. Цо-цоязда*

*бичIчIичIо гьел рагIабазул магIна, гьел кIалъана: «Россия кибеги ун букIинчIо Дагъистанги тунилан». КватIичIого гьездаги бичIчIана гьел рагIабазул магIна. Ахирал соназда нилъер республика цIакъго нахъе ккун букIана сундулъго цогидал регионаздаса. Гьеб бальголъилъун букIинчIо халкъалъе.*

*КIиго лъагIел гIолеб буго Владимир Васильев Дагъистаналде вачIаралдаса. КъучIдасанго хисана нилъер гIумруги, рукIа-рахъинги, гIемераб цогидабги. Гьеб нилъеда лъала ва къойилго бихьулебги буго.*

*Васильевасда лъана ва кIвана тIаса бищизе нилъер халкъалъе лъикIаб, пайдаяб, ритIухъаб нух. Гьес гьаруна гIемерал кадровиял хиса-басиял, хIинкъичIого тIаде росана захIматал масъалаби ва тIадчIун, сундухъго балагьичIого, хIаракат бахъана тIаде росарал масъалаби тIуразаризе. Нахъе ккун, коррупционеразги хъамалчагIазги цIун, гIадлу-низам хун, къоринибе кколеб букIараб нилъер улка, нилъер Дагъистан бакIаб макьидаса борчIизабуна гьес. ХIинкъичIого ва кIохIаллъичIого бихьизабуна гIумруги, яшавги, рукIа–рахъинги хисизабизе бегьулеблъи. Васильевас кьуна нилъехъе – халкъалъухъе ихтияр республикаялда ругел ресалги, санагIалъабиги, бечедал ресурсалги, берцинаб тIабигIатги – гьеб кинабго нилъеда кодоб букIине ва бихьизабуна, лъазабуна тIаде гIолеб гIелалъ гьеб киналдасаго кин пайда босизе кколебалиги. БичIчIизабуна сундулго ихтир халкъалъухъ букIин. Чанго регионаздаса цебехун борчIана нилъер гIагараб Дагъистан.*

*Гьанже кинабго буго нилъеда кодоб. Нилъее чIезарун руго къваригIарал ресалги нухалги, нилъер гIумру лъикIлъиялъе, тIадегIанаб даражаялда нилъер рукIа-рахъин букIинабиялъе. Лъуна кьучI талихIаб ва ритIухъаб букIинеселде. Республикаялда кколел лъугьа-бахъиназухъ ралагьун, щибго абизе ва гьабизе кIвечIого рукIарал нилъехъе гьанже кьуна гьелъул ихтияр ва нилъеда бараб буго тIамизесеб галул хIасил кинаб букIине бугебалиги.*

*Гьеб киналъухъго кIудияб баркала буго Владимир Васильевасе. Щивасда якъинго лъала, гьесул тадбираздалъун лъугьана нилъер республикаялда чахIиял хиса-басиял.*

**Мурад АХIМАДОВ, хъвадарухъан,**
**Республикаялъул литературиял журналазул**
**бетIерав редактор.**



## ИМАМ ШАМИЛИЛ НАИБ КОЛОСА СУРХАЙ

*Гъазаваталъе гIоло жалго къурбан гьарурал рухIал*
*хIанчIазул тIадагьал куркьбазда ина Аллагьасухъе.*
*Къурбанлъе нуж, эбелаб ракьалъе гIоло.*
***ИМАМ ШАМИЛ.***

КIодого ва чIухIун, цоцалъ къец бараб кинигин, цIаруцIунел руго зобалазде ГIарахъги Бекьдерилги мугIрул. Азар-азар соназул тарихалъе хутIарал нугIзаллъун кколел гьезда лъала гIемерал рагъалги, рекъав Тимурил, Надир-шагьасул чабхъеналги, щуго имамасул нухмалъиялда гъоркь магIарулаз жидерго эркенлъиялъе гIоло гьабураб бахIарчияб къеркьейги, инкъилабалъул рагъалги, гIеме-гIемераб цогидабги.

ЦохIо жаниблъиялда, гьеб кIиябго мегIералда гьоркьор руго ЦIатIанихъ, ИштIибури, Колоб росаби.

ЦIатIанихъ буго хунздерил тIалъиялдеги ТIануси росдадеги гIагараб рахъалда, ИштIибуриги, Колобги игьелдерил гIорхъодехун. Росаби руго тIабигIат, хасго риидал, берцинаб бакIалда. Коло росдада аскIоб, игьелдерил рахъалдехун буго гьайбатаб тIабигIаталъул, пихъил ахалги хIалухъадул лъикIаб бачIинги щолеб, жанисан кIиго лъарги чвахулеб, Лъалгъади абураб бакIги.

Гьелъ батизеги бегьула Колоб росу магIарулаз кIиабилеб Индиралда релълъинабулеб букIарабги. Гьеле гьеб росулъ, гIага-шагарго 1795-96 соназда, Малачил хъизамалда гьавуна Кавказалъул рагъул хвел гьечIел бахIарзаздаса цояв, АхIулгохIалъул шагьид Колоса Сурхайги. ГъазимухIамадгун ва Шамилгун цадахъ гъваридаб лъай щварав гьев букIана кIудияв гIалимчиги хIинкъи лъаларев рагъухъанги.

БатIи-батIиял авторaз, тарихчагIаз гьев рикIкIунев букIана Килиса, Куласа, Игьалиса, ГIашилтIаса, ЧIиркъатIаса Сурхайилан. Ахирисеб нухалъ «ХIакъикъат» газеталда хъван букIана цо политологас Шамилил наиб Сурхай вукIанин Гъуниб районалъул Кулаб росулъаян. Цо-цояз хъвалеб буго гьев кисаяли лъазабизе кIоларинцин. Руго Сурхай къадазул устар вукIун вугин, гьес хъала бан бугин щулалъул гохIдаян хъвалелги. ТIасалъугьинин гьел киназдасаго. Амма бокьилаан гьединал хъвадарухъабаз, цин хъвалелде цебе тарихиял асараздеги раккун, лъалареб жо мухIкан гьабизе. МухIканлъиялъул мурадалда, рехсезе бокьун буго Гъазигъумекиса ГIабдурахIманил, Шамилил яс Написатил росасул, ”Китаб-ат-тазкира” тIехьалдаса хъвай-хъвагIай. “Колоб росу буго борхатаб лабаллъуда. РикIкIадасан, накIкIилцIулал кIкIуйдуца чIегIер гьарурал рукъзал, гIалхул чундузул нохъазда релълъун рихьула. Гьеб росулъа ккола нилъер цIар рагIарав рагъухъан Сурхай,

имам ХIамзат чIван хадуб, Дагъистаналъул жамагIатал Шамилие гъа базе данделъараб ГъоркьокIкIал абулеб бакIалда имамлъиялде вихьизавурав лъабабилев чи. Живго Шамилица тIалаб гьабулеб букIана Сурхайица имамлъи гьабизе. Гьесулъ рукIана цевехъанасе хIажатал, нилъер тIахьазда рихьизарурал бахIарчилъиги, ритIухълъиги, лъайги, яхIги, кIалъазе лъай гIадинал ва цогидалги шартIал"…

Россиялъул кверщаликье ккунгутIиялъе гIоло Кавказалъул магIарулаз халатбахъараб къеркьей гьабуна. МагIарулал рагъулел рукIана гIицIго Кавказ мутIигI гьабизе рачIарал гIурусазде данде, эркенлъиялъе гIоло, гIагараб ракьги динги цIунун, зулму хIехьезе бокьичIого. ГIурусазде тIаде кIанцIун, гьезул ракьал рахъи, яги Россиялдеги ун, гьезулгун рагъ гьаби магIарулазул мурадлъун букIинчIо.

Кавказалъулгун Россиялъул рукIарал рагъазул хIисаб гьабураб мехалъ, рачIунел руго гьадинал суалал: КъваригIун букIарабищ Россиялъул халкъалъе, захIматчагIазе, яги Россиялъул армиялда рукIарал мухъилал аскариязе, яги гьезул эбел-инсуе Кавказалъул рагъ? Сундуе ва лъие гIоло гIурусазул армиялда рукIарал солдатаз жидерго рухI кьураб Кавказалъул мугIрузда? Киналха рукIарал XIX-аб гIасруялда Кавказалъул рагъда гIурусармиялъул камиял?

Лъабкъоялдаункъгосонилаб Кавказалъул рагъулъ киналниги камиял рихьизарулел руго гьадигIан: чIварал офицерзабазул къадар 804 чи, мухъилал – 24I43 чи, лъукъарал офицерзабазул – 3154 чи ва мухъилал – 6I97I чи; асирлъуде ккарал офицерзаби – 92 чи, мухъилал – 5915 чи. Лъукъаразулги цIикIкIарасел хвана, гьезул къадар мухIканго лъазабунцин гьечIо.

Бищунго цIикIкIарал камиял гIурус армиялъе ккана 1839 соналъул июнь-август моцIазда АхIулгохIда. Кавказалъул – мугIрузул рагъулъ 1844 соналъ (Даргъоб ккараб), ай жинда "Сухариялъул" абун цIар лъураб рагъулъ чIваразулги лъукъаразулги къадар бащалъана 3809 чиясда. Гьеб ккола кIиго нухалъ цIикIкIараб къадар кIиго соналъ персазулги россиялъулазулги букIараб (1826-1828 гг.) рагъулъалдаса.

Чияр ракьалдеги рачIун киса – кирего гьез ралел рукIана хъулби, жидерго аскарал ине, гIарадаби рачине гьарулел рукIана рагъул кIваралъул нухал. БакIалъул гIадамаз дандечIей гьабизе, разилъи гьечIолъи лъазабизе гьабураб кинаб бугониги къасд баккулаго чIинтIизабулаан, тамихI гьабун, боцIи бахъулаан ва росаби чIунтизарулаан.

Дунялалъул тарихалъул хIисаб гьабуни, гьединаб къварилъи жиндирго халкъалде бачIараб мехалъ, кидаго камуларо халкъ цолъиялде, эркенлъиялде ахIулевлъун, букIиналъе хIадурав бахIарчи. Гьединавлъун вукIана Генуса ГъазимухIамадги.

ШаригIат тIибитIизабулел ГъазимухIамадида цадахъ байбихьуда гIемерисел гIолохъаби рукIана Генуса, Унсоколоса, ГIашилтIаса, ЧIиркъатIаса, Балахьуниса, Рихьуниса, Инхоса, МелъелтIаса, ГьоцIалъа ва цогидал Авар ва ГIанди гIоразул Сулахъалде гIагарлъулеб жаниблъиялда ругел росабалъа. Ярагъияв Унсоколове вачIун гIемер заман балалде, байбихьана гъазаваталъе бетIерлъи гьабизе имам вищизе хIадурлъи. Хьиндаллъиялъул, НахъбакIалъул, Гумбеталъул ва цогидалги ракьаздаса Унсоколоре ракIарана цIаларал чагIи, мутагIилзаби, гIолохъанаб гIел, ахIун вачIана Гъазигъумекиса Жамалудинги.

Гьедин байбихьана Дагъистаналда шаригIат тIибитIизабиялъе гъазават имам ГъазимухIамадил бетIерлъиялда гъоркъ 1830-абилеб соналъул байбихьуда.

ГъазимухIамадида цадахъ рукIана гъваридаб лъайги гIакълуги бугел, жидее ватIанги хириял гIолохъаби. ШаригIат билъанхъизабизе лъугьинги букIана цебетIураб, законалъул кьучIалда гIуцIараб гIумру гьабизе бокьилъун.

Гьезда гьоркьор рукIарал киназулго тIубараб баян гьечIо, амма гьезул бищунго аслиял гIемерисезул цIарал рехсон руго батIи-батIиял асаразда. Гьел ккола Генуса Шамил, ГьоцIалъа ХIамзат, Унсоколоса ГIалисултан, МелъелтIаса ХIадис, Генуса Юнус, Инхоса НурмухIамад, Харахьиса ГIалихIажи, ГIашилтIаса ГIабдула, Игьалиса СагIидги ХIамзатги, Колоса Сурхайги, Хунзахъа Хириясул ГIалибегги, Ахъбердил МухIамадги, ТIелекьа КъебедмухIамадги, КIаратIаса ГъалбацIдибирги, ГIандиса Гъазиявги ва цойгидалги.

1832 соналъул 17 октябралда Гендерил кIкIалахъ бахIарчияб хвелалдалъун шагьидлъана Дагъистаналъул тIоцевесев имам ГъазимухIамад.

КIиабилев Дагъистаналъул имамлъун халкъазул вакилзабазул данделъиялда вищана ГьоцIалъа ХIамзат. Бищунго гьесул квер чIвалел чагIилъун рукIана Гъойсубулиял, гьезул кинабго гьабулеб жоялъулъ тIоцевесев чи – Шамил ва бищунго божарал, рагъулъ хIадурарал муридал: Игьалиса СагIид, ГIашилтIаса ГIабдула, Колоса Сурхай, Хириясул ГIалибег ва гьел гурел цойгидалги.

1834 абилеб соналъ 7 сентябралда рузманкъоялъ Хунзахъ мажгиталда жанив чIвана Дагъистаналъул кIиабилев имам ГьоцIалъа ХIамзат.

Гьебго соналъ 20 абилеб сентябралда, ГIарахъмегIералда гьоркьокIкIал абулеб бакIалде (гьеб ккола Хунзахъ районалъул ТIануси росдадаги Унсоколо районалъул ЦIатIанихъ росдадаги гьоркьоб бугеб бакI), ракIарана жамагIатазул вакилзаби ва муридазул церехъаби цIияв имам вищизе. Гьезда гьоркьор рукIана Шамил, Игьалиса СагIид, ГIашилтIаса ГIабдулагь, Колоса Сурхай, ЧIикIаса КъурамухIамад, ГьоцIалъа Худанатил МухIамад, ТIелекьа КъебедмухIамад, Къарахъа ГIабдурахIман, КIкIаратIаса ГъалбацIдибир, ГIандиса Гъазияв ва гьел гурел цойгидал муридалги.

КIалъазе рахъараз киназго имамлъун вищизе вихьизавуна Шамил. Амма Шамил разилъичIо имамлъи гьабизе. Гьев рази вукIана имамасул кумекчилъун вукIине. Шамилица имамлъун вукIине мустахIикъавлъун вихьизавуна Игьалиса СагIид. СагIидица инкар гьабуна имамлъи гьабизе Шамилил гIадаб бажари жиндилъ гьечIилан. РазилъичIо имамлъи гьабизе Колоса Сурхайги, жиндаса гьелъие мустахIикъав Шамил вугин. РазилъичIо имамлъи гьабизе Гъазиявги. Цинги Шамилил рес букIинчIо имамлъиялдаса инкар гьабизе. Хадуб Шамил имамлъун вищи тасдикъ гьабуна гIещдерил мажгиталда ва загьир гьавуна халкъалъе.

1837 абилеб соналъул маялда Темир-Хан-Шураса генерал Фезел бетIерлъиялда гъоркь къватIибе бахъана Шамилиде ва мутIигIлъуларел магIарулазул росабазде данде пачаясул армия. Маялъул ахиралде Фезеги Мехтулиялдаса АхIмадханги рагъухъабазул къукъабигун щвана Хунзахъе.

Фезеца хIукму гьабуна Дагъистаналда мугIрузул халкъазул данде чIей лъугIизабизе. Гьелъие гIоло гьес битIула цо бутIа аскаразул ТIелекье

Гъазигъумекиса МухIамадмирза-ханил ва АхIмад-ханил милициягун. Къородисезул кьотIасан, цойгияб рахъалдасан гьенирего уна муридзабигун цадахъ Шамилги Ташав ХIажиги.

Шамилица, нагагь пачаясул аскарал Гъойсубулиялде тIаде кIанцIани, гьел нахъчIвазе муридзабазе бетIерлъи гьабизе тун вукIуна Колоса Сурхай.

1836 соналъ Гъойсубулиялъул ракьалги гIурусаздаса эркен гьарун, гьелдаго цадахъ дандечIарал росабазул гIадамалги мутIигI гьарун, Шамилица Гъойсубулиялъул наиблъунги Унсоколо росдал къадилъунги тIамула Колоса Сурхай, Шамилил цевегосев гьудул ва гьесул пикраби гIахьал гьарулев чи. (Гьеб букIине ккола 1836 соналъул июнь моцI) Гъойсубулиялъул наиблъиялде гъорлъе унаан Къудукь, ГьаракIуни, ХарачIи, МокIсохъ, Унсоколо, ГIашилтIа, Генуб, Зирани, Балахьуни ва цогидал росабиги.

Доб заманалда имамас кIвар кьолеб букIана тушманасде батIи-батIиял рахъалдасан тIаде кIанцIизе санагIатаб Гъойсубулиялъул наиблъиялде. 1837 соналъул щуабилеб июналда ансадерил кIкIалахъ рагъ ккана Хунзахъан бачIунеб генерал Фезел аскаралъулгун. Гъойсубулиялъул чанго нусго чияс дандбитIараб борхалъиги ккун, гIурусазде гьужум гьабула. Цинги Фезеца хIукму гьабула муридазда нахъасан ХарачIи росдадаса рикIкIад гьечIеб бакIалдасан Унсоколоб нух бахъизе. Гьеб бичIчIарав Сурхайица гьезде данде ритIула муридазул къукъаби. Гьениб рагъги гьабун, муридаз гьел нахъе чIвала. Фезеца хIукму гьабула магIарулазул къокъа сверун кквезе. Гьесул хиял бичIчIарал муридал Бекьдерил магIарде нахъе къала ва Бекьилъ росдада аскIоб кIудияб би тIей ккола. Гьеб тунка-гIусиялъулъ гIурусазе кIудиял камиялги ккола.

Апшероналъул полкалъул тарихалда хъвалеб буго: цо чаналиго нусго мурид, дандбитIараб мегIерги ккун, гIурусазде кьвагьданилан ва ГIашилтIехун нахъе къанилан, гIурусаз Бекьилъ росуги бахъун, росдал гIадамазул буголъи ва боцIи бахъанилан. Бихьулеб букIахъе гIурусазул кIудияб армиялде данде дагьалго муридазул хIал гIолеб гьечIо. Колоса Сурхайицаги, Хириясул ГIалибегицаги, МухIамадгIалицаги хIукму гьабула ГIашилтIа росуги щула гьабун тушбабазде данде рагъизе.

“9 июналда генерал Фезе Бекьдерил магIардасан ГIашилтIе гъоркье вачIунев вукIана. 4 километралъ росдадаса рикIкIад, бекьдерил лъарал квегIаб рахъалда, ракIарун рукIана муридазул къукъаби, Гъойсубули, Гумбет росабазул ва цогидал жамагIатазул гIадамал Уди-дибирасул, ГIалибегил, Сурхай-къадил ва МухIамадгIалил бетIерлъиялда гъоркь.

Муридаз ккураб щулалъи букIана бахъизе кIолареб: кваранаб рахъ букIана Бекьдерил мегIералъул кьуру, рагъизе ккураб бакI букIана борхатаб, тIун араб лъарал рагIалгун, гIандадерил гIурулъе жубазегIан, квегIаб рахъ лъугIулеб букIана гъваридаб чи унареб кIкIалгун» «Апшероналъул полкалъул тарих».

Росу бахъизе пачаясул аскарал тIаде щвелалде ГIещдерил гIадамаз щула гьабулеб букIуна росу: нуцIби ва гордал рацулел рукIана ганчIица, тIохал щула гьарулел рукIана риццатал чIалабаз, къватIазда гьарулел рукIана щулалъаби ва чIахIиял ганчIил сангарал. Щибаб рукъалъул къадазда гьарун рукIана тункIал речIчIизе бакIал. Рукзал рукIана къватIазда гьарурал щулалъабаз цолъизарун.

Апшероналъул полкалъул тарихалда хъвалеб буго: "ГІашилтІа росу цІунаразул къадар букІанила 2000 бахІарчияв мурид, жал гьедарал: яги бергьине яги хвезе. Киналго къватІазда байбихьана гІасияб кверзулаб рагъ. Щибаб рукъ бахъизе кколеб букІана тІаде кІанцІун. Рагъун свакарал муридал нахъе къалел рукІинчІо ва хираго кьолеб букІана жидерго гІумру". Чанго сагІаталъул гІодобе би тІураб рагъдаса хадуб муридал нахъе къала росдада нахъа бугеб борхалъиялде.

Цинги цІидасан, жидерго рагъул церехъабазул ахІиялда рекъон, гІурусазде тІаде кІанцІула анлъго нухалъ, хвалчабиги рахъун, щибго хІинкъи гьечІого, цІидасан росу бахъизе; щибаб нухалъ гьезде дандчІей гьабулаан гІурусаз хучдуздалъун. Амма цІикІкІараб къуваталде данде хІал гІечІо муридазул, гьел нахъе къазе ккана: цоял ЧІиркъатІа росулъе, ГІандигІоралда тІасан лъураб къотІасан, цоял-гІандигІурул кваранаб рахъалде, цогиял Басрияб АхІулгохІтІе. ГІашилтІа гьабураб рагъулъ гІурусазе ккана кІудиял камиял: чІваразул 28 мухъилав, лъукъаразул 9 офицер ва 107 мухъилав, гІакълуялдаса арав цо офицер ва 30 мухъилав.

Муридазул чІванин хъвалеб буго «Апшероналъул полкалъул тарихалда» 87 чи.

12 июналда пачаясул аскараз байбихьана Басрияб АхІулгохІде гІарада базе. Муридазул къуват гІечІо гІарадаялде данде рагъ гьабизе. Басрияб АхІулгохІ бахъун хадуб, Фезеда ракІалде ккола гІешдерил ахалги росуги чІунтизабун, рагъул сурсат тІаде щвезегІан Унсоколовеги ун балагьун чІезе. Гьебго заманалда, муридазул ахІиялда рекъон, ГІандигІурул мухъалда ругел тІиндал, кІкІаралал, ансалтІисел ва цойгидалги росабазул гІадамал ТІиндиса ГІаличул МухІамадил бетІерлъиялда гъоркь игьелдирил кьотІасан ГІандигІорги бахун цолъула ГІалибегилги Сурхайилги рагъухъабигун. Сурхайилги, ГІалибегилги, ГІаличул МухІамадилги рагъухъабаз 16 июналда гІурусазде гьужум гьабула, гьебго заманалда Бекьдерил магІардасан нахъасанги рачІун сверун кквезе къасд гьабула муридаз, цин гулбузул ирга биччала тушманасде, цинги хвалчаби–хунжрулгун хІинкъи гьечІого гъорлъе журала. Рагъ халалъула гьоркьоб къотІичІого 24 сагІаталъ, гІурусазул аскаралъе ккола кІудиял камиял. ГІурусазул баяназда рекъон (гьез кидаго дагь рихьизарула камиял): чІварав цо офицер ва 32 мухъилав, лъукъарал: лъабго офицер ва 93 мухъилав, гІакълуялдаса инавурав: 3 офицер ва 35 мухъилав.

ГІашилтІа росдада аскІоб ккараб рагъулъ лъукъула ГІаличул МухІамадги Сурхайги. ГІурусазул аскараз ГІашилтІа росуги бахъун, гьеб чІунтизе гьабула, хвезарула ахал, амма гьеб ГІешдерил росуги Басрияб АхІулгохІ бахъиги гІурусазе хираго чІола. Гьезие ккола кІудиял камиял: чІвана 4 штабалъул, 26 гъоркьияб даражаялъул офицер ва 1000 бахараб къадар салдатазул «Апшероналъул полкалъул тарихалъул баялде, история,том I,гьум.472).

Генерал Фезе аскаргун бекьдерил магІарда аскІоб лагерги ккун чІола. Гьесул аслияб мурад букІуна магІарул росаби мутІигІ гьари. ГІицІго кІиго моцІидасан кІола гьесда ЦІатІанихъ, ГІочІлоб, Колоб, Ишт1ибури росаби мутІигІлъанин рикІкІине.

1837 абилеб соналда ТІелекь ккараб рагъдаса хадуб, гІурусазулгун рекъелги гьабун, имам Шамилица бо биххизе биччана ва живго тІад вуссана

Генуве. Пачаясул генералзабазул унго-унголъунги божилъи ккана гъес хадуккунисеб къеркьеялдаса инкар гьабиялда.

Доб заманалда Закавказиялде сапар бухьун букІана Россиялъул пача НикІалай I-с. Пачаясул рагъулаб нухмалъулезда ракІалде ккана гьевгун дандчІвазе ва гьесие мукІурлъиги ритІухълъиги загьир гьабун Тифлисалде ине имам Шамил гьесизавизе.

Гьеб соналда хурхун имамасулгун гара-чІвари гьабизе тІадкъана Шималияб Дагъистаналда рукІарал аскаразул начальник генерал-майор Клюки-фон-Клюгенауда.

Генерал Клюгенауца Шамилихъе хъвала кагъат дандчІвазе ругеб бакІалъулги заманалъулги рахъалъ. Шамил гьелда разилъула.

Тарихияб дандчІвай ккана 1837 соналъул 18 сентябралда къад, сагІат кІигоялдаса хадуб Гендерил парсазда бугеб "РугІритІа" абулеб бакІалда, иццуда аскІоб, гъотІода гъоркь. Гьеб бакІ буго Генуса Хъаранибе унеб сухъмахъалда гъоркьехун.

Данделъиялде пачаясул генерал вачІуна цадахъ 15 рагъухъанги вачун Хъаранисан гІодове, имам вачІуна дагъалго муридзабигун Генуса тІаде вахун. ГІемер кватІичІого, 200 муридгун цадахъ тІаде щола Ахъбердил МухІамадги.

АхІичІого вачІарав Ахъбердил МухІамадил бо бихьидал генерал цІакъ хІинкъун ва рахІатхун лъугьуна. Гьес Шамил имамасул инсул вац Бартиханида гьикъула: "Дун нужер гьобол хІисабалда нужеца цІунизе гьечІищ?" – ан. Муридаз, зарал гьабизе гьечІин, гьев гІодове виччазе гьавула.

Шамил кинго разилъуларо пачаясулгун дандчІвай гьабизе, щайгурелъул генералзабазда божизе бакІ букІинчІого.

"Шамил Кавказалдаги Россиялдаги" абураб биографиялъул очеркалда, М.Н.Чичаговалъ гьадин хъвалеб буго: "Гьеб данде чІваялда вукІана генерал Клюкил адъютант поручик Евдокимов. Шамил кверде восулеб мехалъ Гъуниб вукІинесев хІаракатав гІахьалчи.

ДандчІвай лъугІун хадуб, Клюкиги Шамилги буртинаялдаса тІаде рахъана ва къо-мех лъикІ гьабизе лъугьана. ТІоцевесес бегьана имамасухъе квер. Шамилие бокьана квер босизе, амма гьениб ккана лъугьа-бахъин, нилъерал киналго гІумруялдаса ратІалъизе бахъараб.

Цо лахІзаталда жаниб мурид Сурхайица цІар рагІараб бахІарчилъиялъе гІоло магІарулаз кІудияб хІурмат гьабулев Шамилил квер нахъе цІана имамас капурзабазул квер босизе бегьуларин. Хехго ццидахунев генерал Клюки-фон-Клюгенаул кутакалда ццим бахъана, эхедеги борхун хьвагІана жиндирго гІанса Сурхайиде. Цо лахІзаталда ботІролъ кьабуралъ бортилаан Сурхайил чалма, гъваридго диналда божулев муридасе гьеб букІинаан кутакаб хІакъирлъи; гьесул ханжар, щаклъи гьечІого, къалаан бахІарчияв генераласда. МагІарулал цІиркъал гІадин кІанцІана жидерго церехъабазде аскІоре, нилъеразул гІумруялъе букІана хІинкъи. Гьеб лахІзаталда гІицІго Шамил лъугьана гьел хвасар гьарулевлъун: цо кьералъ гьес ккуна гьаваялда букІараб гІанса, цойгиялъ Сурхайил ханжар ккун букІараб квер, муридазде гьаракь гьабуна нахъе къаян ва генераласда гьарана аян. Амма ахирисев, гІемер ццидаххияналъ хІинкъиги кІочон, Сурхайиде хьандезе лъугьана. Векерунги вачІун, поручик Евдокимовас чухъил квенчІелги ккун нахъеги

вачун, живго чIана Шамилгун кIалъазе. Гъединаб букIана кIиго чиясул тIоцебесеб лъай-хъвай, хадуб Гъуниб цоги хIалалда данделъизе ккарал".

Гъаб дандечIваялъул гIахьалчи, генерал-майор Клюки-фон-Клюгенаул адъютанат Евдокимовасул бихьизабиялда рекъон, имамасул квер босизе генераласе квекIен гъабурав чи ккола Колоса Сурхай. Амма цо-цо художественниял асаразда хъвалеб буго гьеб квер босизе течIев чи вугин Ахъбердил МухIамадин. Шамил Клюкигун гара-чIвариялда вугеб мехалъ, Ахъбердил МухIамад вукIана 200 муридги вачун вачIун, гьездаса рикIкIада гьечIеб бакIалда.

ГIашилтIа росуги Басрияб АхIулгохIги тушманасухъе щведал, муридал дагь-дагькkун ракIаризе байбихьана ЧIиркъатIа росдадаса рикIкIада гьечIеб бакIалде. ГIандигIоралда тIасан ЧIиркъатIе лъураб кьоялде гIагараб бакIалда чIелги гьабун чIана гьел.

Шамилица гIуцIараб Имамат тIубараб пачалихъ гIадин гIуцIун лъугIана ЧIиркъатIе гочараб мехалъ. Гьениб букIана гьезул чIолеб бакI, гьенибе баччун букIана Имаматалъул хазина, гьенисан кьолаан буюрухъал, гьенире рачIунаан ШаригIаталъул тIадегIанаб судалъул хIукмаби къотIизе ва гьенир тIоритIулаан данделъаби.

ЦIакъго цIикIкIарал Имаматалъул суалал гьоркьор лъезе гIуцIун букIана гIаммаб совет - Диванхана.

Гъединаб гIаммаб шаргIияб совет гIуцIцIун букIана ГъазимухIамад имамасул заманалдаги.

1837 соналъ Диванхана цIигьабун гIуцIана дагьабги гIатIид гьабун, цIикIкIун гIадамалги гъорлъе рачун. ЦIикIкIарасеб мехалъ гьеб советалъе нухмалъи гьабулаан живго Шамилица, гьесул имгIал Бартиханица яги Колоса Сурхайица.

Гьел гурелги, кидагосел Диванханаялъул гIахьалчагIилъун рукIунаан Хириясул ГIалибег, Унсоколоса ТIагьир, Генуса Ибрагьимил ХIосен. ЧIикIаса Ражабил МухIамад, ГIандиса Гъазияв, Хунзахъа Ахъбердил МухIамад ва цогидалги.

ЧIиркъатIе ракIарарал муридаз хIукму гьабула тушманасде данде къеркьезе, имамасда цадахъ мугIрузул халкъазул эркенлъиялъе ва нилъерго диналъе гIоло рагъизе. Шамилида цадахъ цолъула гьесул наибал: Колоса Сурхай, Хириясул ГIалибег, Ахъбердил МухIамад, Ташав ХIажи ва цойгидалги. Сурхайил букIуна кIудияб махщел рагъуе гуребги рагъуе щулалъаби ва сангарал разеги. Гьесул нухмалъиялда гъоркь хIадурун букIуна 1837 соналъ тушбабазухъе ккараб Басрияб АхIулгохIги. Сурхайил муридаз бихьизабуна кIудияб бахIарчилъи ва рагъуе махщел ГIашилтIа генерал Фезеда данде гьабураб рагъулъги. Гьесдаго цадахъ вукIуна бахIарчияв наиб Хириясул ГIалибегги.

Гьел рукIана, цогидал наибалго гIадал, шаригIаталъе рухI кьезе хIадурал бахIарчиял наибал ва Шамилил божарал, хIинкъи лъаларел рагъул церехъабиги.

Сурхай вукIана гъваридаб гIелмуялъул гIалимчиги ва Шамилил цевесев гIакълучиги. Гьесда бихьулеб букIана пачаясул гIарадабазде данде муридазул хвалчадул къуват гIолареблъи. Шамилил букIинчIо гIарадабазда данде лъезе ярагъ. ГIурусазул аскараз щибго барахщичIого гIарадабиги речIчIун

рухIулел рукIана магIарул росаби ва чIвалел рукIана гIадамал. Муридазухъе бахъизе щвараб гIарадаялъеги къваригIунеб букIана гулла–ххер ва гьеб кьвагьизе, речIчIизе ругьунал гIадамал. Гьединлъидал Шамилида дандги бан Сурхайица ритIула ГIарабустаналде диниял гIолохъаби 1837 соналъул кIиабилеб бащалъиялда, Маккаялде хIежалде унел ругин багьанаги батун, Египеталде, Турциялде ва Персиялде щуго чи гIарадабиги ва гIарадабазул гуллбиги гьаризе ругьунлъун рачIайилан. Гьединабго къагIидаялъ тIубазабула сапёрал ругьун гьариялъул масъалаги. Сапёразул махщелалъе ругьунлъизе Египеталде ва Турциялде витIула лъабго чи.

ГIашилтIа росуги Басрияб АхIулгохIги пачаясул аскараз бахъун хадусала Шамилги наибалги ургъула рагъуе хIадуризе бакI балагьизе. Шамилида бичIчIулеб букIана гIурусазулгун рагъ жеги цебе букIин ва ургъулев вукIана гьелъие санагIатаб бакI балагьиялда тIад. Цо-цояз рикIкIунеб букIана Чачаналде рохьаздеги ун рагъизе лъикIилан, цойгияз -Дагъистаналда чIун лъикIилан. Индиралдаса Ташав ХIажил пикрабазда рекъон чачаназул рохьал рикIкIунел рукIана рагъуе лъикIаллъун, щайгурелъул Дагъистаналда рагъизе захIматго букIиналдалъун. Амма Сурхай разилъулев гьечIо гьеб пикруялда, Дагъистаналда щибаб росу щулалъи букIиналда ва муридазеги пачаясул аскаразеги цого захIмалъаби рукIиналда бан.

Къарахъа МухIамадтIагьирица гьадин хъвалеб буго гьелъул хIакъалъулъ: “ГIалимзабаз, муъминзабаз гIакълу данд бана. ГIемерисез Чачаналде гочун лъикIилан абуна. Шамил гьелда разилъичIо, нилъерго бакIалда цо бакIги ккун, ракI разияб куцалъ гъазаватги гьабун, шагьидлъи босун лъикIилан. Гьелда тIад рекъана кIудияв гIалимчи Колоса Сурхайги. Гьезул хIукму ккана АхIулгохI щула гьабизе”.

Шамилилги наибзабазулги цадахъаб хIукму ккола АхIулгохI щула гьабизе ва гьеб Имаматалъул тахшагьарлъун лъугьинабизе. Шамилги, Ахъбердил МухIамадги, Сурхайги АхIулгохIде уна. АхIулгохI щула гьабизе Шамилил нухмалъиялда гъоркь тIаде босула Сурхайица. Гьес рагIи кьола АхIулгохI тушманасда квер базе кIолареб хъалаялде буссинабизе.

Дагъистаналъул росабалъа байбихьана ЧIиркъатIе рачIине хIалтIухъаби, къадахъаби, устарзаби. Гьенире гьел ритIулел рукIана Шамилил наибаз. Наиб Сурхайил нухмалъиялда гъоркь байбихьана ЦIияб АхIулгохI щула гьабизе. АхIулгохIда гьарулел хIалтIаби балъго цIунун рукIуна.

Гьелдаго цадахъ Сурхайица байбихьана ЦIияб АхIулгохIда чIезаризе рагъуе къваригIунел шартIал ва сурсатал. Бищунго цебе чIараб масъала букIана тункIиххер гьаби. Гьеб къваригIунеб букIана рагъуе гуребги, тушман вачIунел нухал кьвагьизаризе, АхIулгохIда гьарулел хIалтIабазе квекIен гьабулел хъитIал ва тIалаби рихххизаризеги.

Сурхайида ричIчIана Басрияб АхIулгохI щула гьабулаго ккарал гъалатIал. Гьединлъидал гьес байбихьана тIасан балагьарав чиясда щибниги бихьулареб хIалалъ, гохIда жанир щулалъаби гьаризе, гьел щулалъабазде ракьуда гъоркьан нухал гьаризе. Гьелдаго цадахъ ракьулъ бана кIудияб мажгитги. АхIулгохIде гочана Шамилил, наибазул ва муридазул хъизамал. Гьел киналго жанир чIезе ракьалда гъоркь рана рукъзал. АхIулгохI буссана щулияб, халатбахъараб тушманасул тIадекIанцIи нахъчIвазе кIолеб сангаралде. Сурхайие кумек гьабулеб букIана Дагъистаналъулги

Чачаналъулги устарзабаз. Щула гьарулел рукIана тушман тIаде кIанцIизе бегьулел бакIал, орал рухъун, хIадурана тункIал кьвагьизе къадалъан бакIал, къачIана ракьалда гъоркьан щулалъабазде ва нохъазде унел нухал.

Хасел иналде АхIулгохI щула гьабун лъугIизе кколаан. БичIчIулеб букIана ихдал пачаясул аскараз мугIрузде гьужум гьабизе букIин. Щибаб къоялъ рачIине лъугьана АхIулгохIде батIи-батIиял росабалъа хъизамал. АхIулгохIде гочана гIешдерил гIадамал. АхIулгохIде рачIунаго гьез рехун тана жидерго рукъзал ва магIишат. Гьезда лъалеб букIинчIо жал нахъе хутIулищ яги хутIуларищали. Амма гьел хIадурал рукIана эркенлъиялъе гIоло рухI кьезе.

АхIулгохI буссана щулияб хъалаялде. Гьенисан ралагьаразда берда цебе букIана кинабго сверухълъи. Амма АхIулгохIда ругел рихьулароан лъиданиги. Гьедин къачIан букIана АхIулгохI рагъуе. 1838 соналъул хаслихълъиялде АхIулгохI щула гьабун лъугIана. ГIадамал жанир чIезе рукъзал гьарун рахъиндал, Сурхай цIидасан вуссана рагъул сангарал щула гьаризе.

АхIулгохIде тIаде балагьараб борхалъи цолъулеб бакI букIана гъваридго бухъун, тушман тIаде вахунареб хIалалъ. Амма Сурхайида бичIчIулеб букIана АхIулгохI цIунизе ккани, гьеб борхалъи щула гьабизе кколеб букIин. Гьеб борхалъи кквезе кIвани, тушманасе АхIулгохIде нух букIинчIо.

АхIулгохIда гьарулел хIалтIаби лъугIаралго, Сурхайица байбихьула АхIулгохIде тIаде къулараб борхалъи щула гьабизе. АхIулгохI щула гьабулеб букIараб хIалтIул къуват рехана Щулалъул гохIде. Бигьаго букIинчIо Щулалъул гохI щула гьабизе къваригIараб тIагIел-алат гохIде щвезабизе. Квараца рухьун, цоцахъе кьун щвезарулел рукIана ЩулалъулгохIде гамачI, чIалаби. Руччабаз гIертIаз баччулеб букIана лъим ГIашилтIа лъарахъа бахъараб, гьединго гач, сали. АхIулгохIда букIинчIо лъим. Гьединлъидал Сурхайица хIукму гьабуна ракьулъ гъваридаб ганчIил гъуй гьабизе лъел нахърател цIунизе. Цо рахъалъан гьелъ кумек гьабуна ГIашилтIа лъарахъа бахъараб лъим баччулел рукIарал руччабазе, цойги рахъалдасан гьеб букIана лъетIе нух къотIани нахърателалъе букIинесеб лъим. Кьурда тIад бараб, Сурхайил хъалаян жинда цIар тараб щулалъи балагьун букIана АхIулгохIалде тIаде. Божизе кIолеб букIинчIо гьеб гIемер кIудияб гуреб щулалъиялде аскIобе тушманасда къазе кIвеялда.

ГIицIго цо-цоккун инсан вахине бегьулеб борхалъиялда бан букIана Колоса Сурхайил цIар лъураб си.

ГохI щула гьабун хадуб, Сурхайица байбихьана щулалъи цIунулел муридазе чIезе бакI хIадуризе. ЧIезаруна гьезие рагъулги кванилги сурсаталги.

1839 соналъул ихдал гIурусаз хIисабалде росула магIарухъ чIахIиял рагъал тIоритIизе. Гьез гьабулеб хIадурлъи имамасеги балъголъилъун букIинчIо. Гьес киналго ресаздаса пайда босулеб букIана тушманасдаса магIаруллъи цIунизе гIоло.

Шамилихъе хабар щола пачаясул аскарал ихдал мугIрузде рачIине хIадурулел рукIиналъул. Шамилие бокьун букIана гьел рачIине магIарухъе Салатавиялъул росабалъан, пачаясул аскаразе бищунго захIматал нухаздасан. Шамилицаги хIукму гьабула Буртунайги Аргъваниги щула

гьарун, Граббел аскаразде данде рагъизе. Гьеб мурадалда гьезде данде Шамилица витIула 1000 муридгун Сурхай. Муридзабаз хвезарула нухал, кьоял; гьарула щулалъаби тушбаби мугIрузде рачIинчIого рукIиналъе, лъазабула пачаясул армиялъул рагъул къуват, ярагъ, гIарадаби – кинабго рагъул сурсат. Гьелдаго цадахъ муридзабаз гьабула гIурусазулгун хвалчадулгун хонжрол рагъал, санагIалъи кканщинахъе тIаде кIанцIулел рукIана кираялде, гьезул рагъул ва кванил сурсатал рахъизе.

16 маялда Шамил Буртуналде вачIана, аслияб къуваталдаса тIасарищарал муридазул 200 чиги цадахъ вачун. Наиб Колоса Сурхай вукIуна Буртунай росдал гIадамалгун цадахъ рагъуе росу щула гьабулев. Гьев имамгун дандчIвала ва гьесда бицуна жиндирго бодуе жинцаго кьурал буюрухъазул хIакъалъулъ. ГIалибегил рекIаразе (кидаго рагъда гIахьаллъулеб полкалъе) гьес буюрухъ кьун буго Гуни-Гертмаялда тIадехун ругел мугIрузда чIайилан ва гьенисан Гебек – хъаладул щобда ва Инчха росулъ постал лъейилан. Гьесул рекIаразе кумекалъе кьураб Салатавиялъул бодул нусго лъелав рагъухъан Гертмаялдаги тун вуго. Салатавиялъул бодул хутIарал рагъухъабиги кIаратIисезул боги чIезарун руго ТIеренлъул кIкIалалде тIаде ралагьарал, Буртунай росдадаса 1-1,5 километраялъ бакъбаккудехун ругел рорхалъабазда. Шамилица пайдаяллъун рикIкIуна Сурхайица кьурал буюрухъал

Гьединаб къагIидаялъ, цояб рахъалдехун нахъе къазе ресги тун, тушманасда дандечIей кIиго рахъалдасан гьабизе хIукму ккола Сурхайил.

1839 соналъул 21 маялъ, гьатIан къоялъ, Граббел бетIерлъиялда гъоркь пачаясул аскарал «Внезапный» щулалъиялдаса лъугьана къватIире ва рачIана Салатавиялде. ТIоцебесеб сордо гьез бана Инчха ва Гъозтала росабазда гьоркьоб.

Граббел аскаралъул букIуна 8 батальон ва 17 гIарада, рагъухъабазул къадар бахунаан 7800 чиясде.

23 маялда аскарал цадахъ цIикIкIараб гьоко-кварагун рахана Хубар росдада аскIоб бугеб борхалъиялде ва гьенир сордоги бан чIана.

СанагIалъи кканщинахъе муридзабаз гьезде гьарулел рукIана чабхъенал: кьвагьулеб букIана тункIаз ва тIаде кIанцIулел рукIана хвалчабиги рахъун.

Шайха Граббеца «Внезапный» хъалаялдаса АхIулгохIде вачIине бищараб захIматаб ва халатаб нух Салатавиялъул ракьалдасан? Гьеб нух тIасабищизе гьев тIамуна жиндирго, аслияб боги бачун «Внезапный» хъалаялде гIагарлъухъе вачIарав имам Шамилица.

Вахча-хьван вукIинч1ого, Шамил живго вачIана гьесде данде. Имамас Граббе тIамула жиндир бодуе бищунго данде кколеб, рагъуе пайдаяб нухдасан вачIине.

Шамилилги Сурхайилги мурад букIана пачаясул аскарал, цоги нухалъ инчIого, ХIариб габурлъухъан рачIин, гьенисан букIана гьезие гIемер чагIи цадахъ ун бажарулареб захIматаб нух. Гьелъ кумек гьабулеб букIана муридзабазе, бакI-бакIалдасан пачаясул аскаразде тIаде кIанцIун, гьезие нухал къан, рагъал гьаризе.

Сурхайица хIукму гьабула, лъикIго щула гьарурал росабалъ рагъги гьабун, хутIараб заманалъ халат бахъун рачIунел ругел пачаясул аскаразде рес рекъанщинахъе тIаде кIанцIизе.

Буртунай букIана кIудияб росу, гьеб байбихьулаан ТIеренлъул кIкIалалдасан. КIиябго рахъалдасан букIана гъваридаб кIкIал. Гьеб букIана тушманасе нух къазе бищун санагIатаб бакI. Росдал мугъ цулаан мугIрузул ракьанда. Буртунай росдаде тIаде вачIунев вукIана гIурусазул анцIазаргоялде гIагарун рагъухъан. Гьезда гьоркьор рукIана 400 цIикIкIун рекIарал хъазахъалги Дагъистаналъул милицияги.

Росу щула гьабизе муридзабазе кумекалъе бахъун букIана росдал жамагIатго. Сурхайица гьарулеб букIана, рагъ байбихьилалде, росуги тун аян, амма росдал гIадамал кинго разилъичIо нахъе ине.

24 маялда Граббеца байбихьула росу цIунарал муридзабаздеги росдал гIадамаздеги гIарада базе. Дагь-дагькккун росдаде гIагарлъизе лъугьуна солдатал. Сурхайица кIицIул нахъчIвала Граббел рагъухъаби, росдал гIадамаз росу тезегIан. Амма муридазул къуват гIечIо гIарадабазде данде рагъ гьабизе. РухIизе лъугьана гIарадабазул гулби щварал рукъзал.

Гьеб рагъулъ Буртунаялда лъукъула наиб Сурхай, гьесул ботIрода лъун букIуна гуллил ругъун. Буртунаялда ккараб рагъул хIакъалъулъ Идрис-хIажил хъвай-хъвагIаялда буго гьадин: "Буртунаялда гIагарлъухъ нижер щулалъиялде тIаде гIурусаз гьабураб гьужум кIицIулго нахъчIвана. Нусго багьадурасул бетIерлъиялда данде хвалчадул рагъ гьабун, хIинкъи-къай гьечIеб кьаби тушманасда щвезабурав хьиндалазул бахIарчияв наиб Сурхайица. Кутакалда тIаде балеб гIарадаялъ кумек гьабун вагъарав Пулул (полковник Пуллол) аскаразда кIвана нижер гьеб щулалъи бахъизе. Гьелдаса хадув, жиндирго боги бачун, Буртунай росулъе нахъе къана Сурхай ва, сордо тIаде щвезегIан, гьенивги вагъана».

ХIакъикъаталдайин абуни, нилъеда бихьулеб букIахъе, гьениб ккараб рагъда гIахьаллъана Сурхай наибасул бодул 1000 - гIанасев чи. 24 маялда къасиялдехун Буртунай тушманас кверде босана.

25 маялда Граббе Буртунаялдаса къватIиве вахъана ХIариб габурлъухъан магIарухъе ине.

ТIубараб росуго букIана цIадулъ. Бицен буго Сурхай рикIкIунев вукIанин чIваравлъун, амма Дилималдаса Султанбегица Буртунаялде восараб мехалъ, росдал местIерас халги гьабун, гьев чIаго вукIин чIезабула. Гьев лъавудаса ун вукIуна (Султанбег – Дилималдаса наиб ХIажибегил вац. ЧIвана 1839 соналъ имамгун цадахъ АхIулгохI толаго. Тушманасул гуллида цебе гьес ккуна жиндирго керен, имам цIунулаго)

Цойгидал лъукъаразда цадахъ гьакидаги лъун, Сурхай витIула жеги рагъ щвечIеб Алмахъ росулъе, гьениса сахлъизегIан ГIанди росулъе витIизе. Гьесул чуги бачун, гьесда цадахъ унел рукIуна кIиго муридги. ГIакълуялде вачIингун Сурхайица тIалаб гьабула жиндирго чу ва байрахъ. Сурхайил кьертIун букIуна. Бихьулеб букIана гьес захIматго хIехьолеб букIин унти. Сурхай, чодаги рекIун, Шамилида хадув гъола, ва гьел гIедегIула Аргъванире.

30 маялда бакъанимехалдехун генерал Граббеца хIукму гьабула Аргъваниб росдаде гIарада базе. Микьго гIарадаялъ чIечIого речIчIулеб букIана росдада.

Граббеца Аргъвани росу босун хадуб, чIаго хутIарал муридзаби дагь-дагькккун рачIине лъугьана Аргъванибги ЧIиркъатIаги гьоркьоб бугеб Саду-

майдан абулеб бакIалде, цебесебго къотIиялда рекъон. Гьенирего рачIана Ахъбердил МухIамадги, Сурхайги, ГъалбацIдибирги ва чIаго хутIарал цогидалги.

Шамилица Аллагьасе рецц гьабуна жиндир бищунго цересел чагIи чIаго хутIиялъухъ, ахиралде щвезегIан жидеца Аргъваниб росу рехун течIониги.

ЧIаго хутIарал наибзабиги муридзабиги Шамилгун цадахъ уна АхIулгохIде.

Имамас, пачаясул аскарал рагъуе хIадурилелде, наиб Сурхай витIула цIиял рагъухъабазда хадув.

Сурхайицаги ГIоротIаса МуртазагIалицаги рачун рачIуна 50 гIагарун рагъухъаби.

29 июналда, радал хъахIлъи барабго, лъабго рахъалдасан байбихьана Сурхайил щулалъиялда гIарадабаз речIчIизе. СагIат 9 тIубараб мехалъ Куринский полкалъул кIиго батальон гIагарлъана Сурхайил си бугеб кьурул ракьанде. Командирзабаз гьоркьоса рищун жалго разилъарал солдатал тIамуна щулалъиялде ххаризе. Гьезда речIчIулеб букIана муридаз гамачI. Цо-цо солдатазда кIвана сиялъул ракьанлъиялде рорчIизе, амма гьезул цонигияв нахъе ворчIичIо. Сиялъул ракьанда гьезда батана жидеего гIажал. Щулалъи бахъизе унезе кумекалъе Щулалъул гохIде зама-заманалдасан балеб букIана гIарада. ГIарададул гулла щварабщинахъе тIетIезарулел букIана щулалъиялъул къадалъ лъурал ганчIал, амма гьел тIутIурал ганчIал речIчIулел рукIана гохIдаса гъоркье, щулалъи бахъизе рачIунел солдатазул бутIрузде.

МагIарулал рагъулел рукIана щибго хIинкъи–къай гьечIого, бахIарчиго. Рагъ гьоркьоб къотIулеб букIинчIо. Пачаясул генерал Граббеца цоцада хадур цоял гьарун ритIулел рукIана солдатал хвалде. Цо къукъа чIван лъугIигун битIулаан гьезул бакIалде цоги къукъа. Бергьине рес гьечIеб рагъулъ гъурулел рукIана пачаясул рагъухъаби. Амма Граббеда ракIалда букIана бигьаго тIадеги кIанцIун щулалъи босизе. ГIарадабаз чIунталиде сверизабураб Сурхайил хъала жеги букIана тушманасул квер хъатIулареб щулалъилъун. Гьеб кверде боси кколаан АхIулгохI кверде боси.

Дол къоязул бицунел халкъиял асаразулъ Хунзахъа Хириясул ГIалибегилги Сурхайилги цIарал цадахъ рехсолел руго. Цадахъ гьез бетIерлъи гьабуна Шамил имамлъун вищун хадуб хьиндалазул бодуе, гIахьаллъана Бекьилъ, ГIашилтIа, Буртунаялда, Аргъваниб ва АхIулгохIда ккарал рагъазулъ, цадахъ хIадурана АхIулгохIил щулалъаби. Гьел кIиялго рукIана Шамилил тIоцересел наибалги. ТIоцебесеб июлалда Сурхайил хъала цIунулаго, Хириясул ГIалибег, гIарададул гуллил кесекги кваранаб гъажаялда щун лъукъула, гьесул гъеж щукIдузда дал-далун букIуна. БукIаниги гьес рагъул кор рехун толаро ва муридазда гьарула жиндир гъеж къотIеян.

Гьез инкар гьабураб мехалда, Хириясул ГIалибегица жиндирго гъеж хIатIикьги ккун хвалчаца къотIула ва нахъеги вагъизе лъугьуна. Тушманасул гьужум нахъчIвала. Бида вецIцIулев ГIалибег холев вукIуна. Хвалда цебе гьес, Сурхайги аскIове ахIун, гьарула буртиналдаги лъун жив бищун рагъул кор боркьараб бакIалде восе ян. Къокъабго рагъдаса хадуб тушман нахъе рехула ва Сурхайица ГIалибегида бицуна иргадулаб гьужум нахъчIваялъул рохел. Сурхайие бокьун букIуна ГIалибег местIеразул кумек

щвезе АхIулгохIде вачине. Амма гьес инкар гьабула. ХъахIлъарал кIутIбуца, Аллагьасда АхIулгохI цIунаразе рахIмуги гьарулаго, шагьидлъи босула, рухI бахъигун, ГIалибег муридаз хъаладул къадада аскIове восула.

АхIулгохIил бахIарзаз тушман нахъчIвалев вукIана ганчIазги хвалчабазги, цIакъ цIуна-къан харж гьабулеб букIана сурсатги. Канлъи къотIигун къотIана рагъ. Лъукъаразе сабабги гьабун, шагьидлъаралги рукъун, свакарал магIарулал къокъабго макьида рукIана. Араб къоял чу пикрабазда, щулалъабазул халгьабулев Сурхайида рагIула Щулалъул гохIил чарангьецIоялда кIутIулеб гьаракь. БичIчIана тушбабаз гохIде рахине къурулъ лъутIал чIвалел рукIин. Кумекалъе муридалги ахIун, тушманасухъ балагьун чIарав Сурхай тамашалъула кьурул рагIалде вахунев жиндирго гьудул, ЧIикIаса ГIамирхан вихьидал. Гьев вачIун вукIана нусго чIикIасевгун цадахъ, цоцада рухьарал рахсазда тIасан гIорги бахун, квен-тIехги цадахъ босун. Рохалие гIорхъи букIинчIо гьеб сордоялъ. Сурхайица гьеб хабарги босун АхIулгохIде чи витIидал, живго Шамилгицин бачIинахъего божичIо гьелда. Сверун тушбабаз ккураб АхIулгохIде рорчIизе бакI букIинчIелъул. 4 июлалда къаси сагIат 2 тIубараб мехалъ, 10 гIарада ковагьдезе байбихьана Сурхайил хъалаялде. Радал сагIат 4 тIубараб мехалъ Пуллоца гьужумалъ унел цере рачана. ЦIа боркьараб рагъгун щулалъи цIунараз нахъе рехана солдатал. Цинги Граббел буюрухъалда рекъон сагIат 4 тIубазегIан бана Щулалъул гохIтIе гIарада, хадуб гьужумалъ ритIана аскарал. Щулалъиялда цебе унеб букIана хвалчабазулги хучдузулги рагъ. Сурхайил муридаз бихьизабулеб букIана рагъуе бугеб махщел ва рагъулъ нахъекъай гьечIолъи. Цо чанго нухалъ нахъчIвана муридаз чIван щиб, лъукъун щиб гьужумалъ рачIунел. Амма цересел кьерал гъурараб мехалъ, тIаде гъолел рукIана цIиял къуватал. Сурхай цо чанго ругъунги щун, гохIил нахъияб рахъалда хутIарал муридалгун щулалъи ккун чIана. Граббел армиялъе камула 1072 солдатниги офицерниги.

Сурхайил хъала цIунаразул нахъе хутIула цIакъ дагьалго чагIи. Гьелги киналго лъукъ-лъукъун рукIуна. Киналго шагьидлъаралги рукъун, дуниял бецIлъигун, гьел ЦIияб АхIулгохIде уна. Гьелгун цадахъ хъала рехун тола Сурхайицаги.

Дагь-дагьккун муридазул къадар дагьлъулеб букIуна. Лъукъарал росулел рукIуна мажгиталда жанире. АхIулгохIда тIибитIула бакъул унтиги тIадерахъиги. Къойидаса-къойиде чIваразул къадар цIикIкIунеб букIуна. БукIинчIо гьекъезе лъим, лъел нахърател цебего лъугIун букIуна. ГIурухъе унел нухалги тушбабаца церего къан рукIуна. Лъеда хадур гIурухъе ине кколаан сардилъ, амма цIикIкIарисел лъеда хадур арал гIурусазул гулбукье кколаан. Гъазизаби рукIуна къечалъ рухIулел, улбузда лъалеб букIинчIо лъим кьеян гьардолел лъималазда щиб гьабилебали.

БукIинчIо квен, киналго ралагьун чIун рукIана цIад балародаян. Амма бакъул багIариялъ цIа рекIинехъин бугин кколаан АхIулгохIалда. Рагъизени щиб берцинго хьвадизецин захIмалъулеб букIуна гъазизабазе.

Лъукъараз гьарулеб букIана Аллагьасда хехго жидер рухI босеян. Щулалъул гохIдаса цIияб АхIулгохIде вачIиндал Шамилица АхIулгохI цIунизе тIад къала Сурхайида. Сурхайида лъалаан щибаб гохIил щулалъи, жинцаго гохI щула гьабун букIиналъ. Гьесул гIадат букIинчIо тушман нахъе

къазавулеб. Гьев, нахъекъай гьечIого, кIанцIулаан тушбабазул руккелазулъе ва гьезие ккезарулаан кIудиял камиял. Гьесда релълъун рагъулаан гьесул муридалги.

17 августалда радал бакъ баккулеб гIужалъ 30 гIарадаялъ байбихьана АхIулгохIде кьвагьизе. Гьелдаго цадахъ тIасан бацараб нухдасан, Сурхайил щулалъи букIараб гохIил мухъккун, АхIулгохIда цебе бахъараб гъварилъуде аскIобе щвана Куриналъул батальон. Амма АхIулгохI цIунараз гьел риччачIо гохIде рахине. Муридал хвалчабиги рахъун цо чанго нухалъ кIанцIана гьезде тIаде. Полказул цересел кьеразда магIарулаз кьвагьулеб букIана тункIаз гьоркьоб къотIичIого кинабго рахъалдасан, солдатазе рес букIинчIо церехун ине, гьел гъурулел рукIана гохI цIунараз. Церехун аян кьураб буюрухъалъухъги гIенеккулев чи вукIинчIо. Лъукъарал ва чIварал унел рукIана кьурса гIодоре рортун. ГIолеб букIинчIо муридазулги тIасан гIодобе гохIтIе речIчIулел гIарадабазда данде хIал. Чанго сагIаталъ бала гIарада гохI цIунаразде, хадуб байбихьула АхIулгохIде гьужум.

Къуватал рукIана ращад гьечIел, нахъе хутIарал муридазда кIолеб букIинчIо хIинкъи бугеб хIал лъугIизабизе. Анкьго гуллилниги хочолниги захIматал ругънал щварав Сурхай рагъул корониса, буртинаялдаги лъун, нахъе восула ва гIемер заман иналде АхIулгохIил шагьидлъун лъугьуна. Сурхай вукъула цIияб АхIулгохIалъул мажгиталда аскIов. Гьеб лъугьуна 17 августалъул къалъул гIужалда цебе.

Лъазе кIоларо 21 августалда чан мурид АхIулгохIда чIаго хутIун вукIаравали. Амма лъалеб жо буго, 17 августалда имам Шамилица Сурхайида цIехараб мехалъ чан чи муридазул нахъе хутIаравин, Сурхайица жаваб кьола: кIинусго чи хутIанин.

ХIисаб гьабураб мехалъ АхIулгохIда хутIизе ккола дагьалго муридалгун руччабиги, лъималги, херал чагIиги. Гьез букIана дандечIчIей гьабулеб АхIулгIохI бахъулезде.

ТIубарал хъизанал шагьидлъула щулалъабазул ганчIил къадазукь, сверухълъиго цIола жаназабаз. Цогидал бахIарчиял руччабазда цадахъ ягъула, лъагIел бараб лъимер кодобгун, Сурхайил яц Нуцалай. Шагьидлъарав вацасул хвалченги босун, гужгатги ретIун, гьесул рачелги къан, гьей жуяла тушбабазул руккелазулъе. Гьеб ращалъи гьечIеб рагъда Нуцалай тушбабаз хучдузде йосула ва кьурса гъоркье ГIандигIорулъе рехула. Игьали тун вукIарав гьелъул васасул, Малачил биценалда рекъон, Нуцалай Сулахъ гIорулъа Гелбахъ росдал гIадамазги яхъун гьезул хабалалъ юкъун рагIула. Гьеб руччабаз АхIулгохIда бихьизабураб бахIарчилъиялъулги Сурхайил яц Нуцалалъулги бицунеб буго Гиничукьа ХIайдарбегхIажиясул тарихияб асаралъги… «Хадуб, диналъе гIоло гIазаб босарал руччабигун цолъана, диналъе гIоло рухI кьурав Колоса Сурхайил, капурзабазазда данде хвалчен бахъарай яц. ГIагарав вац, хирияв Сурхай, шагьидлъидал гьелъ борчана гьесул рачел, кодобе босана хвалчен ва кIанцIана капурзабазул бакьулъе. Гьедин гьабуна доб мехалъ Колоса Сурхайил яцалъ. Ахирги гьелъги рухI кьуна, жиндирго вацасда хадуб, диналъе гIоло. Аллагь разилъаги гьел кIияздасаго. АхIулгохIда ккараб рагъ буго гIасрабазда букIинчебгIан кIудияб. ГIемерал рацIц1адалги бахIарчиялги бихьиназул рухIазда батана гьениб хIалхьи”, – ян хъвалеб буго Гиничукьа ХIайдарбегхIажияс жиндирго асаралда.

Муридазул асирлъуде ккана захIматго лъукъарав 10 чи. Шамилида цадахъ гохIдаса арал малъичIого жеги 10 чи ворчIула АхIулгохIдаса къватIире. Гъезда гьоркьов Сурхайил яцалъул вас ГIалимирзаги. Гъесул хIакъалъулъ цебехун рехсараб имам Шамилил яс Написатил росасул, Гъазигъумекиса ГIабдурахIманил "Китаб-ат-Такзира" абураб тIехьалда хъвалеб буго: "Гьеб росулъ (Колоб) вукIана цо берги гьечIев, вакъварав, цо кверги гьечIев магIарулав. АхIулгохIалда гъоркь ккараб рагъулъ гIурусазул гIарадаялъул гуллаги щун тIуна квер. Гьесда цIар букIана ГIалимирза. Гьев вукIана Сурхайил яцалъул вас. Имамас гьев тIамун вукIана байтулмалалъул буголъиялъул халгьабулев чилъун. Имамасе гьев вокьулаан кутакалда Сурхайил яцалъул вас вукIиндал. Цо-цо мехалъ гьел росабазул наибас гьев витIулаан Чачаналде унеб къукъаялъул бетIерлъун. Гьев вукIана тIад къарал ишазулъ цIодорав ва рагIа-ракьанде щун гьел тIуразарулевлъун. ГIарабаз абухъего: "ТалихI бугев чиясул вас вукIина жиндирго имгIаласда релълъарав", гьединлъидал ГIалимирзаги вукIана жиндирго имгIал Сурхайида релълъарав."

Асирлъуде ккаразул къисмат ккана дагьабги квешаб, гьезул цIикIкIарисел, хасго лъимал, хвана батIи–батIияб унтиялъ.

Хадусеб АхIулгохIалъул къиса лъалеб жо буго. Дица такрар гьабиларо. Абила гIицIго гьениб лъадаранин магIарулазул букIинисеб, бахIарчияб хасият, къохIехьей, яхI. АхIулгохI биларав Шамил имамасда, хадуб батана тIолабго магIаруллъиги чачанлъиги. Колоса Сурхайги гьесул сипатги халкъалъ ахIана жидерго кочIолъ, гьеб къисалъун хутIана нилъее. Гьайгьай, АхIулгохIил балагьалъ ракI бекана магIарулазул.

"Чурун чалбудай балеб Шамилил багIараб чу баче Петербургалде пачаясда бихьизе, чанги солдат сокIкIараб Сурхайил мисри хвалчен босе Аштарханалде меседил мугъру чIвазе," – ян ахIана гьез магIилъ.

**Меседил щуб ккаги Щулалъул гохIда,**
**Щунусавго мурид жанив гъанкъараб.**
**Шамалъул бакъ щваги гIещдерил кIкIалахъ,**
**КIкIабтIилъ къарал рукьби бакъукь ракъвазе.**

Как ахIулеб гохIде тIадеги вахун, ахIтIезе лъугьанила Малачил Сурхай:

– Жакъа хваралазе хвелги шагьидаб, нахъе хутIаразе цIарги кIудияб, воре, нахъе къаге, нуж гIолохъаби, кIалтIе бачIун бугин пирдавус алжан. Гьеб кIиябго рагIи кIалалъги абун, къункърабазде гъорлъе къвекIаб цIум гIадин, гъорлъе жуванила Малачил Сурхай.

**Малачил Сурхайил хвалчадул пирхи**
**Жегиги пирхула гохIил ракьанда,**
**Аллагь, ГIалибегил тункIил гъугъади**

**Жегиги гъугъала гІещдерил кІкІалахъ.**
**Цо борхатаб гохІде тІадеги вахун,**
**АхІдезе лъугьана Малачил Сурхай:**
**– Жакъа хваралазе хвелги шагьидаб,**
**Нахъе хутІаразе цІарги кІудияб.**
**Цебе бачІун бугин гІидалъул алжан,**
**Гьелде мугъ рехуге, лъикІал бахІарзал.**
**Ва гохІил руччаби – хІурулгІинзаби,**
**Ракъун ругелищ нуж, квен кваналарищ?**
**Къечон ругелищ нуж, лъим гьекъеларищ?**
**Гьагъадинаб вагІза гьезийги гьабун,**
**Гъорлъе жуванила Малачил Сурхай,**
**Хвалчен гъуризегІан гъазават гьабун,**
**Гъуждул свакazегІан, солдатги сокІкІун.**
**Ракъунилан абун, квен кваналебдай,**
**Бидул кескал росун кваналеб къоялъ.**
**Къечонилан абун лъим гьекъолебдай,**
**ТункІил кІалзунисан би гьекъолаго.**
**Барщун курак кунеб капурлъиги тун,**
**Кисиниб чІерги бан, босараб алжан.**
**Иццул лъим гьекъолел гІурусалги тун,**
**ГІурул щалай гьекъон, щвараб гъазават.**
**Бидул цІурал чурхдул чуризе гьечІел,**
**Черх цІурал ругъназул унти лъаларел,**
**Зани – къоноялъул къварилъи гьечІел,**
**ГІарцул гулгуналги кодор кквезе кьун,**
**Квер ккун, рачун лъолел ГІаршалъул рагІдукь.**
**Роол лъабго моцІалъ цІад бачІониги,**
**ЦІадай регьел гІела гьел умумузул.**
**ЦІадал их бахъинчІеб Щулалъул гохІда**
**Бидул их бахъараб гІолохъабазул.**
**Харда расандулел гІисинал лъимал,**
**Гьакинирги тІамун, хъамулел руго.**
**ГІалхул хъурмал гІадин улбулги гьарун,**
**Хъурмил тІанчІи гІадин, лъималги гьарун.**
**Ракьалдаса къаяб къаралазул гІор,**
**ГІолилал ясазул сап босун араб.**
**Къарабго щогеяб доб гІещдерил лъар,**
**КІкІабтІилъ къарал рукьби бакъукь ракъвараб.**

«Хвалчаца нух бахъарав лачен Малачил Сурхай” – ян абун тана гьез нилъее бицадулъ. ТIадехун абухъего, тушбабаз гIемер бицана нилъер бахIарзазул. ХутIун буго халкъалъ Сурхайиде гьабураб гъоркьехун рехсараб кечIги. Малачил Сурхайил бахIарчилъиялъул хIакъалъулъ бицун буго “АхIулгохI бахъиялде” абураб кочIолъ Хьаргабиса МухIамадбегица, “Гъазаваталъул къиса” абураб кочIолъ ГIахьалчIиса МуртазагIалихIажияс, “БахIарзазде шигIру” абураб кочIолъ Игьалиса Чупалас, “Шамил” абураб поэмаялда ЦIадаса ХIамзатица, «АхIулгохIда ккараб рагъ» абураб халкъияб кочIолъ, “Сурхайил хъала” абураб кочIолъ ГIисал МухIамадица ва цоги асаразулъ.

Гьанже гъорлъе раккизин Колоса Сурхайил тухум-кьибилалде. 17-аб. гIасруялда хунздерил Догъру-нуцаласдаги ГIоротIа, Игьали, Унсоколо росабазул жамагIатаздаги гьоркьоб 17 соналъ халат бахъараб кьал ккун буго. Гьел росабазул рахьалда букIун буго Гьидерил жамагIатги.

Догъру-нуцалас ГIарахъмегIер кквезе гьенир ругел росабалъе рахъинарун руго Хунзахъа жиндирго гIага-божаралги бажари бугел гIадамалги.

ХIоцоб, МокIсохъ, ЦIатIанихъ, Колоб, ТIадколоб ран руго болжал. МокIсохъе вахъун вукIун вуго кIудияв Гулдач, ХIоцоре Доногъонол МухIамадил умумул, ТIадколоре ХIажиясул чагIи, Нахъаколоре (ИштIибури – Колоре) ритIун рукIун руго Малачил чагIи (ХIоцоса Нажмудинил чIужу ПатIиматица бицараб).

Сурхайил эмен Малачи хIежалде арав чи хун вугин, гьесул хоб Колоб хабалалъ гьечIин абула. Гьесул эбел Катурай, биценалда рекъон, ЦIатIанихъа кколей йиго. Бицуна, цо нухалда хIужраялъуса гьелда Сурхай цIакъ пашманго къватIиве вахъунев ватун вугилан. Эбелалъ цIехон буго: цIакъ пашманго вихьулин мун, ЦIатIанихъа квешаб хабарцин гурищ щварабилан.

Сурхайица абун буго: «Жакъа лъана дида нахъзаманалъул гIалимзаби жужахIалъул цIадар рухIизе рукIин. Унго, дунгийищха гьезда гьоркьове кколев, эбел?» – ан.

XX гIасруялда жеги нахъе вукIун вуго Малачил Сурхайил бесдал вас. Гьес бицунеб букIун буго жиндир бесдал эмен Сурхай вукIанин маххулкьерав, тIадерахъиги барав, ворхатав чи. Эбелги йикIанин жиндир заманалда Билкъис гIадай, цIакъ берцинай гIадан.

*(Гьеб бицун буго Гиничукьа ХIайдарбегил Мансурица. Гьедин бицун букIун буго Сурхайил бесдал васас Инквачилаев МухIамадида, гьевги вукIана Мансурил имгIал).*

АхIулгохI щула гьабун хадуб гьенибе гочана Сурхайил тIолабго тухум. Колор хутIана гьесул эбелги гIисинал ясалги: ПатIимат ва ХIуризадай. АхIулгохIде гочунаго, тухумалъ хIукму гьабула, щиб кканиги, цониги бихьинчи гьоболасул бакIалда Игьалив тезе. Гьеле гьев вукIана Сурхайил яц Нуцалалъул анкьго сон барав вас Малачи. АхIулгохIил къисматалдаса хадув, тIубанго бесдаллъарав гьев Колове кIодохъе тIадвуссуна. Бицен буго цо-цо росуцояз гьев бесдаласда рокьукъго дандчIвай гьабуниланги. Малачица дунялалъул гIумруялдаса инкар гьабула ва Аллагьасе суждаялда чIола. ГьабсагIаталдаги Колоб росдада аскIоб, Лъалгъади абулеб бакIалда,

руго гьев жанив чIолев вукIараб бецIаб рукъалъул хутIелал. Малачи гIемер хьвадулаан АхIулгохIде зиярраталъ, дандчIвалаан Инхоса ГIалихIажиявгун. Гьев вукIана Аллагьасул унго-унгояв вали. Гьев вукъун вуго Игьали росдал хабалалъ. Бицен буго, бергьенлъи босун хадуб, гIурусаз Сурхайил хоб бугеб бакI цIехолеб букIун бугин, ва лъицаниги гьеб бихьизабичIин. Абула, гьесул лъади йикIанин ГIашилтIасаян. Гьейги АхIулгохIда шагьидлъула. АхIулгохIда чIаго хутIула гьезул цадахъ ячун йикIарай анлъго сон барай яс Муслимат.

Гьелъул къисматги, цогидал асирлъуде ккарал АхIулгохIил лъималазулго гIадаб, ккола. Асирлъуде росаразул сияхI гьабулаго, гIурусазда лъала гьей Сурхайил яс йикIин. Генерал Граббеца хIукму гьабула гьей Петербургалде ячине НикIалай I-абилев пачаясул чIужу (Императрица) Александра Федоровнае кьезе. Граббеца гьеб тIадкъала полковник Захаржевскиясда. Гьелъул хIакъалъулъ хъвалеб буго Санкт-Петербургалъул Тарбия кьолеб рукъалъул – хадусеб Петербургалъул Институталъул (Воспитательный дом) кIудияй халгьабулей чIужу (главная надзирательница) Анна Федоровналъул вас Фёдор Адольфовичас жиндирго ракIалдещвеязулъ (гьеб мехалъ гьев вукIуна бесдалав хIисабалда 13 сон барав чи гьебго рокъов): "Гьелъул ТIадегIанлъиялъул (Императрицаялъул) тIалабалдалъун дир эбелалъухъе кьун йикIана тарбия кьезе "СПб Тарбия кьолеб рокъое" гьайбатай анлъго сон барай яс, черкесай, АхIулгохI бахъидал, асирлъуде йосарай, Муслимат-бика Сурхай. Гьелъул эмен вукIана нахъекъай гьечIев Россиялъул къуватав тушман, Шамилго гIадав мурид. Яс ятун йикIана чIвараздаги лъукъараздаги гьоркьой, щулалъиялъул къадазда гъоркь, бетIерги бекун, надалда ругъунгун. Гьей ячун ячIана Петербургалде полковник Захаржевскияс ячIинахъего дир эбелалъухъе, генерал-адъютант Граббел тIалабалда рекъон. Эбелалъ ракI-ракIалъго, хIеренго къабул гьаюна гьитIинай, гIалхулай, киназдасаго нахъекъалей, хасго бихьиназдаса, кинаб ригьалъул гьел рукIаниги. РакIалда буго, дидаса гьей тIурун ин гуребги, дун вихьараб мехалъ, цояб рахъалдеги юссун чIолаан. Дагь-дагькkун тIагIунеб букIана нижер анищ гьеб нахъекIанцIун чIей тIагIинабиялъулъ, амма кIиго-лъабго соналдасан, насранияб диналъулайлъун гьей гьаюрайго (креститься), гьей лъугьана бахиллъулеб рижилъун. Закон Божий гьелда малъулеб букIана протопресвитер Бажановас, хутIарал дарсал малъулаан дир яцаз. Гьелъие кьуна Александра Павловнайин цIар (Императрицаялъ гьелъие кьола жиндирго цIар), щайгурелъул, тIалаб гьабулел чагIи рукIиндал Императрицаги генерал – адъютант Павел Христофорович Граббеги. Насранияб диналъул гьей гьайиялъул къагIида тIобитIана Зимний Дворецалъул (Хасалил КIалгIаялъул) килисаялда. Тамашалъизе рачIунел хиса-басиял лъугьана гьеб гьайбатаб лъимералъулъ. Гьелъ дин гьабулеб букIана гьелъул гIумруялде рахарал насраниялллъун жал рижарал лъималаздаса лъикI. Гьедин гьелъ бана нижер хъизамалда 13 сон. Эбелалъе, яцазе, дие ва тIубараб институталъего кутакалда хиралъана гьей. Пачаясул чIужуялъ кидаго ээдулаан гьей, жидерго хъизамалъул яс гIадин.

Гьей гIемер ячунаан КIалгIаялде, ва вохизе бачIуна, гьений гьей йикIунаан щибниги нахъекъай гьечIого, эркенго, рокъой гIадин, гьезул чIухIараб рукIа–рахъиналдасаги чIахIиял киназазулги бикабазулги данделъиялдаса намуслъичIого.

Дир имгIал Ф.П. Литкеца, доб заманалъ Константин Николаевичасул тарбиячилъун вукIарав (пачаясул вас Константин Николаевич), балъго бицуна дир эбелалда Константиние гьайбатай Саша йокьун йикIин, гьесул анищал рукIин, цо заманалдасан гьейги ячун, Кавказалъул киназлъун вахъине.

Абизе бегьула, гьел рукIанин лъимадулал анищалин.

Щиб гьабилеб! Мискинай яс 14 сонилъ ракIалдаго гьечIого унтана хехаб туберкулёзалъ ва, цо моцIалъги унтун, хвана. Пачаясул чIужу хьвадулаан гьелъухъе унтараб мехалъ, чIолаан гьелъул бусадул рагIалда ва гIодулей йикIана гьей хведал. Нижер хъизамалъе гьеб ками букIана кIудияб къварилъи”.

Сурхай АхIулгохIда шагьидлъун ункъого сон ун хадуб, инкъилабалъул заманалда, гъазаваталда хвана гьесул наслуялъул чагIи: ЦIатIанихъ росдада аскIов МаламухIамад ва Хьаргаби – Хочбарил МухIамад.

КIудияв гIалим, бахIарчияв рагъухъан, хIинкъи-къай лъаларев наиб, жиндирго ракьги динги цIунун вагъулаго гъазаваталда хварав Колоса Сурхайил ракьцоял чIухIула АхIулгохIил бахIарчияв шагьидасул цIаралдаса.

***Суилат Гьиматова ,***<br>
***Гъизилюрт район,***<br>
***Комсомольское росу.***



МухIамад АХIМАДОВ

## КIИГО ЭЛЕГИЯ

**1.**

**РекIелъе ротрулел тIогьилал тIанхаз**
**Хасалихълъи щванин щурулеб буго.**
**Горда цIумур барал цIадал къатIрабаз**
**КъотIизе толаро къваридаб бакъан.**

**ТIогьилаб магIу тIун гIодулел рохьал**
**Рихьизе бокьулеб ана замана.**
**Анищазул хутIел хутIана рекIелъ,**
**ХутIарал къоязулъ бихьула хасел.**

**Хисана дунялги, херлъана дунги, –**
**Хабалазул занал гьудулзабазул.**
**Гьезде цIорораб цIад балеб бихьула,**
**ЦIар гьезулги ахIун, хIухьел угьула.**

**БухIулеб, бухIулеб буго гьинал ракI:**
**– Гьаниб хутIараб щиб, доба бугеб щиб.**
**Щибго лъалареблъи лъан буго дида,**
**ЛъалкIал рилун руго гIумрудул нухда.**

**Ахирзаманалъул зодоб къункърабаз**
**Къаникье унеб нух буго цIехолеб.**
**ХвелгьечIолъиялъул лахIзаталъ кьураб**
**АхIулеб буго кечI: – Къо-лъикI, хаслихълъи!**

II

Дун чиярав вуго гьаб дунялалда,
Чирахъал ссун руго дун унеб нухда.
Нухлулавги гьечIо, гьудулги гьечIо,
ЧIваданлъун лъугьараб замана буго.

Дун чиярав вуго, чи гьечIев вуго,
ГIадамазда гьоркьов гIицI хутIун вуго.
Хадув вачIунев чи вихьулев гьечIо,
Рохьов хутIун вуго, хьул къотIарав дун.

Хириял рукIарал рикIкIада руго,
РекIел шагIирзаби къаникье ана.
Анищал щущана, шигIраби хвана,
Аниб щиб гьабулеб дида лъаларо.

Дир магIил гаразул гирулел чIумаз
ЧIалгIараб цо дугIа гьабулеб буго.
МагIарул рагIиги, рагIул дугIаги
ГIумруялъ букъараб хабатIа вуго.

РекIел кIутIи буго кIутIби соролеб,
Сардил гьаракь буго рогьел тIуркIулеб.
КIолеб гьечIо дида гIомо бичизе,
ГIумрудул риччарал берал рацIцIине.

Бищун дий хирияб Дагъистаналда
ШагIир чиярлъана, чи тушманлъана.
Тушбабаз ракI бахъун хутIараб гьелъул,
Лъалеб гьечIо дида: – БукIинесеб щиб?

ЗахIматго рагьула рогьалилъ берал,
Ралагьилел кинан гьел ватIаналъухъ? –
ТIинде бортун унеб бихьула гIумру, –
ГIумругицин гьанже чияраб буго.

* * *

Нилъей кьураб гIумру гIемераб гьечIо,
ГIемераб кьуниги, гьеб дагьаб буго.
ГIумруги цо буго, хвелги цо буго,
Хвел гIумруялдаса гIемераб буго.

ГIадан уна – тIокIалъ тIадвуссунаро,
ТIадвугесул къадар – къаникье сапар.
ЦIияб цIва баккула сардил зобазда,
Ссвараб цIа бакула цIидасан гъасда.

Гьезухъ ралагьула батIиял чагIи,
Дур букIараб ватIан гьезие щола.

* * *

*Дир гьудул ЖабрагIил*
*ХIасанов ракIалде щведал.*

**ГьечIо халатаб гIумру**
**ГIажаибал тIугьдузул,**
**ТIегьан рачIунел гьезул**
**РечIайги цадахъ буго.**
**Амма тIегьараб лахIзат**
**ХIикматаб лахIзат буго…**
**Гьел тIугьдуллъун лъугьуна**
**Гьунар тIокIал шагIирал.**

**Бищун гвангъарал цIваби**
**Бищун цере роргула,**
**Тола гьез зобалазда**
**Даим чIагояб канлъи.**
**Кидаго лъугIуларо**
**ГIумруялда гьелъул нур…**
**Гьел цIвабилъун лъугьуна**
**Гьунар тIокIал шагIирал.**

* * *

**СагIадил гьаракь буго**
**Дир кочIое хIал кьолеб,**
**ХIанчIазул гьаркьал ругин**
**Рокьул кучIдул кинигин.**
**Кинабго дунялалда**
**Диналъул бакъан бугин,**
**Бакъназул дирижерги**
**Дунялалда тIад вугин.**

* * *

**– Мун киве унев вугев,**
**Кинабго кIочон тарав?**
**Мун киве щолев вугев,**
**Щибниги бихьуларев?**
**…Гьединаб суал буго**
**Кьолеб магIаруласе.**
**РагIулеб гьечIо жаваб,**
**Рахьдал мацI кIочон буго.**

* * *

Къасиги къаданиб чIун буго сордо,
Сородулеб буго къисматалъул цIва
ЦIорорал къасдазул дарсида вуго,
Дир мугIалимзаби заназукь руго.

ШигIрабазул бадиб ххулана магIу,
МагIарул мацI буго кочIолъ щакърахун.
Щакъи бакъван буго, къалам бекана,
Каранде гIазу бан, гIищкъу цIорона.

ХвелгьечIолъиялъул гьаракь рагIула,
Рагьида МахIмудил тIамур кIалъала:
КIала-гъоркье чIвараб дуниялалда
РагIи чIаголъула, ракI цIилъун уна.

* * *

Щибаб къо анагIан,
Къасдал хванагIан,
Къваридго рагьула
Рогьалилъ берал,
Берцинлъи бечIараб
БачIана заман,
Заназде къулана
Кьерхарал мехал.

Амма анищазул
Щуб тIад рещтIарал
ТIугьдул тIегьан руго
Гьинал рекIеда…

Дихъ балагьун буго
Рогьалил гьумер,
Гьимулеб буго бакъ,
Гордухъан баккун.

Бакъул чIораз чIумал
Регьула дихъе,
Гьабе Аллагьасе
Рецции лан абун…
…Цоги къо бачIана,
ЧIаго ворчIана,
ЧIун буго дир бадиб
ТалихIаб магIу.

* * *

Дица кечI ахIана АхIулгохIалда,
РухIалъе, яхIалъе дугIаги гьабун.
Дица кечI ахIана ГъунибмагIарда,
Гъугъадун кьижарал зобал рорчIизе.

Гьелда тIад хIучч цIалеб заманаялъул
Зани рагIуда чIван рукI унтана дир..
Дица кечI ахIана авар мацIалда,
МацI кIочон тараца такрар гьабизе.

## ГАРА-ЧIВАРИ

– Мун киве унев вугев,
Кинидахъ кечI кIочарав,
Чармил кьурабаз кьураб
Кьварараб яхI лъугIарав?

– ЛъикIаб гIумру цIехезе,
ЦIияб дунял бихьизе.

– ЛъикIаб гIумру букIунищ
БукIинчIонани ватIан,
ВатIаналда хабалал
Хабаралъе гьечIони?

– Гьелъул дий ургъел гьечIо,
Ургъел буго гъурщазул.

– Умумузул ракьги тун,
Ракьалда сверулев мун,
Сундул пикрабалъ вугев
Балъгоял хиялазда?

– Хвалил дий ургъел гьечIо,
Хабалги кIочон руго.

– Мун кив вукъизе вугев,
Рукъ къосарав, виларав,
Вилаят щиб рахъалда
Бугебали лъаларев?

– ЛъачIого букIине те,
БакI, хведал, камиларо.

– Кинаб мацIалъ, бице, духъ
ДугIа гьабизе бугеб,
МагIарухълъи кIочарав,
Чияр мацIалъ кIалъалев?

– Щиб мацIалъ гьабуниги
Гьелъулги ургъел гьечIо…

…МагIарулал лъугIараб
МагIарухълъи бихьула.

* * *

Нахъе босуларо рекIедаса квер,
Каранда батIияб цо унти буго.
Унеб буго гIумру гIедегIун, хъамун,
ХъамалчагIаз буго ватIан тIутIулеб.

ТIутIал лъугьун руго, наялин абун,
Гъудузул цIобалде цIумал руго ккун.
…МагIарул нух хвараб халкъалъул нухда
Халикъасде гьари гьабулев вуго:

– Гьардарав БетIергьан, тIадбуссинабе
ТIад Гьонода тараб талихIаб гIумру,
МагIарул росабалъ бесдал хутIараб
ВатIан ватIанлъулеб мацI цIуне, Аллагь!

Хвалда цебе гIадин, авар мацIалда
ЦIар БетIергьанасул щурулев вуго.

* * *

Дир бащдаб гIумру ана
ГIумру балагьулаго,
Аллагь, гьанже дун вуго
Духъе нух балагьулев:
– Гьарула, дуца хIал кье
ХIал лъугIулеб мехалда,
ХутIараб лахIзаталда
АхIизе цохIо Дур цIар.

ХIухьелалъул дугIалъун
МугIрузда гьеб рагIизе,
РагIулъ магIу ххулидал,
Хвел дагьаб нахъе къазе.
Херлъи берцин гьабизе,
Бигьаго дунял тезе,
Дур цIобалъул зобазда
Диеги бакI батизе.

* * *

ХIухьел хIалакула, хIал лъугIун уна,
ХIалихьалъиялъул хIилла бергьиндал.

Бергьенлъи къун буго беразул магIилъ,
МагIарухъ хутIана дир рекIел къуват.

Къасдазул дуниял гIакса ккун буго,
ГIанса соназ дихъе бегьулеб буго.

Кье дуца, БетIергьан, берцинаб херлъи,
ХвезегIан сабурги хIалхьиги бугеб.

ХIалае бахъа мун, нахъа тараб кечI,
ГьечIел шагIирзабаз дун какулелъул.

* * *

МагIарул мискинзаби
Мискинзаби рукIинчIо,
РукIана гьел бечедал
Ва гучал магIарулал.
МугIруца тIагърал лъурал,
Кьурабаз рачел къарал,
Къарнабазда рагIарал
ВатIаналъул бахIарзал.

Ракъун рагъал гьарурал,
Къечон чуял кьолорал,
Кьолароан гьез рокьи
Ракьалда тушбабазе…
Заман буго рогьояб
Рагьдухъ гьанже женжелеб.
Бечелъи цIикIкIанагIан,
ГIадамал мискинлъараб.

Намус гIасрудал рокъоб
Содородилаго хвараб,
ЯхIалъул ахIиялда
АхIулгохI батулареб.
Къадру къаникье араб,
Къарну ццидаца чIвараб,
Аваразул халкъалъул
ХабатIе щун вуго дун.

Заназул кьерал руго,
Кьер тIурал ва нечарал,
Чара хварал къоязул
Къаданир эхетарал.
… Хварал чIаголъулеб мех,
ЧIагоял хвараб заман,
Дур чороклъиялъ буго
Черхалда сири балеб.

## МОЦІРОЛ КАНЛЪИ

МоцІрол канлъи буго
Кан гІадин рекІун,
РекІел сухъмахъазде
ГІарцул нурги тІун,
ТІинкІула кочІолъе
Гьелъул къатІраби,
Бидулъан чвахула
Рохалил лахІзат.

АхІулеб рагІула
МагІарул ракІалъ,
Рокьуе бакараб
Чирахъ бугин моцІ,

МоцІрол канлъиялъул
КвацІи гьабизе
ЦІидасан вуссайин
Инсул росулъе.

Сухъмахъал, хъахІ гьарун,
Хъатинир лъолеб,
Лъалел кьурул парсал
Пирхизарулеб.
Буго моцІрол канлъи
Каранда рещтІун…
ВатІаналъул моцІрол
МацІ лъала дида.

* * *

Мун лъида рагІилеб,
МагІарул рагІи,
ГІинкълъун ругин гІундул
МагІарулазул? –
ГІищкъу ккаразгицин
Рехун тун бугин
Дир магІарул шигІру,
Шагьаралъ чІвазе.

«Борхатаб магІарда
КІиго гІищкъул тІегь
Цоцаде щапула», –
Чияр мацІ бицун.
«Гъваридаб кІкІалахъе
КІиго чабхил ицц
Цоцахъе чвахула», –
Чияр бакъангун.

* * *

РагІулеб буго гьаракь
Ракьулъ бахчараб иццул,
Инсул ракьалда бугеб
Рокьул бакъан бачунеб.

РагІулеб буго чили
Чабхилъан унеб иццул…
Инсул ракьалде рокьул
Ицц буго дир каранда.

## ГІ А Н С И

МагІарухъ гІанси тІолеб гІассияб гьаракь буго,
Кьурабазулъ багъулеб гъугъаялъул сас буго.

Нухда балагь батараз толеб буго дуниял,
Бегун тІаде гІансигун, гІадамал руго холел.

ГІазул мугІрулги риххун хабалъе арал руго,
ГІадамалги чуялги гьезулъ рукъарал руго.

ГIарадаби кьвагьулеб гьаракь бугилан ккола
Такрар гьабулеб сверухъ кьурабазги мугIрузги.

ГIанси – холеб гIумрудул дандерижилъун буго,
Данде гьеб нагагь чIвани, чIаго чи хутIуларо.

Хасаб гIассияб гIанси къисматалъулги буго,
ЛъачIого тIун бачIуна гьеб нилъер бетIералде.

Жибго гIумруги буго гIансилъун нилъее кьун,
Гьелъул квачIакьа щивго ворчIуларо бигьаго.

КечIги¸ дунги, гIумруги, гIансиги тIун, хутIана,
ГIазукьан, гIансахIинчIлъун, бакъанал рачунев вуго.

### КIИГО ИШАРА

Дие бокьуларо ахIул ишара,
АхIи-хIур гIемераб, гIамал кIудияб.
РагIабазда гьоркьоб гьелъий кьураб бакI
БукIуна рекIее данде кколареб.

Дир кочIой бокьула суал ишара,
Сундул бицениги, балъголъи бугеб.
Лъала гьелда гIумру суал бугеблъи,
Сурараб замана жаваб бугеблъи.

Ракьалда бижула ахIул ишара,
РещтIуна зодоса суал ишара.
Гьезда гьоркьоб къараб къисмат буго дир,
Къиса гьелъул хъвалеб шигIру буго дир.

Дир гьудуллъун буго суал ишара,
Сурун буго дида ахIул ишара.

### САРДИЛ ЭЛЕГИЯ

ЦIвабзазул цIад балеб буго мугIрузде,
ЦIадул махал руго рихх-риххун унел.
Рохел лъугIун унеб дуниялалда
Дунги дир ватIанги харбида руго.
Хараби хутIараб магIарул росулъ
РагIуларо гьаракь гIолохъабазул,
ГIадан-чи хутIичIеб годекIанибги,
Гудурлъун бан бугеб, сихIкъотIи буго.

Дир лъимерлъиялъул лъарал рагIалда,
Лъалеб гьаракь гьечIо, росдал кечI гьечIо.

ЧIобогояб талихI, хIатIида гIицIго,
ЦIорорал ганчIазда эхетун буго.
БукIараб берцинлъи кьерхун бихьула,
Кьер тIурал минаби тIаде къулула.

Чуязул хIихIиди рагIулеб гьечIо,
ГIиял гъади гьечIеб гъаримлъи буго.

МугIруца мугIрузе бицунеб хабар
Хабалалъ заназда рагIулеб буго,
ГIумру лъугIун буго, гьабихъе лъинлъун,
Гьобол вачIунаро кватIараб сардилъ.
Сабаб дие хъвалеб бугеб гIадинан
ГIенеккун чIун буго цо КьилимегIер, –
Цоцазухъе ахIи балел рагIула
МагIарулал гьечIел мугIрул росаби.

Гьанже анищазул щущан балеб цIад,
ЦIа рекIелъ свинабун, къотIулеб буго.
КъватIахъ араб заман дандчIвалеб гьечIо,
ЧIалгIун вукIанщинаб батулеб гьечIо.
Дандерижи гьечIо магIарул мацIалъ
МугIруца мугIрухъе цоцахъе кьолеб.
Дир цIар гьелда кIочон тун бугин ккола,
ЦIорораб гIетIги бан, гIенеккун чIола.

Дие хутIун буго цIорораб гIалам,
ГIалхул чуял гIадин руго пикраби.
Би гьалдолеб буго магIарул росулъ,
Рес гьечIо, рес гьечIо хвезе Дагъистан.

* * *

Дун мискинзабазул гьудул вукIана,
Гьардухъабаздаги дир ракI гурхIана.
ХIал лъугIараб мехалъ хIалай ратизе
ХIалтIуца кIвекIарал рукIана аскIор.

КIвечIо дида гIумру хисизабизе,
Хиянат цIикIкIана, цIогьал бергьана.
Гьанже гIайибаблъун гьабун буго халкъ, –
Ханзабазда гьечIо щибниги гIайиб.

«ВитIун цеве лъедал, лъалин ханилан», –
Халкъалъул доб аби кIочон тун буго.
Бекерула заман, чвахун уна мех,
Хвалил кьили лъолеб буго халкъалда.

**ЧОТIАХЪАН**

**Зобазул хIухьел буго,**
**ХIулулеб гIазу буго.**
**ХIули гIадаб хIеренаб**
**ХIайранаб роржен буго.**

**…Аралда цIер къарабго,**
**ЦIорон буго дир керен**
**РекIелъ цIункIулукIазул**
**ЦIумур буго рагIулеб.**

**ГIумруялъул гъалатIал**
**Гъаталлъун лъугьун руго,**
**Мунагьазул сиялги**
**Соназул бакьулъ руго.**

**Кинабго кIочон тола,**
**ТалихI гIумрудулъ чIола.**
**ГIумруялъ бахъун араб**
**Нахъбуссун дихъе щола.**

**ШигIрабазул гIузраби,**
**ГIазу гIадин, риуна,**
**Риидалил рогьалилъ**
**Рагьдухъе щола чапар.**

**Аралъул магIардасан**
**ГIедегIун вуго дихъе**

**Вихьуларев чотIахъан,**
**ТIваркъи буго тIукъбузул.**

**Гьев вуго магIарулав**
**ГIасрабалъан вачIунев,**
**ВорчIун макьидасангун,**
**Кьили чода тIад лъурав.**

**Гьесул хIухьел чIванани,**
**ЧIаголъула Дагъистан,**
**Гъуниб ва АхIулгохIда**
**АхIула Шамилил цIар.**

**Гьесул гьаракь рагIидал**
**Рагьун уна дуниял,**
**Динги мацIги цолъараб**
**Цо талихI лъала дида.**

**ТIадруссунел рихьула**
**МугIрузде магIарулал,**
**МагIарул дугIа буго**
**Дагъистаналъул гъасда.**

**…Гьев балъгояв чотIахъан**
**Чанги макьилъ вихьула,**
**Макьидаса ворчIидал,**
**ЧIун ватула гьев рагьдухъ.**

***МахIачхъала, 2019 сон***



**ПатIимат**
**ГIАБДУРАХIМАНОВА**

## ГIУМРУ БУГО ГIУМРУ

Киса-кибего ханлъи гьабулеб букIана хасалихълъиялъ. Дагь-дагьккун тIогьиллъулел рукIана гъутIби. Къаси-къаси балеб цIадалъул, гIемерисеб мехалда, радалиде лъалкIцин хутIун батулароан. Гьелдалъун бихьулеб букIана жеги квачай бачIун гьечIеблъи.

РухIарал бакъул чIораз гьумерги хинлъизабун, радалго ворчIана Салим. Гьес хIалбихьана, цояб хьибилалдехунги сверун, цодагьалъги кьижизе. Цо-цо мехалда, радал ворчIарабго, рекIехъ гIенеккидал, гьесул цо сунцаялиго рахIатхвезабун батулаан, цинги къанщун бералгун, гьес пикру гьабулаан сонисеб къоялъул, кинаб гьеб букIараб, щивгун дандчIварав, лъица вохизавурав¸ лъица пашман гьавурав, яги лъилниги ракIхвезабураб рагIи жинца абунадаян, ургъулаан. Амма жакъани гьесул рекIел бакIаб хIал букIинчIо, гьединлъидал, тIокIаб макьу щвелареблъиги лъан, кIикъогоядасаги эхеде гIумрудул сонал рахун рукIаниги, гIолохъанчи гIадин, тириго, бусадаса гъоркье кIанцIана гьев. ЧIужуги ясги рокъор рукIинчIо, гьел магIарухъ рукIана. РекIелъ цо кинабалиго рохалил асар букIана, гьеб эркенлъиялдаса вохизейищ вохилев яги сабуралда, гIодовиччанищ вукIине кколевали лъалеб букIинчIо. Гьадин ургъел гьечIого вукIани, цо щиб бугониги ракIалда гьечIеб пашманлъицин ккеладаян пикрабиги рачIунел рукIана мех-мехалъ.

ГIезегIанго кIудияб идараялъул нухмалъулевги вукIун, жавабчилъиги цIикIкIараб букIун, ургъелалги, тIуразаризе кколел ишалги кидаго камулароан. ГIиссинккун гьиштIул бакъанги бачунаго, телевизорги биччан, кофе гьализабуна. Холодильник рагьана, гьеб чIобого букIана. Гьелдалъун бихьулеб букIана чIужу рокъой гьечIеблъи, амма гьеб бигьаяб иш, радалго кваналев чи щив вукIунев, гьале нахги буго, хIанги, ханалги руго!

КигIан цудунго къватIиве вахъаниги, азбар чIобого батуларо. Гьале жакъаги йиго мадугьал скамейкаялда гIодой чIун. Бакъанида гьеб скамейка цIун букIуна харабаз. ГьечIо гьездаса рорчIине бакI, бокьаниги, бокьичIониги ине ккола аскIосан, гьезие саламги кьун. Цо-цо мехалда, рекIел хIал лъикI гьечIого, цо сундулниги ургъалилъ, яги пашманал пикрабазда рокъоса къватIиве вахъунаго, Салимида ракIалде кколаан, пайда щибха, букIарабани цоги батIияб нух, гьал азбаралда гIодор чIарал, кинабго лъалел ва бихьулел, херал руччабазда аскIосан ине кколареб абун. Амма батIияб нух букIинчIо, микьабилеб тIалаялъул балконалдаса, халатаб малиги гьечIони, цоги батIияб ресги гьечIони, кинха гьав гьездаса ворчIизе вукIарав.

Жакъани гьев разиго гьимана гьей цо гIемер рекIелъ йосуларей, гIемер кIалъалей, мадугьалалъе. Гьей гIажиблъун хутIана, киданиги гьимуларев, гIедегIун унев ва гIедегIун вачIунев гьасие жакъа щибдай ккарабан. Гьей кодоб букIараб таргьаялъуй квалквадана, цинги, майилан, гьесухъе берцинаб багIараб гIеч бегьана. Салимил гьурмаде багIарлъи рехана, цо лахIзаталъ щиб гьабилебали лъаларого валагьун хутIана. Инкар гьабуни, гьелда квеш букIинилан ракIалдеги ккун, кIудияб адабалда, гьелъухъа, чурараб лъалареб, чуричIеб лъалареб, гIеч босана ва баркалаги кьун, жиндирго гаражалдехун гIедегIана.

Машинаги бачун гаражалдаса къватIиве вачIунев гьасие, данде бачIунеб машинаялъ нух кьуна. Гьас гьесие баркалаялъул ишара гьабуна. ХIалтIуде щвезегIан, гIемерисез гьав цевехун виччалев вукIана. Нухдасан уней гIолохъанай яс, гьасухъги ялагьун, гьимана. «ВахI, унго-унгоги рукIунел руго талихIал къоялги, – ан живго жиндиего гьимулаго, пикру гьабуна Салимица. – ГIадамалги лъикIал рукIун руго, къватIалги гIезегIанго квегIенал ва рацIцIадал руго. Дирги кинабго лъикI буго». Гьев сверухъе валагьана, жиде-жидер, цоцада релълъинчIеб, хIайранаб берцинлъи букIана, тIогьиллъулел ва цо-цоккун тIанхал роpтулел гъутIбузулъ. КвегIисаги кваранисаги ахираб заманалда цIакъго гIемерлъарал тукабазул кIудиял цIорол гордабахъ лъун рихьулеб рукIана, гьел тукабазда бичулеб къайиялъул цо-цо тайпаби. ТIоцере гьел рихьулел кинниги, кида ва лъица гьалгощинал тукабалги кафе-рестораналги рагьулелдаян пикрабиги гьарулаго, щвана гьев хIалтIуде.

Кабинетал рацIцIад гьарулей йикIарай уборщица, гьав вихьидал, кодоб букIараб чIортоги ведроялъубе рехун, гIатIидго гьимана.

– ВорчIами, дир вас, Салим, мун жакъа цевего щванагури, ккараб–тараб жоцин гурищ бугеб? – ан гьикъана гьелъ мухIканго гьасул бадиеги ялагьун.

– ГьечIо, кинабго лъикI буго, ХIабибат-ада, – ян гьимана Салим, – кватIизегIан рокъов вукIине бегьилищха гьадинаб хинаб ва лазатаб къоялъ…

Цо-цоккун рачIунел рукIана хIалтIухъаби.

– Мун сордо бан гьанивгойищ вукIарав, Салим Мансурович? – ан гьимана, нуцIаги рагьун, жание яккарай секретарша. – Кофе, чай?

Гьей йикIана гIолохъанай, рос–рукъалда гьечIей, гIезегIанго гьайбатаб куц-мухъалъул яс. Цо гьалмагъас гьарун, йосун йикIана Салимица гьей хIалтIуде. Цо-цо мехалда гьасда бихьулеб букIана гьей дагьай тIасайорчIун жиндехун гогьдарилей йигеблъиги, цIакъго кIваркьун гьасухъ гIенеккулейги, цIакъго гIатIидго гьимулейги йикIинги. Щибаб къоялъ хис-хисун тIад ретIунеб ретIелалъги бицунеб букIана, гьелъул Салимидехун

гIадатияб балагьи гьечIеблъи. Амма Салим киданиги валагьичIо гьелъухъ батIиял бераз, цониги абичIо ишалъулаб гуреб батIияб рагIи. Гьес кидаго рикIкIадегIан чIезаюлаан гьей. Гьесда ракIчIун лъалеб букIана, гьесие гьелдаса къваригIараб жо цого-цо жиндирго тIадал ишал тIуразари гуреб, цоги щибго гьечIеблъи. Гьав рикIкIалъанагIан, гьелъ жеги цIакъ яхIбахъулеб букIана гьесде гIагарлъизе. Салимида кинго бичIчIулеб букIинчIо, щай гьей, хъизанги бугев, гьелде кIварги кьоларев, жиндирго ишалъулав нухмалъулесухъ батIиял бераз ялагьулеяли…

Огь руччаби, руччаби! Лъида нуж ричIчIарал, лъида нужер хIалги ракIги лъазе кIолеб!..

КватIичIого кабинеталъуве лъугьун вачIана Салимил заместитель Карим. Салам-каламалдаса хадуб, Каримица абуна:

– Жакъа нилъер гьалмагъ ГIалил гьавураб къо рагIула. Бакъанида, хIалтIудаса хадур, нильги ахIун руго рестораналде. Ине ккела, кIикъоялда анцIго сон! Лъала, лъала, дуе гьеб бокьулареблъи, амма нилъ рачIинчIони, дов нилъедаса барщизе бегьула, кин букIаниги, гьев нилъее къваригIарав чиги вугелъул...

– ЛъикI буго, ине ккела.

Цоги мехалда гьединаб лъугьа-бахъин бугилан рагIарабго Салимил нодо букIкIун унаан, рокьуларон гьесие гьел данделъабиги, кванай-гьекъейги, иргадулаб лълъар борхулаго рагIулел цо-цо, цо къатIрацин жиделъ я ритIухълъи, я ракIбацIцIалъи гьечIел, хIелхIелчагIазул, мацIалдаса чвахун унел рагIабиги. Гьев вукIунаан рукIкIбузда тIад хIалицаго гIодов чIезавурав чи гIадин, мех-мехалда сагIтихъ валагьун, рахIатхун, сундулго кепги гьечIого.

Гьаб нухалдайин абуни, гьев, чIобого бугеб холодильникги ракIалде щун, вохизецин вохана: «Щай дун унарев? Щиб гIилла бугеб дир гьениве инчIого чIезе? Рокъов дихъ валагьун чIарав чиги гьечIелъул…»

ТIубараб къоялъ цониги чияс Салимил рахIатхвараб иш гьабичIо. Цониги квешаб хабар рагIичIо. ГIумру гьимулеб букIана, рохалилал чIоралги гьесда чIвазарулаго. РакIалде кколаан кинаб пашманлъиги, хиянатлъиги, къварилъиги ракьалда букIине бегьулебан. БукIана ракьалда талихI! Руго гIумруялда жанир талихIал лахIзатал! Жакъа къогIаги гурищ гьелъие нугIлъун бугеб.

Абула, цо къоялдаса цIикIкIун мун талихIав ватани, мун гIумруялъ гуккулев вугилан. Цоги абула: рохел – гьеб цIакъго къокъаб жойин, пашманлъи – гьелъулъ бугин даимлъийилан…

Къаси кватIараб гIужалъ, цодагьав гьекъонги вукIун, рази-ракиго, жиндирго машинаялдаги рекIун рокъове тIадвуссунев вукIарав Салим, нухлулаб полициялъ лъалхъизавуна.

– Щиб ккараб? Щиб дица мекъи гьабураб? – ан гьикъана гьес, гордуги рагьун, аскIове вачIарасда гьекъолеб жоялъул махI чIвазе гурилан, гордодаса дагьалъ рикIкIадегIан чIезе яхIги бахъулаго.

– Дуца свери, гьабизе бегьулареб бакIалдасан гьабуна, гьедин бегьуларо. Рихьея дур документал? – ан аскIовегIан вачIана цояв.

Салимихъа документ босулаго, узухъда, гьесда гьекъолеб жоялъул махI чIвачIого хутIичIо.

– Мун гьекъонги вугин ккола. Вахъа къватIиве, – ян буюрана гьес.

Салим къватIиве вахъана. Жиндирго ритIухълъи чIезабизеги лъугьинчIого, вуцIцIун чIана.

– Вилълъа дида цадахъ, протокол хъвазе ккола, – ян абуна гьесде берги рехун, гIолохъанчияс.

– Сваканги вуго, бегьулеб батани виччанте дун, – ан гьарана гьес.

ГIолохъанчи хIатIидаса бетIералде щвезегIан гьесухъ валагьана, цинги машинаялде бер рехана.

– Щуго, – ян абуна, сверухъеги валагьулаго, сасараб гьаракьалъ гIолохъанчияс.

…Гаражалда машинаги лъун, рокъобехун нух босарав Салимида, азбаралда бугеб добго скамейкаялда, гьасухъ ялагьун, гIодой чIун ятана, ичIабилеб тIалаялда, гьасул рукъалда тIад гIумру гьабулей кIудияй чIужу. Салим, гьелъие саламги кьун, аскIосан инехъин вукIана, амма гьелъ чIезавуна гьев:

– Дие лъазе бокьун буго, дуца киданиги гьеб хъалиян рехун тезе бугебищали? Дир астма буго, дуцаян абуни, дун жеги цIакъ унтизе ва хехго хвезе кIвараб жигар бахъулеб буго. ТIокIалъ цIаге балконалда хъалиян! Цоги нухалда дида дур хъалияналъул махI чIванани, дица васасда бицина, гьев спортсмен вуго, дуда лъалеб батила, мун вохиларо гьевгун дандчIваялдаса…

Салим вуцIцIухIун чIана. Гьев хIинкъун гуро вукIарав гьелъул васспортсменасдаса, гьев ургъулев вукIана, щайдай жинца жиндирго рукъалъул балконалда хъалиян цIазе бегьуларебилан. Гьес гьедин абизеги абилаан гьелда – дур иш щибин, дица дирго рокъоб  хъалиян цIалеб букIунилан. АбичIо. БокьичIо кIудияй чIужугун къацандизе.

Рокъобе нуцIа рагьизе кIул жанибе бегьулаго, гIодобе бортун бачIана кIисукIараб кагътил тIамач. Гьаб щибдайилан кодобе босарабго, гьеб батана квитанция. Гьелда хъван букIана рокъоб бухIараб токалъухъ кьезе кколеб гIарцул налъи бугилан. Гьеб гIарцул къадаралъухъ валагьарав Салим, жиндирго беразда божуларого, тамашалъун хутIана – рес букIинчIо гьедин букIине, гьас тIадал налъаби кьолаан цереккунгоцин. Лъица ургъараб ва киса босун гьеб гIарцул къадар бихьизабун бугебали кинго бичIчIулеб букIинчIо.

Бусалъе лъугьаравго, Салим, макьил гъваридаб кIкIалахъе вортана ва рогьинегIан цониги нухалда ворчIичIо.

РахIатхварал бакIал пикрабаз цIураб бетIерги тIаде борхун, гьев кофегIаги гьекъезейилан богорокъовехун вилълъана. Циндаго телефоналъул звангъи бахъана. Гьей йикIана росулъан кIалъалей чIужу Кавсарат. Щайдай гьалъ радалго ахIулебан ракIалдеги ккун, гьас хехго телефон кодобе босана.

– ВорчIами, хирияв, – ан рагIана гьелъул гIодобе биччараб гьаракь, – бокьун букIинчIо дие радалго дур рахIатхвезабизе, амма тIубачIоха, нилъер рукъалъул чIалу кьватIун буго, гьеб хисичIого, халатбахъун гьедин тезе бегьулеб хIалалда гьечIо. Щибдай гьабун лъикI? Дур санагIат гьечIищ гьаниве вачIине гьаб чIалу хисизе? Нагагь гьаб тIубанго бекани, тIох гIодобе иналда хIинкъараб хIал буго.

Салимил нодо букIкIана, цо лахIзаталъ, щиб абилебали лъаларого, пикрабалъ хутIана.

– Дир жакъа-метер росулъе вачIине санагIат гьечIо. Метер-сезе Москваялдаса комиссия бачIине ккола. ГIарац дица битIила кинабго

къваргIараб-таралъе, мадугьаласда кумекги гьарун, дуцаго тIубазабе гьеб иш, яги гьединго те, санагIат ккарабго дун ина росулъе…

Машинаялда хадув гаражалде унаго, азбаралда гIодор чIарал херал руччаби цIоро-гъорон ралагьун чIана гьасухъ. Гьав тIаде вачIинал гьоркьоб къотIизе тараб щурщуриялъ бицунеб букIана кIалъай Салимил хIакъалъулъ букIараблъи. Гьеб биччIчIулебги букIана, херазда гьоркьой гIодой чIарай, нолъ къаси гьасие хъалиян рехун теян кIалъай гьабурай, тIад йигей мадугьалалдасан. «Унгоха нужер хIал хисулеб хехго», – ян пикру гьабуна, рокьукъго гьезухъги валагьун, Салимица.

Цо къотIносан цоги къотIновехун сверулаго, цо санагIат гьечIеб хIалги ккун, гьасул машина, цо чамалиго секудалъ нух рикьуда чIовухъе хутIана. КIудияб хехлъиялда данде бачIунеб букIараб машина, гIасияб гьаракьги гьабун, машинаялда хъван-хъвачIого чIезабизе кIвана. Гордухъаги ваккун, Салимихъ валагьарав гIолисул мацIалдаса чанго хъачIаб рагIи борчIана. КигIан гьел рагIаби хIехьезе захIмат букIаниги, гьас, жиндирго гIайибги бичIчIун, данде калам гьабичIо, гьабизе заманги букIинчIо.

«ВахI, гьаб щиб жакъа къоялъул цо битIкколареб гIаламалъи, кинабго жо дида данде чIун бугилан ккола – ян ургъулев вукIана гьев, – сонисеб къоялъул рагIадцин рехулеб гьечIин ккола жакъаялде. ГIажаибаб жо буго гьаб гIумру, кIиго къо – кIиго батIияб къисмат, нолъ букIараб рохелалъул лъалкIцин хутIун гьечIо рекIелъ…»

Салимидиса цее хIалтIудеги щун, матIуялда цее лъухьа-гIуцIулей йигей секретаршаялъе саламги кьун, нуцIа рагьизехъин букIаго, гьелъ, кIарчамго гьимулаго абуна:

– Карим вукIана мун гьикъулев. Абилищ досда мун вачIун вугилан?

– Абе.

Цо чанго минуталдаса жаниве лъугьун вачIана Карим. Гьалъул-бицана, долъун цIехана. Хадуб, цо жо абизе бокьараб гIадин, гордухъа къватIивеги валагьун, гьев вуцIцIухIун чIана. Циндаго, гIодобе къулизе бетIерги биччан, Салимихъги валагьичIого, Каримица абуна:

– Лъаларо кин байбихьилебали… Дуда лъалаха, Салим, дица мина базе банкалдаса кредит босун букIараблъи. ЧIужуги лъимер гьабун рокъой йиго, дирги кIудияб харж гьечIо…гIезехъин гьечIо, кигIан яхI бахъаниги…

– Дуе бокьун батила харж цIикIкIинабеян гьаризе, Карим? Балагьилаха, дандбала, ургъила…

– Баркала, Салим, – ан багIа-бакарлъана гьев, – амма гьеб гьаризе гуро дун вачIарав. Сон нилъ ун рукIинчIищ гьалмагъасухъе гьесул гьавураб къо баркизе, ниж таманаб мехалъ хутIана гара-чIварулел. Досие къваригIун буго бажари ва лъай бугев заместитель, харжги гьанибалдаса лъабго нухалъниги цIикIкIун кьелилан абуна… Дуца гIайиб гьабуге, мун дир божарав гьудул вуго, амма хъизан хьихьи – гьеб тIоцебесеб бакIалда букIунелъул бихьинчиясул…

Салим, гIажаиблъун, гьесухъ валагьун хутIана. Гьесул ботIролъе киданиги пикруцин бачIунароан Каримица жинда цо къоялъ гьедин абилилан. ЖугьутIайги ячун, кIиго лъимергун ГIизраилалда гIумру гьабулев вукIарав Карим, чIужуги хиянатлъун, чараги тIагIун, татуги хун хутIун вукIана. Гьебмехалда ватана гьесда жиндирго цевегосев гьалмагъ Салим. Цо

лъидасаялиго Салимил телефонги балагъун, кIалъан вачIана. Гъалмагъасухъ гIенеккун, гъесда ракI гурхIун, цо лахIзаталъ нахъбахъун течIого, гъесие кумек гьабизе тIаде босана гьес. БитIана нухлухъ кьезе гIарацги, батана гьесие бегьулеб гIадаб, санагIатаб рукъги, жиндирго заместительлъун хIалтIизеги вачана. КватIичIого Каримица, цо лъикIай гIадан дандчIван, чIужуги ячана, рукъги бан лъугIулеб буго, машинаги босана. Гьале гьанже лъимерги гьабун буго.

Щиб гьалмагъасда абилеб лъаларого вуцIцIухIун чIун хутIун вукIана Салим. БакIаб сихIкъотIи лъугьана кабинеталъуб.

Циндаго, цо чанго къоялъ хIухьбахъичIого свакарав чияс гIадин, Каримил бадиреги валагьун, абуна:

– ЛъикI бугоха. Квалкал гьабизе гьечIо… Щивав чияс балагьула цIикIкIараб харж щолеб хъулухъ–иш. Дурги бугелъул гьелъие ихтияр. Нух битIаги…

Карим къватIиве ана. БакIал пикрабаз керенги цIун, ургъалилъе ккана Салим. Гьесие бокьун букIинчIо гьабсагIат щивго вихьизе, лъиданиги кIалъазе… Гьесие рихун букIана тIолабго дунял. Цинги секретаршаялда лъазабуна, жив лъиениги гьанив гьечIилан, дагьав лъикI гьечIого вугин, цо сагIаталъ диваналда вегун чIелилан.

Вегана диваналда. Вахъана. Гордухъе вилълъана. Хъалиян цIана. Кинго рекIее бигьалъи лъугьунеб букIинчIо. Гьадин тIубаларин ракIалдеги ккун, ишалъулаб кIалъай гьабизе къваригIун, гьенибе ахIизеян телефон кодобе босана. Гьебго номер секретаршаялъулги букIун, гьей телефоналъ кIалъалейги ятун, гIодоб лъезехъин букIана трубка, амма, циндаго жиндирго цIар рехсолебги рагIун, гIенеккун чIана.

– … гьав дирав, битIунтIилги вугоха жакъа щибго рази-ракилъи гьурмада гьечIого, – ян бицунеб букIана гьелъ цо лъидаялиго. – Кин къачIаданиги, гогьдараниги, гIинде нахъе щвезегIан гьиманиги, дихъ валагьулевцин гьечIо – цIорораб гамачI! Дида лъаларо кинаб нух гьасул рекIелъе бугебали, кин гьав веэдизе кколевали, дир анищ тIубазехъин гьечIин ккола…хIеккуневцин гьечIо. ТIоцебесеб къоялдаса нахъего бокьун буго гьав бусаде цIазе, хадув дирго ихтияралде гъоркье ккезавизе, харж цIикIкIинабизе, къватIисел улкабазде хIухьбахъи гьабизе ине, цIияб машина босизе диего. Гьасда ккун батилаха дун жиндихъ рокьи ккун холей йигилан. Огь ахIмакъ, огь гIабдал! Дие гьав живго гурелъул къваригIун вугев, чIужуги йигев чи, дие къваригIун буго гьасул гIарац…

Салимица гьаругьинан трубка гIодоб лъуна. Кинго кIолеб букIинчIо гIинда рагIаралда божизе. «ВахI, тамашалъи-гIаламат, секретаршаялъецин бокьун букIун буго дун махсароде кквезе. Дунни божун вукIана дун гьалъие рекIее гIолев вугилан. БукIун бугоха гьалъул жиндирго къваригIел дидаса. БитIун абуна долъ, цIакъ битIун: дун гIабдалги вуго, ахIмакъги вуго… Дида тIад релъанхъулелищха киналго рукIарал?.. Щибго жо лъаларого дунги вукIун. ВахI…вахI…ГIажаиблъи гьал гIадамазул…Гьадинаб жойишха гьаб гIумру букIараб…»

РакIалдаго гьечIого Салимица рагьараб нуцIил гьаракьалъ, секретарша тIуркIана. Гьелъ хехго телефоналъул трубка гIодоб лъуна. ЧIегIерал, релъеналъ релъарал бералги къапезарулаго, гьасул бадие ялагьун чIана.

Салимги валагьана гьелъухъ. ТӀоцее йихьулей гӀадин… «ТӀад балагьун гӀадатияй, берцинай яс йигилан кколеб буго… Лъидаха лъазе кӀолеб чӀужугӀаданалъул ракӀги, кинал пикраби гьелъул ботӀролъ ругелалиги…» – ан ургъана гьев цо лахӀзаталъ. Цинги абуна:

– ГӀайиб гьабуге, амма дие цо чанго моцӀалъ секретаршаялъул кумек къваригӀун гьечӀо. Баркала дуе киналъухъго, жакъа ахирисеб къо буго дур гьаний хӀалтӀулеб…

…Салим жиндирго идараялъуса къватӀиве лъугьана. Циндаго дораса-гьаниса данде ракӀарун рачӀарал накӀкӀаз бецӀлъизабуна сверухълъи. Ракьалде ртана цӀадалъул тӀоцересел чӀахӀиял къатӀраби. Салимие бокьулаан цӀад балеб мехалда, машинаги бугеблъго тун, шагьаралъул парк сверизе ине. Гьале жакъаги вилълъана гьев паркалдехун. ЧӀобого букӀана ракӀ. Пашманго вукӀана гьев. Щиб гьабилеб, гӀумру буго гӀумру, гӀадамалги руго батӀи-батӀиял, сундулъго цоцада релълъинчӀел.

Гьасда ракӀалде щвана эбелги эменги. ХӀалуцун, къварилъун лъугьана каранда ракӀ… Гьезул хобал руго росдал хабалалъ. ГӀураб заман буго гьезухъе щвечӀого. «Метерго ина магӀарухъе, – ян пикру гьабуна гьес, – метерго ина. Хабадеги щвела, чӀалуги хисила. Цинги, цинги хъизанги бачун, тӀадвуссина…»

ЦӀад жеги хехго базе лъугьана. Гьеб букӀана хинаб цӀад. ЦӀалтун виччулев живго вукӀаниги, гьелъул кӀварцин букӀинчӀо Салимие. Гьев кивего гӀедегӀун вукӀинчӀо. Щиб лъалеб, гьеб букӀун батизеги бегьула гьабсагӀат гьесие къваригӀараб жо – цӀалтун виччи…

## КИГӀАН ЧӀУХӀАРАБ БЕТӀЕРГИ КЪУЛИЗАБУЛА КЪВАРИЛЪИЯЛЪ

РакӀалдаго гьечӀого бачӀараб балагьалъ къулизавуна Зубаир. Гвангъун, гӀумруялъул кьер-кьерал расеназ кенчӀолеб букӀараб гӀумру, циндаго лахӀдуялде сверана. Гьесда ракӀалде ккана жив, цо тӀинуго гьечӀеб кӀкӀалахъе вортулев-вортулев вугин, кинго тӀиналдеги щолев гьечӀилан…

…Цо чанго моцӀалъ цеве гьесдаса талихӀав чи вукӀун ватиларин кколаан. ЛъикӀаб харжги щолеб, гӀемерал ресалги кодор ругеб, тӀадегӀанаб даражаялъул хъулухъалда хӀалтӀулев вукӀана Зубаир. Гьоркьоб къо унеб букӀинчӀо гьев дове-гьаниве ахӀичӀев: цоясул гьавураб къо баркизе, кӀиабилесул васасул яги ясалъул берталъе, лъабабилесул цо кинаб букӀаниги байрам баркун. Киве аниги, щивгун гӀодов чӀун квана-гьекъолев вукӀаниги, кидаго Зубаириде букӀана кӀудияб кӀваркьей. Гьесие сахлъи-рохел гьарун рорхулел рукӀана лълъаралги, гьесие букӀана гьабулеб рецц-бакъги, щивасе бокьун букӀана гьесулгун лълъар дандтункизеги.

Зубаир вукӀинчӀо къарумав чиги, гьединлъидалги батилаха, гьесда сверухъ кидаго рукӀунаан гӀолохъанал ясал, къойилго гьел рукӀана батӀи-батӀиял. Рокъой чӀужуги йикӀана гӀодойиччарай, калам дагьай, бадирчӀваял гьаруларей. Жеги эбел-инсул бетӀер къулизе, гьезул гьумер нечолеб жо гьабичӀев вас ГӀусман цӀалулев вукӀана университеталъул ахирисеб курсалда. ТалихӀаб хъизанги, лъикӀаб хъулухъги, сверухъ жен-жедулел цояздаса цоял гьайбатал ясалги, щиб къваригӀел кканиги, гьеб тӀубазабизе кумекалъе ругел

гьудулзабиги – цоги щибха къваригӀараб инсанасе талихӀавлъун вукӀине!

Балагь кидаго бачӀуна ракӀалда гьечӀого, нуцӀида кӀутӀичӀого, изну босичӀого. Гьедин, ракӀалдаго гьечӀого бачӀана Зубаирил бетӀералдеги балагь. Лъаларо, цониги чиясул берищ ккарабали, ялъуни гӀумруялъул талихӀ халатккун кьолареб гӀадатищ бугебали, яги ургъел-агъаз гьечӀого тӀамурал къоязул мунагьазул рецӀелищ рещтӀарабали.

ГӀодоркъоязги рокъов вукӀине щоларев Зубаир, хӀалтӀул къоязги къойилго кватӀун щолев вукӀана рокъове. Гьелде чӀужуги васги ругьунлъун рукӀана. Вас, гьав вачӀиналде, жиндирго рокъобе нуцӀаги къан, кьижун ватулаан, радал эмен тӀаде вахъиналде ГӀусман къватӀивеги унаан. Гьев вукӀана гӀамал берцинав, эбел-инсуца абуралдаса кьуруларев, ресалда рукӀаниги, дие гьаб къваригӀун буго, доб къваригӀун бугилан зигардуларев, рекӀелъ босулеб сипат-сураталъул, лъикӀав вас. Зубаир ругьунлъун вукӀана гьелде, гьесда ракӀалдецин кколароан батӀайиса букӀине бегьулебиланцин. Гьесие вокьулаан ГӀусман. Васасе гӀоло гурищ гьабулеб магӀишатги цогидабги букӀараб. КватӀичӀого васасул университетги лъугӀилин, гьесие хъулухъги балагьизе ккелин ургъулаан гьев мех-мехалъ. Амма гьелде жеги заман букӀана, захӀматаб иш букӀинчӀо Зубаирие васасе хъулухъ балагьи.

* * *

Цо къоялъ бакъанил гӀужалда, гьалмагъасул гьавураб къо кӀодо гьабун¸ ресторане банкет букӀине бугилан, Зубаир гӀедегӀун кабинаталъуса къватӀиве лъугьунаго, чванитиниб букӀараб телефоналъул звангъи бахъана. АхӀулеб букӀана лъалев тохтурас. Салам кьун хадуб, тохтурас абуна:

– Зубаир, дие кваригӀун буго мун вихьизе, заман батани, вакке дихъе.

– ЛъикӀ буго, гьудул АхӀмад, – ан жаваб кьуна разиго Зубаирица, – дида бокьараб мехалда батила заман мунгун гара-чӀваризе, гьабсагӀат бокьаниги.

– Метер вакке мун дихъе, дун духъ валагьун чӀезе вуго.

Къаси кватӀизегӀан гьекъолел-кваналел, иргадал рахъун, гьалмагъ веццун, гьесие сахлъи-рохел гьарун, лълъарал рохулел рукӀана гьал лъикӀаб данделъиялда. КватӀун щвана Зубаир рокъове. ЧӀужуги васги церего кьижун рукӀана.

Я къаси кватӀизегӀан, яги къо бакъаниде щвезегӀан Зубаирида цониги нухалда ракӀалде щвечӀо тохтурасул гьари. Циндаго лъицаялиго кабинеталъул нуцӀида кӀутӀана ва Зубаирица «жаниве лъугьа» – ян абилелдего гьеб рагьун ана. Жаниве лъугьун вачӀана тохтур АхӀмад. Гьеле гьеб лахӀзаталъ паркъана гьесул ботӀролъ пикру «Сон гьав дихъе кӀалъан вукӀанагури» – абун. Гьев столалда нахъаса тӀаде вахъана ва разиго гьалмагъасда данде гали тӀамуна:

– АхӀмад, дир гьудул, тӀасалъугьа, хӀалтӀи гӀемерлъун хутӀана, гьале гьабсагӀат ракӀалде ккун букӀана духъе ахӀилилан. ГӀодовчӀа.

Гьалъул бицана¸ долъун бицана. Чай-кофе гьекъана. АхӀмад мех-мехалда, гъоркьанго Зубаирихъ валагьулев вукӀана. Гьесул ботӀролъ женжедулел рукӀана рахӀатхварал пикраби, ахирисеб кӀиго-лъабго къоялъ тохтурасул ботӀолъе щибго унеб букӀинчӀо, гьесул пикраби рукӀана цохӀого-цо Зубаирида сверухъ, киндай байбихьилеб гьесулгун кӀалъайилан. Гьасда лъалеб букӀана ракӀалда жого гьечӀев Зубаирие жинца бицараб пашманаб хабаралъ кинаб асар гьабилебали. Ахирги гьесул хӀукму ккана, гьаниве-дове ваккичӀого, кьогӀаб хабар гьудуласда хекко бицине, нахъбахъун тани, гьелъул зарал гурони букӀине гьечӀелъул.

– Зубаир, дуда дурго вас ГӀусман кида вихьарав? Кида мун гьевгун кӀалъарав? Кин бугеб гьесул цӀали?

Зубаир цо лахIзаталъ вуцIцIухIун чIана. ГIезегIан заман букIана эменги васги цадахъ гIодор чIун гара-чIваричIого, цоцада рихьичIого. Зубаирие заманцин гIолеб букIинчIо гьелъие. ЧIужу йикIана васасул тIалаб–агъаз гьабулей гIадан, къваригIарабщинаб гьасги чIезабулаан. КинабгIаги гIарз-хабарги гьезул Зубаиридехун букIинчIо. Щивасул букIана жиде-жидер гIумруги, ишалги, пикрабиги. Цониги хIаталдаса борчIараб жо васасул букIарабани, гьасда гьеб лъачIого хутIилароан. Гьединлъидал, гьав, гIодовиччан, жиндирго ишазда, дандчIваязда, сапаразда вукIунаан.

– Цо чанго къо буго дида гьев вихьичIого…

– Гьеб кин, нуж цадахъ гIумру гьабулел гурищ ругел? – ан гIажаиблъана тохтур.

– Цадахъ. Амма дун гIемерсиеб мехалда кватIун щола рокъове. Вас кьижун ватула. Радал дун вахъиналде гьев университеталде ун ватула.

АхIмад цо параялъ Зубаирихъ валагьун чIана. Гьесул балагьиялъулъ букIана унго-унгояб гьудуласда ракIгурхIи, кинабгIаги щаклъиялъул асар рекIелъ гьечIев Зубаирида гьанже бицине кколеб буго гьудуласул ракIунтилеб хабар… Амма бицинчIого ресги гьечIо…

– ЦIалул соналъул байбихьуда киналго студентаз анализал кьезе ккола жидерго поликлиникаялда. Дица халгьабуна гьел киналго анализазул. Дур вас ГIусманил бидул анализ рекIее гIечIого, дица гьев дихъего ахIана ва гьарана гьесда цойги нухалъ бидул анилиз гьабизе ккелилан. Зубаир, дур вас ГIусман унтун вуго. Унтиги цIакъ лъикIаб гуреб буго. Бидул квешаб унти – лейкемия…

Зубаирида циндаго гуро бичIчIараб гьудулас бицунеб хабар. Кабинеталъуб бакIаб сихIкъотIиялъ ханлъи гьабуна.

– Дир вас ГIусман?.. Дуца бицунеб щиб, АхIмад? БукIине рес гьечIо… Йохъ, букIине рес гьечIо… Цошина кьогIаб макьилъцин гурищ дун вугев…

Циндаго, гIассиял гьаркьалги гьарун, гъугъадана зобал. ЛахIту гIадин бецIлъун ана дуниял. Пуна хехаб ва цIорораб гьури. Довехун-гьанивехун векерана, татухун, квер базе кьурул гIусги щоларого, кквезе гъотIол гIаркьелги щоларого, чара хун, къобухIун гьев БетIергьанасде вуссана, зодоре квералги ритIун гьардана:

– ХIалкIолев БетIергьан Аллагь, дуца гьабе кумек! Дуде буго хьулги гьариги! МунагьалъултIанкI гьечIев дир васасул чорхолъа унти бахъе… Бокьани дун унтизаве, дица бокьараб унти хIехьела, дир руго дуда цере мунагьалги тарал какал-кIалалги, дидаса босе рецIел!.. Хирияв БетIергьан, цIуне дир цого-цо вугев вас. Гьев унтани дидаги дир лъадиялдаги гьеб хIехьезе кIоларо… Гурх1а. Бет1ергьан, дир васасда.

* * *

Унго-унгояб жо батана, кигIан божизе бокьичIониги, васасул унтиялъул хIакъикъат.

Зубаирица вас вачинчIеб шагьарги, гьабичIеб даруги течIо. Гьев барахщичIо гIарцудаги заманалдаги. Амма, амма цIакъго кватIун батана. Унтиялъ гъваридал кьалбал риччан ратана. ЖужахIалъул цIаялъулъ рухIулел ругеб гIадаб хIал букIана бащдаб лъагIелалъ чIужуялъулги гьесулги. Цинги, васасул гIумруялъул ахирисел къоял, къан ккун гьесул, дагь-дагьккун рухI дагьлъулеб квергун, макьу-квен тун рогьана Зубаирица.

Унго гьев хиса-басарав куц! ТIубанго хъахIлъана бетIералъул рас. Цо кидаялиго чIухIун, борхун ккураб бетIер, гьанже гIодобе къулана. Бадиса чIечIого гирулел магIил гарал лъидаго рихьунгутIизе хIаракат бахъулеб букIана Зубаирица. Гьесие бокьун букIинчIо щивго вихьизеги, щивгунго гара-чIваризеги. Гьесие сундулго кIвар букIинчIо, щиб дунялалда лъугьунеб бугеб, доба къватIиб къаси мехищ бугеб, яги къад мехищ? Бакъ щвараб къойищ бугеб яги цIадищ балеб бугеб? Хаселищ къватIиб бугеб яги риийищали. Гьев валагьун вукIана къойидаса къойиде нур ссунел васасул беразухъ. Бокьараб иш, жиндирго бугониги лъале–хъвалев яги гIагарав чиясул букIаниги цо ахIараб телефоналъ тIубалев вукIарав Зубаирида, гьанже щибго гьабизе кIолеб букIинчIо, бихьулебщинаб дунял кьезе хIадур вукIана гьев васасе мадар лъугьани…

– ТIасалъугьа, нуж дидаса, – ян байбихьана цо къоялъ, ракъварал кIутIбузда мацIги бахъулаго, свараб гьаракьалъ ГIусманица, гьев, беразулъ гъваридаб пашманлъигун, цо кинабалиго гIайиб жинда ккараб гIадин валагьун чIана, вихьулаго херлъарав, къварилъиялъ чIварав инсухъ. – Дир рукIаралщинал анищал… Нуж дидаса рази рукIине, чIухIун рукIине, гIумруялда жаниб шибго рагIалде бахъинабизе заман кьун букIун гьечIо дие. Дада, эбел, нужее гьитIичалгIаги хутIизе чIужу ячинегIанцин хутIизехъин гьечIо дун… ГIайиб гьабуге, гьадинаб букIун буго Аллагьасул хъвай, – гьес, чIечIого бадиса магIу бацIцIуней эбелалъул кверaлда тIад лъуна жиндирго хIалакъаб ва бухIараб квер. – ГIодуге, эбел…сабру гьабе. Воре, дада, дуца эбел рехун тоге, гьеб дир дуде цого-цо гьари… Нуж дие лъикIал эбел-эменлъун рукIана, цониги гьечIо нуж пашманлъизе ва рекIекълъизе жо…

Нахъисеб къоялъ рогьалил гIужалда, цо лахIзаталъ кьижун ккарав Зубаир ворчIилалде, васасул къаркъала цIоролеб батана. «Кин дица гьаб хIехьолеб, щайдай дун холарев?! Кин дица хадусеб гIумру гьабилеб! Гьеб дихъа бажарулеб жо гуро!» – ан ахIдолеб, угьдулеб букIана каранда жаниб инсул ракI. Амма кьогIаб хIакъикъаталдаса ворчIизе бакI букIинчIо гьесие.

«Шагьаралъул хабалалъ вукъе вас, дун щибаб къоялъ хабаде щвезе ине», – ян гьардолей чIужуги тун, росулъе восана Зубаирица вас хабалъ лъезе, жиндирго эбел-инсуда аскIов вукъизе. Лъиданиги лъалеб букIинчIо кинал пикраби гьесул ботIролъ ругелали ва щай гьес гьедин гьабурабалиги. Щайгурелъул, росу букIана рорхатал мугIрузда, шагьаралдаса цIакъго рикIкIада. Якъинаб жо букIана, къанагIатго гурони гьенире щвезе гьечIеблъиги.

Хабалъ васги вукъун, дунялалдаса ракIги буссун, шагьаралде тIадвуссарав Зубаирида чIобоголъун ва янгъизлъун бихьана жиндирго рукъги шагьарги. Гьесда бичIчIулеб букIана: цебехун гIадин гьанжеялдаса нахъе щибго букIине гьечIеблъи. Макьу щоларел халатал, чIамучIал сардаз, тIаде вахъун, мех-мехалда балконалде ун хъалиянги цIалаго, гьас берщвезабулеб букIана къасисел чирахъаз гвангъизарурал шагьаралъул къватIаздеги, кигIан кватIараб заманаялъги гьоркьоса къотIичIого дорехун-гьанирехун хьвадулел машинабаздеги. Пикраби гьарулел рукIана жиндирго араб гIумруялъул. Лъугьа-бахъиназ цIун букIараб, щибаб минуталъ гьав хIажат вукIарал гIадамазулги гIумруялъулги. Гьавурав къоялдаса нахъе васасде гIемер кIварго кьечIо Зубаирица. Гьесда киданиги батулеб букIинчIо васгун кIалъазеги, гьевгун футболалъухъ балагьизе стадионалде инеги, цадахъ

живго гьавураб ва гІураб гІарагаб росулъе щвезеги заман. Гьасда кколеб букІана васасеги чІужуялъеги къваригІараб жоги жинца толеб гьечІин, киналго ишалги тІуразарулел ругин, хъизаналъул ургъелалги тІаса росулел ругин, цоги щибха гьезие къваригІунебилан. Унго гьав мекъи вукІун вугеб куц! Цо лахІзат гІадин, араб лъачІого боржун ана гІумруги, лъазего лъачІого лъимерлъиги ун, кІудияв гІун гІорлохъанчи лъугьун ватана васги. Бегьулебани гІумру цІидасан байбихьизе, цо къо гьоркьоб биччалароан вас вихьичІого, гьевгун гара-чІваричІого. Гьел, цояздаса цоял хІалуцарал пикрабаз турулеб букІана жаниса керен. РикІкІада хутІана гьудул-гьалмагълъиги, аваданалъи-рекІелгъеялги, берцинал ясалги, киве щваниги, живго кІодо гьавиги. Циндаго гьесда бичІчІана кигІан беццавлъунги, гІинкъавлъунги, хъизаналдехун кІваргьечІелъунги жив вукІаравали… Дагьдагьккун кІодолъулеб, керен-ракІ цІолеб букІана сундего ва киназдего данде чорхолъ гьелегьун бачІунеб рокьукълъиялъ. Зубаирида ракІалде ккана жиндир хІалтІиги гьудул-гьалмагълъиги кканин гІайибияллъун къисматалъ жив гьадин къварид гьавиялъеян.

Халатккун рокъов вукІинеги кІвечІого, хІалтІиги рихун, гьабизе жо тІагІарав гьасда ракІалде щвана цо цебего жиндаго рагІарабищали яги цІаларабищали лъаларо, цо чи, къварилъи бачІиндал, хІехьезе кІвечІого, рехун тІадегІанаб хъулухъги тун, берцинаб ва бечедаб рукъ-бакІги тун, цо рохьовеги ун, гьенив цохІо живго гІумру гьабун чІун вукІиналъул. Цебе гьасда ракІалде ккелароан гьев щив гІабдалилан, бегьулеб ва кІолеб жойищ рехун шагьарги, хъулухъги, гьудул-гьалмагълъиги ва квегІенаб рукъги тун гІалхуда-рохьоб гІумру гьабизе инеян. Доб мехалда Зубаирил ботІролъе унеб букІинчІо, кинаб къварилъи-пашманлъи инсанасе букІине кколеб гьедин рехун, ругьунлъараб эркенаб гІумруги, хирияб машинаги, тІадегІанаб хъулухъги тун, рохьов гІумру гьабизе ине кканиян. Гьанже бичІчІана гьесда кинабго. БачІана тІаде гьединаб къо – гьеб бичІчІизабулеб. Хвезеги бегьичІони, хадусеб гІумруялъул щибниги магІнаги гьечІони, щибха инсанасе гьабизе хутІулеб бугеб – талихІал гІадамаздаса рикІкІалъи.

Къаси-къад чІечІого гьеб пикруялда тІад ургъулев вукІана гьанже Зубаир. Вас хваралдаса нахъе тІубанго сихІкъотІанин ккола чІужуялъулги. Церехунги гІемер хинлъи-хІеренлъи, гьуинлъи ва гІищкъу-балаялъул цІурал рукІинчІо гьазул сонал. Гьанжейин абуни гьал тІуранго цоцаздаса рикІкІалъана. Зубаирида бичІчІулеб букІана щай чІужу жиндехун цІоро-гьорон ялагьулеяли, хІакъаб жо, гьелъ жиндирго пикрабалъ гІайиб чІвалеб букІана росасда. ТІаде бахъун хабар гьабичІониги, гьелъул рекІелъ магІлъун къан букІана росас васасдеги жиндегоги кьолеб букІинчІеб кІваралъулги, гьабулеб букІинчІеб тІалаб-агъазалъулги. Гьанже гІолохъанав васги ракьулъ лъун, цохІо жийго хутІарай гьей, гьурмал кьер босун, хІалакълъун, гьитІинлъун йикІана.

Гьединлъидалги батилаха, Зубирица, жив, магІарухъ бугеб, цебего рехун тараб, умумазул колохъ гІумру гьабизе унев вугилан абидал, гьей, гьев гьадинго кІалъалев чи вугин, кивейин гьев унев рехун шагьаралъулаб гІумруги жийги тунан ракІалдеги ккун, щибго абичІого юцІцІухІун чІана.

…Кули букІана цебего рехун тараб, амма гьелда сверухъ букІана гьайбатаб тІабигІияб бокІон. Зубаирида ракІалде ккана хасел тІаде щвелалде жанив вукІине цо рукъгІаги къачІан рагІалде бахъинабизе ккелилан. Гьес

кинабго къваригІарабщинаб цадахъ босун букІана. Цинги байбихьана гьес кули тІаде бахъинабизе ва риидалги кьиндалги жаниб гІумру гьабизе бегьуледухъ, рукІалиде ккезабизе. Рада-радалго вахъун, гурун рукьабигун байбихьана хІалтІуде. Къоялъ хІалтІизеги хІалтІун, къасиялде свакан, хІалицаго махІабазда вахъун чІолев вукІарав Зубаир, цо лахІзаталда жанив кьижун кколев вукІана. БацІцІадаб гьаваги, сверухъе сихІкъотІиги – сунцаго квалквал гьабулеб букІинчІо, радалидегІан цониги нухалда ворчІичІого, хІалхьиялда кьижизе. Радал тІаде вахъунаан ва кинабгІаги свакаялъул къатІрацин чорхолъ батулароан. Гьасие заман букІинчІо пашманал пикрабалъги восун, живго жиндаго гурхІун, цоялда хадуб цояб хъалиянги цІан вукІине. Мех-мехалда гьасие кумекалъе чагІиги щолаан. МагІарда цояб рахъалда кваналеб гІиял рехъада вукІана вехь – Зубаирил росуцояв ГІумар, цогияб рахъалда оцазул рехьедги гьезул рохьдохъанги. Гьелги рачІунаан, санагІат ккарабго, гьасие кумекалъе. Цо къоялъни чІахІиязул ва лъималазул тІубараб къукъаго бачІана росулъа гьасие кумекалъе.

МагІарухъ цудунго байбихьула хаселги цІоройги. Кьин тІаде щвелалде, тІубан рукІалиде ккезабун, рагІалде бахъана Зубаирил кули. Гьес шагьаралдаса, машина цІун, босун бачІана жиндиего къваригІарабщинаб бусен-къайиги, цІа-рагІги, цогидабщинабги. Йилъалъа цадахъилан гьасги абичІо, жийги ячІинилан чІужуги кІалъачІо. Гьедин ратІалъана гьел.

КъваригІарабщинабги босун шагьаралдаса тІадвуссарав Зубаирида, колохъе гІагарлъулаго, рикІкІадасанго гьенир цо рухІчІаголъаби рихьана. Рагьун чалиги батана, тІохдасан бачІунеб тІеренабго кІкІуйдул мухъги бугоан. Гьав тамашалъун хутІана гьенив жиндирго росуцояв-мадугьал МуртазагІали вихьидал. МуртазагІилица рачун колохъе щвезарун ругоан цо гІанкІуги, хІелекоги, цІцІеги.

– Зубаир, мун вуго цІияб магІишат гІуцІулев чи, – ан разиго гьимана гьев, – гьале дица дуе рачана ракІгъеялъе рухІчІаголъабиги…

…Гьеле гьедин, ракІалдаго гьечІого хисана Зубаирил гІумру. ГьечІо щибго даимаб жо гьаб ракьалда. Цо лахІзаталда жаниб тІубанго хисизе бегьула гІумруги, къисматги, хІакъикъатги. Беццлъугеги инсанасул ракІ. ТІамугеги нилъ нилъерго напсалъ хадур рекІекълъулеб гІумру гьабизеги, бугелъул къимат гьабизе лъачІого рукІинеги…

## ХАЛКЪИЯВ АРТИСТ

Дун жеги школалда цIалулеб заман букIана гьеб. Росулъ хабар тIибитIулаан «Мусал театр» бачIунеб бугилан. Бихьараб спектаклялъул бицунаго росдал гIадамазул унаан тIубараб моцI. Дун рикIкIада вукIана гьеб заманаялъ театралдаса ва гьеб щиб жоялиги лъалароан дида. Хадуб къисматалъ дун вачана гьаб искусствоялъул нухде.



Дирги Мусалги лъай хъвай ккана театралда. Нижер дипломалъе лъураб спектакль букIана «Хизри Мизри» абураб музыкалияб комедия. Гьеб нижеца бихьизабуна МахIачхъалаялда гьанжего гьанже рагьараб цIияб театралъул кIалгIаялъуб. Нижер спектакль хIадур гьабун букIана Тбилисиялъул театралияб институталда. ГIолев вукIинчIо кIиго актер гьитIиналго ролал хIазе. ГIоларел артистазул цоявлъун вачана Дагъистаналъул халкъияв артист Муса ГIабасов. Муса цеве вахъинги, гьесие кьабулеб хъатги данде кколаан. Ниж, гIолохъанал артистал, щибго жо бичIчIуларого хутIулаан, щай Мусае хъат чIвалеб? 50 абилел соназда Муса вукIана гьанжесеб къагIидаялъ абуни, театралъул цIва. ЦIваялъе гIунги тIаса борчIараб кинабго гьунар букIана гьесулъ, борхатаб, роцIараб гIащикъго ахIулеб магIарул кочIохъанасул гьаракь, кьурдуе махщел, хIаялъе бергьараб махщел, бегIераб рагIул устар, тирилъи, тулаклъи. Ралагьарал гIажаиблъизари. Халкъалъе театралде вачIаралдасаго вокьана Муса ГIабасов. Хадуб гIемерал соназ магIарулаз театралда абулаан Мусал театрилан… Гьеб рагIуца кьола къимат Муса ГIабасовасеги гьесул гьунаралъеги. Россиялъул халкъияв артист, Муса ГIабасовасда цадахъ гIемерал сонаца хIалтIарав МахIмуд ГIабдулхаликъовас «Дир театр» абураб тIехьалда хъвалеб буго «1942 соналъ хаслихъе авартеатр щола ТIаса-Инхобе. РештIен гьабула колхозалъул минаялда. Доб мехалъ театралъул директорлъун вукIарав ГIободаса ГIумаров Маккаца росдал гIадамазда цIехана библиотекаялъул къеда далун балалайка бихьидал, инхдерил гьеб хъвазеги гьунар бугебищилан? ГIемерго лъикI лъачIониги, цодагьабго гьеб хъентIезабизе дида лъалилан цеве вачIана гIолилазул цояв. ТIеренабго лага-гIучIалъул, накIкIуяб гьумералъул, кIалдиб кенчIолеб цо розол цаги бугев гIолилав. Гьес байбихьана балайка хъвазе. Маккаца гьесда гьикъана кечI ахIизе лъаларищан, гIолилас жаваб кьезегIан течIого инхдерил гIолохъабаз абуна гьелъиеги гьунар бугин гьесулан. АхIана гIолилас гьаб кечI:

**Месед-гIарацалъул къали базегIан,**
**КъотIи гьабиларин гьедуниищ йигей?**
**Гьеб жони дир гьудул дур гIакълу гуро,**
**ГIищкъул цIа рекIарав дунги рехун тун…**

Хадувго къурдизе гъавуна, лъикIабго концерт ккана гьеб, гIолилас артистазе бихьизе гьабураб». Гьединан ккола Мусалги театралъулгун тIоцебесеб лъай-хъвай. Доб заманаялъ ЦIадаса ХIамзатилги магIарулазул театралъулги лъикIаб гьудуллъи букIана. Гьезие кумекалъе цIалулаан насихIатал, кIвараб кумек гьабулаан театралъе. ХIамзатие цIакъ рокьулаан Муса ГIабасовас ахIулел кучIдул. Цо нухалъ коллективалъухъе вачIиндал гьес гIолохъанав Мусада аскIовеги вачIун хIеренго гьесул гъажалда кверги лъун абула: «Дир гьудул Муса! Дир гьари буго дуде сценаялдаса кечI ахIулеб мехалъ жигар бахъе гIенеккаразда гьеб бичIчIизе гьабизе. Поэтасул рагIаби къулчIизе бегьуларо, яги музыкаялда гъоркь гъанкъизе бегьуларо. Бадибе абунилан гIайиб гьабуге». ХIамзатил малъа-хъваязухъ кIвар кьун гIенеккулаан, гьесул насихIатазул кIудияб хIурматги гьабулаан артистаз.

Пашманлъизе ккараб жо буго Муса ГIабасовасул хIакъалъулъ хъвараб жо цIакъ къанагIат гурого батуларо. ХIан буго цIакъ берцинго гIадамазул ракIалда чIоледухъ С.Ахундовасул «Рокьи ва къисас»-алда Чингиз абулев чиясул роль. Гьел соназада хIарал ролазда гъорлъа беццулеб буго Мусаца хIарав Мольерил «Къарумав» абураб спектаклялда Къарум-Скапенил роль. Киб гьеб спектакль хIалеб бугониги, Буйнакскиялда букIа, доба рикIкIада колхозалъул клубалда букIа ралагьарал ракI-ракIалъ релъулаан Мусал герояс гьарулел махсарабазда тIад. 1950 соналъ магIарул театралъ анцIила щуго сон тIубаялде хIадурарал спектаклязда гIахьаллъи гьабула Мусаца. ГIузаир ХIажибековасул «Аршин мал алан» - Аскер. Ширванзадел «Намусалда» Рустам. Гьебго соналъ Дагъистаналъул автономиялъ лъеберго сон тIубай гьабулеб букIана тIадегIанаб даражаялда. Театралъул лъикIал артистазе щола хIукуматалъул шапакъатал. Мусаеги щола «ДАССРалъул мустахIикъав артист» абураб хIурматияб цIар. 1953 соналъ къватIибе биччараб «Театр» журналада хъвалеб буго: «Маляревскиясул «ГIажаибаб хазина» абураб спектаклялда хIалел руго гIажаибго гьунар-махщел камилал гIолохъанал



артистал. Гъезул хIай киназего рекIее гIуна, щайгурелъул, хIалеб буго ракI ракIалъ, гIадатго ва багъилго. Актер М.ГIабасовас гIуцIун буго къанагIатго щвалде щвезабураб, актерасул махщалил камиллъиялда абизе рагIи гъечIеб хIалалъ аслияв маргъодул багъадур, вехь Баирил образ. Баир вокьана балагьаразе. Гьев ритIухълъи цIунун къеркьолелъулги, хIикматаб хазина цIунун ругел, пасатал station асдагьабазде данде вагъулелъулги. Вокьана живго гIадал мискинзабазда гьоркьоб хазина бикьулелъулги чIухIарай ва берцинай Янжимае рокьул бицунелъулги…» Артистаца гIемер ракIалде щвезе гьабулаан «КIиго хважаинасул



хъулухъчиясда» Мусаца хIараб Труфальдинол роль. Гьесул Труфальдино вукIана тирияв, сихIирав, хадув гъурав макручи, кинаб роль хIалеб бугониги балагьаразе Муса вокьулаан. Гьесул гьунаралъе нугIлъи гьабулел гIемерал хIужаби руго. ГIузаир ХIажибековасул «Аршин мал алан» абураб музыкалияб комедиялда артистас хIараб Аскерил ролалъго бицуна нилъеда Мусал творчествоялъул борхалъи. Мусал роцIараб гьаракьалъги кечI ахIизе бугеб гьунаралъги кIудияб кумек гьабуна артистасе Аскерил роль балагьарал разияб куцалъ бихьизе гьабизе. Гьеб заман букIана «Аршин мал алан» абураб кинофильм къватIибе биччараб мех. ГIемерисез Муса ГIабасовасул гьаракьги, гьенив хIалев вукIарав Рашид Бейбутовасулги гьаракь данде кколаан. Кинаб роль жинца кодобе босаниги гьезда рекъон кколел релъаби ралагьизе артистасул гьунар букIана. Доб заманаялъ халкъалда цере рахъун кечI ахIизе гьунар бугел кочIохъаби дагь рукIана. Киназего бокьана Мусаца ахIулеб кечI. Мусагун гIодор чIезе, гьесул кочIохъ гIенеккизе бокьарал гIемерлъана. Гьел рукIана киналго магIарулал: бихьинал, руччаби, хъулухъчагIи, хIакимзаби. Мусал «адаб-хIурмат» гьабун гьесул сахлъиялдаса гьекъон, гьесда кечI ахIизабулел. Мусацаги инкар гьабичIо гьелгун гьекъезе. Гьунаралъул буго цо загIиплъи, рецц-бакъалъ бецц гьаби. Гьеб бакIалда артистас рачел къачIони, жиндирго гьунаралъ гъоркье рехула кигIан кIудияб гьунар бугевги. МагIарулазул театралъул директорлъун хIалтIарав Дагъистаналъул мустахIикъав артист МухIамад Батировас хъван буго ракIалде щвеязда: «Цо нухалъ дун щвана Расул ХIамзатовасул кабинеталде. Гьенивго ватана нилъерго гьудул Мусаги. Расулица дида гьикъана щай гьав Муса дуца хIалтIудаса нахъе рехаравилан. Дица Расулида бицана гьесул гIамал-пишаялъул ва тIокIав чIечIого гьекъолдиялъулги. Расулица абуна гьав Муса лъикI кечI ахIизе гьунар бугев чиги вугин, бегьиларин гьев театралдаса нахъе витIизе, хасго гьекъолдунилан гьев нахъе рехуге, щайин абуни, гьаниб Хъвадарухъабазул союзалда гьекъолдуларев цохIо Муса МухIамадов гурони гьечIин.



Расулица тӀадеги жубана, дагьабго гьекъеялъ гьунаралъе кумек гьабулин. Къокъго абуни, Мусаца гьекъеларин рагӀиги кьуна ва анкьабилеб нухалъ гьев хӀалтӀуде восизе къотӀиги гьабун ниж кабинеталдаса къватӀире лъугьана».

Дун театралде вачӀараб заманаялъ Муса вукӀана загӀипав, гӀемерал соназ унтуца кӀвекӀарав гӀадинав жиндирго соназдасаги гӀемерго цӀикӀкӀаравин кколев ригьалъул чи. Нижеца гӀолохъабаз гьесда гьарулаан Аскерил ария ахӀеян, гьес гьари нахъчӀвачӀого гьеб ахӀулаан. Гьел гурелги цойгидал кучӀдулги ахӀулаан нижее Мусаца. КечӀ лъугӀарабго, Мусаца цоцалъ хъаталги кьабун, абулаан: «Огь дир гӀолохъанлъи» - ян. Амма сценаялда цеве вахъун гьес гьеб мехалъ кечӀ ахӀулароан. «РекӀелъ бакараб цӀа» абураб Расул ХӀамзатовасул асаразда рекъон лъураб композициялда ХъахӀабросулъа МахӀмуд пандурги кодоб ккун, цо тӀохде вахараб мехалъ, гьениб Мусал гьаракьалъ ахӀулеб МахӀмудил кечӀ рагӀулаан. ГӀенеккаразда гьоркьов сценаялда гӀодовеги къулун, пашманго жиндирго гьаркьихъ гӀенеккун Мусаги вукӀунаан. ГӀолохъанаб мехалъ Мусаца ахӀулеб букӀараб кочӀоцаги, доб сордоялъ живго Мусахъ валагьунги дир пикраби хӀалуцун хӀалтӀизе лъугьунаан. Гьединаб гьаракьги ахӀулеб къагӀидаги гьанжесел кочӀохъабазул гьечӀо…

Бокьараб жоялда ракӀ рекъолев чиги вукӀинчӀо Муса, бицунеб рагӀиги гьесул букӀунаан кӀудияб. Муса кидаго театралде вачӀунаан къачӀа-кӀатӀан, гьесие бокьулаан галстукги бан, костюмги ретӀун хьвадизе. Гьесухъ балагьун, гьесухъ гӀенеккун бихьулеб букӀана, доб цебесеб жан, гуч жиндилъ гьечӀониги, жив кӀудияб гьунар кодоб букӀарав артист вукӀин. МагӀарулазе вокьулаан мунагьал чураяв ТӀаса Инхоса ГӀабасов Муса.

***Россиялъул мустахӀикъав***
***артист ХӀусейн КАЗИЕВ.***

## КIУДИЯБ ДУР ГЪУНАР БАКЪЛЪУН БУКIАНА

Муса ГIабасовасул цIар дида жеги гьитIинго рагIун букIана, щайгурелъул, цебе Авартеатр гIемер бачIунаан магIарухъе. Нижер Гъонода росулъе нух квешаб букIун, театр кидаго Гъолокь рештIунаан. Театр бачIун бугин рагIидал, анкьго-микьго километр нухлулги нахъа тун, лъелго гIисиналги-чIахIиялги унаан гьелъухъ ралагьизе, Гьолокье щвезегIан.

ГIадамаз бицунеб харбилъ букIунаан цо цIар: «Муса ГIабасов вачIун вугин, Мусал театр бачIун бугин». Цо заманалда Мусал театрин абулаан Авартеатралда.

Театр лъугIигун, кватIараб мехалъ, свакан холаго, Гъоноде тIадруссунаан. Гьеле гьединаб хIурмат букIана Мусалги Авартеатралъулги, магIарул театр, магIарул ракьалда, магIарул рокьулел артистал магIарулазухъ гьоболлъухъ ругеб мехалда. Актеразулги театралъухъ балагьулезулги букIана гьединаб гьуинаб гьоркьоблъи.

Лъабкъоабилел соназ машгьурлъи щвана Муса ГIабасовасул цIаралъеги, кечIалъеги, актерасул тIадегIанаб гьунаралъеги. Цояз-цоязухъе кьун, щивасул рекIедаги мацIалдаги накъищ гIадин, бикIун букIана Мусал цIар.

Цо заманалдасан ваккун вачIунев, цо заманалдасан тIагIунев, нахъеги цеве вачIунеб гIамал-хасияталъул чи вукIана Муса ГIабасов. Щайгурелъул, гьунар бугев чиясул киданиги цо къагIида букIунаро. Гьев дова мугIрул тIогьив вукIина, яги цо-цо ахалъуда хутIула. ГIумруялъги гьесул хIалбихьула, кIолищ гъосда яги кIоларищ хIакъикъатги къисматги хIехьезеян. СсогIал сухъмахъазда таричIони, гьесул цIар хвелгьечIолъиялде уна. Москваялда литературияб институтги лъугIун гьаниве МахIачхъалаялде ХIамзатил Расулил кумекчилъун хIалтIизе вачIараб соналда, дир лъай-хъвай ккана Муса ГIабасовасулгун. ГIенеккарал кIалдире ралагьун гьалгъан хутIулеб куцалда рагIи бицине махщел букIана Мусал.

Гьедин гара-чIварулаго, лъана дида Муса ГIабасов Инхоса ГIали-хIажиясул наслуялъул чи вукIин. Гьедин ккеялъе аслулъун букIана лъицаниги гьаб Дагъистаналъул литератураялда хъвалалде 1979 соналъ Литературияб институт лъугIараб мехалъ, байбихьана хъвазе «Инхоса ГIали-хIажияв» абураб поэма. Дида гьесул хIакъалъулъ щибгIаги жо лъалароан, цо цIаларaб тIехь гурони.

Дица, ГIали-хIажиясул кучIдузда жанисаса диего магIнаги балагьун, гьел кучIдузда гьоркьоса диего рокьарал бакIалги росун, гьесул кучIдузул шартIги цIунун, гъос тIамураб къагIидаялъ пикруги гьабун, гьелъ вачараб нухдасан инеги ун, гъолъ щвезабураб бакIалде щолищ, щоларищан диего суалги кьун, гIемераб гIажаибаб, доб заманалда гIадан хадув гъолареб, гIадамасда бичIчIулареб гIемераб гIакълуги, гIемераб кIодолъиги, Хъвана поэма. ГIемераб букIинесебги букIана ГIали-хIажиясул асаразулъ.

«ГIакълудал ралъад» абураб кочIол дуниялалъул магIна магIарулазда бичIчIизе гIемераб заман ана. ГIакълудал ралъад букIуна ГIали-хIажиясул асаразулъ гьелчолеб. Гьединлъидал, Муса ГIабасовги дунги гIемер заманалда харбида рукIунаан.

Дос дие бицунаан жиндирго гІумруялъулги, жиндехунго гьабураб жахІдаялъулги, хІалихьалъиялъулги, гьудуллъиялъулги, гьоболлъиялъулги, нахъегІанлъиялъулги. Кинабго жуба-гъубараб жиндирго къисматалъул сурат цебечІезабулаан дос дида…

Цо нухалда Мусаца абуна дида, жив театралда хІалтІулев вугила, амма жиндихъе ролал кьоларила, цо пенсиялда тІаде кьолел шагьи-кепекалде хьвадулев вугила жив театралдейилан. Бащдаб минуталъ гурони хІалареб роль кьун бугила аз жиндихъе, бокьилаанила мун валагьизе вачІине…

Гьанже дида доб пьесаялъул цІарги кІочон тана, амма кІочон течІо Муса ГІабасовги гьес бащдаб минуталъ хІараб рольги. Гьеб бугоан ахІи-хІур гІемераб спектакль. Циндаго цо европаялъул шляпаги лъун, ваккун вачІана Муса. Бащдаб минуталда жаниб гьесул гьумералъул азарго батІияб лъугьана хасият, цин гьаниве валагьун, цин дове валагьун, гьабунаха гьунар щиб жояли бичІчІизе. Цо рагІи абичІого, щив чи кколев актер, щиб жо кколеб театрги бихьизабун, гьимизеги гьимун, ана Муса сценаялдаса. Нуж божиларо, дие пьесаялъул тІагІам лъугІана, кигІан лъикІаб хІай актеразул букІаниги. Щай? Щайгурелъул, доб буго гьунар. Дида ракІалде ккола, Муса ГІабасов вукІана анцІго процент гурони, гьунаралъул халкъалъухъе щвезабичІого тарав чи. Гьеб анцІго процентги гІуна, гьев нилъеда ракІалдачІеялъе, халкъалда гьоркьов гьев машгьурлъиялъе. Дида бицана: Цо нухалда Авар театралдаса къватІиреги рахъун, къотІноса гІебеде рачІине рукІун руго Даку Асадулаевги АсхІабгІали ХІасановги. Довасан жидедаго данде вачІунев цо дагьаб кепалдаги вугев Муса вихьун вуго азда. «Нилъ цодагьал гІедегІунги ругин, Мусаца гІемер заманаялъ чІезарулин нилъилан, рачІайин цо батІияб рахъалъ сверизе» – илан абун буго Дакуца.

ЩибгІаги азда лъаларедухъ, довасанги сверун, битІун азда данде вачІун вуго Муса.

– Ле, Даку, – ян абуна Мусаца, – дунги вукІана гьев жакъа мун гІадин борхалъиялда, амма мун гІадиналги цоги дудаго релълъарал магІарулазги, Муса, гьаниве вачІайин тІун. Муса, мун гІадинав актер гьечІилан тІун. Муса, нижее хирияв вугилан тІун, магІарулаз хвезабуна дир гІумру. Гьединлъидал, нуж дидаса рахчаруге, нужецаго нужго цІуне кІолеб батани, гІадамаз тІураб-тІураб гьекъечІого, – ян абун, гьезие дарсги кьун, ун вуго Муса ГІабасов.

Цо тамашаяб гІадат буго нилъер магІарулазул, нилъее нилъго рокьуларо. Нилъеца ралагьула нилъерго гьалатІал. Нилъеда гьоркьоб кидаго букІуна киса щварабали лъалареб гІажаибаб жахІда.

Цо пуланав чи цевехун унев вугони, кидадай гьев гІодов ккела, кидадай гьесда цебе гали лъезе щвелаян рукІуна нилъ. Квер кьолев чи вукІунаро, зар бихьулев гурони.

Гьединлъидал, гьунар, ганчІида гъоркьан баккулеб тІегь гІадин, тІегьан бачІуна. Гьелъие сундаго квалквал гьабизе кІоларо, амма гьунаралъе кумек гьабизе ккола. Кумекги гьечІого бачІараб ва ракьалда хутІараб гьунар букІуна бищунго къуватаб. Квалквалги гьабулаго, гьаб ракьалда хутІараб буго Муса ГІабасовасул гьунар.

Муса ГІабасовас жиндирго гьунаралъулабги, гІаданлъиялъулабги, чилъиялъулабги борхалъи хвезе течІо.

Гьеб дида рагӀана, гьеб дир беразда бихьана.

Хъвадарухъабазул цолъиялда Расулил кумекчилъун дун вугеб мехалъ, вачӀунаан Муса, цо гӀадатияб кепкаги лъун, чӀолаан дида цеве.

– Вугищ гьав? – ан гьикъулаан дос.

– Вуго, – ян абулаан дица.

– Дун ине вуго асухъе.

Айилан абулаан дица, хадув дунгоги унаан Расулил кабинеталде.

Саламги кьун, Муса аскӀове щведал, вахъун вачӀунаан тӀаде Расул.

– Огь, дир Лабазан, огь, дир Лабазан, вачӀаравищ, вачӀаравищ? – ан къвалги бан, каранде къалаан Расулица Муса ГӀабасов.

Хадубго «МагӀарулай» пьесаялдаса кочӀол мухъал рикӀкӀунаан Мусаца:

**«Вай багӀараб рокьи, чӀегӀераб рокьи**
**ЧӀоло хъахӀаб рокьи, хъахӀилаб рокьи»,** – ян.

Муса ГӀабасовас роль хӀалеб мехалда, Москваялда Юрий Завадскияс абун буго: «Муса ГӀабасов Европаялда вукӀаравани, гьесие тӀубараб Европа мукӀурлъизе букӀана, гьедигӀанги гьунаралда, махщалида хӀалеб букӀана гьос «МагӀарулай» пьесаялда Лабазанил роль», – илан.

ГӀемераб мехалда хабар-кӀалалда рукӀунаан Расул ХӀамзатовги Муса ГӀабасовги. Мунила жиндихъе гьекъолеб жо тараб мехалъ вачӀунев вугила, гьанже чайищ дица дуе тӀелебин махсаро гьабулаан Расулица Мусае

Гьеб букӀана гьунаралда гьунар бичӀчӀиги, гьунаралда гьунар лъайги. Щайгурелъул, цогидаз абизе бегьула араб гӀасруялъул лъабкъоабилел соназ хӀалтӀарав довги досул рольги гьунарги, жиндие щибизеян абун.

ХӀамзатил Расулица гӀемер ракӀалдещвезавулаан Муса ГӀабасовги дос хӀалел рукӀарал ролалги.

Дида магӀарулазул театралда бищунго нилъер халкъалда, нилъер ракьалда, нилъер гӀумруялда гӀадамазул ракӀазулъ хутӀараб лъабго цӀар лъала. Гьел руго Муса ГӀабасовги, Зайнаб Набиеваги, Басир Инусиловги.

Гьал дица тӀадехун рехсолел лъабалго рукӀана кӀудияб гьунаралъул нилъер магӀарулазул, нилъер Дагъистаналъул бергьараб гьунар-махщел бугел актерал. Авартеатр театрлъун гьабурал артистал рукӀана гьел.

Басир Инусиловас хӀарал ролал хутӀана, Зайнаб Набиевалъ хӀарал ролал хутӀана, Муса ГӀабасовас хӀарал ролал хутӀана. ГӀадамазда кидаго кӀоченаро «МагӀарулай» пьесаялда Лабазанилги, «Аршин мал алан» абураб пьесаялда Аскерилги Мусаца хӀарал ролал.

Гьел рукӀана такрарлъи гьечӀел гӀадамал. Нилъер гьаниб Дагъистаналда гьозул хӀакъалъулъ кино бахъизе, ялъуни бихьизабизе телевидение букӀинчӀо. БукӀинчӀониги, гӀадамаз цоцазда бицун, цояз цоязухъе кьун, цӀунана театралда хӀараб роль.

Гьединлъидал, дир кӀудияб рохел буго, дир кӀудияв гьудул, унго–унгояв гӀакъил, ГӀабасов Мусал хӀакъалъулъ гьаниб жакъа нужее бицине щвеялдасаги, гьесул хӀакъалъулъ хинал рагӀаби абизе рес ккеялдасаги.

Нилъеда лъала гӀумру бигьаяб жо гуреблъи. Жакъасеб къо буго цӀакъго захӀматаб. Гьунаралда дандчӀвала гӀемерал къварилъаби. Гьезда тӀасан

галиги тIамун, гьунаралъ цо нухалъ бахIарчилъи гьабуни, гьеб хутIула, кьурулъ чIвараб магI гIадин, актерасе бараб памятник гIадин. Гьесул гьунарги цIарги уна даимлъиялде.

МагIарулазда лъалеб, гьезда бичIчIулеб къагIидаялъ, гьезда бихьулеб борхалъиялдеги вахун вукIарав Муса ГIабасов гIадамазул рекIелъа кивениги унаро. МагIарул театралда гьесул сурат хутIичIониги, бахъараб кино батичIониги, дица гIемераб бицана дир беразда бихьараб, Мусаца ролал хIараб цо чанго спектаклялъул. Щай? Щайгурелъул гъов вукIана гьунаралъул бацIцIун тIагIунареб лъалкI. Гьев вукIана, щиб спектаклялда роль хIаниги, жиндирго хасаб хатI бугев актер.

Цоязда вичIчIун ватила, цогидазда вичIчIун ватиларо, цоязе вокьун ватила, цогидазе вокьун ватиларо, цоязул гьудуллъи букIун батила, цогидазул жахIда букIун батила, цоясул ццин букIун батила, цогиясул гьоболлъи букIун батила – гьеб кинабго буго, цадахъ, цо нухдасан унеб жо.

Гьебго нух буго шагIирасулги, кочIохъанасулги, композиторасулги, художникасулги. Гьел гьунаралда хурхен бугел гIадамазул нухдасан унеб цо-цо хьирхьидулеб борохьги гьимулеб бакъул чIорги кидаго камуларо. Гьеб гIемер бихьарав, гIемер лъарав, гьелъул магIна босанагIан, гIадан хIисабалда кIодолъарав чи вукIана Муса ГIабасов. Нилъеца цебего тIалаб гьабизе кколаан гьел актеразул хIакъалъулъ тIехь хъвазеги, документалияб кино бахъизеги.

Муса ГIабасов ккола нилъер халкъалъул, нилъер ракьалъул, тIолабго Дагъистаниязул чIухIилъун. Щайгурелъул, Мусал театрги, Мусал кечIги, гьесул бакъанги, рагIиги, гьесул гIаданлъиги буго жакъа къоялдаги нилъее хутIараб хазиналъун, нилъее хIажатаб дарслъун.

Мусал гIадинаб къисмат букIуна киназулго, нилъеда ракIалде щвани щола гъол, щвечIони, гьезул цIарги, цIваги сун уна. МагIарулазда ракIалде щвечIони, нилъеда хадурги рекерун, гьеб ракIалде щвезабуларо, цогидаб батIияб миллаталъул чагIаз. Нилъго нилъеего рокьизе ккола, нилъго нилъедаго лъазе ккола.

Нилъер халкъ цIунизе ккани, цин нилъерго цIваби цIунизе ккола. Гьединал цIвабзазул цояв вукIана Авартеатралъул унго-унгояв актер Муса ГIабасов. ГIадада гуро абулеб бищунго тIадегIанал цIвабзазул канлъи кватIун бачIунин гIадамазухъейин.

Цудунго бачIаниги, кватIун бачIаниги, хIажат буго нилъее нилъерго халкъалъ гъоркь гьунаралъе гъулбас гьабурал, гьунаралъул лъакI тарал шагIирзабиги, кочIохъабиги, композиторалги, художникалги, актералги кIодо гьаризе.

ГIали-хIажиясул наслуялъул чи, гьесул росулъа вахъарав Муса ГIабасов ккола нилъее унго-унгояб гьунаралъул кIудияб мисаллъун. Дица киналго магIарулазда, Гумбет районалъул жамагIаталда хасго инхосезда баркула Муса ГIабасовасул къо.

***МухIамад АХIМАДОВ,***
***Дагъистаналъул халкъияв шагIир.***

## МУСА ГIАБАСОВ

**ГьитIинаб мехалда росулъ бихьараб**
**Сурат буго дида цебе чIун гьанже:**
**Гьонодисел руго рекерун унел**
**Гьолокь бугин къаси Авартеатр,**
**Муса ГIабасовги рагIулин гьенив.**

**«Мусал театерин» халкъалъ цIар кьураб**
**Заман букIана дур, Авартеатр**
**Дур сценаялда хIикматаб лахIзат –**
**Лабазан–ГIабасов…ГIадамзул хъуй.**
**«МагIарулалда» гьес роль хIалеб мехалъ.**

**Вихьана ХIамзатов, Муса вачIиндал,**
**«Дир Лабазанилан» данде вахъунев,**
**Хъат дуе кьабунин магIарул халкъалъ,**
**Халкъияв Лабазан вугин дир Муса,**
**Халкъияв артистлъун вахъананиги.**

**Дида кватIун лъана Муса ГIабасов,**
**ГIумруялъ кIвекIарав, къисмат пашманав,**
**Пашманаб мехалъги рохел лъугIичIев,**
**МагIарулав вукIин рекIелъа инчIев.**
**ТIадинхоса вукIин кIочене течIев.**

**ГIаракъиги кIочон, чайги гьекъон ниж**
**Чанги гIодор чIана хабар–кIалалда:**
**ГIали-хIажиясул наслуялъул вас**
**Муса, мун хутIана гьудуллъун рекIелъ,**
**Гьаб дуниялалъул магIна бичIчIарав.**

**Бихьана цо нухалъ театралда,**
**РагIи абичIого, дуца хIалеб роль.**
**Кинабго кIочана – гьеб кIочон течIо,**
**КIудияб дур гьунар бакълъун букIана,**
**Гьелъул хинлъи буго халкъалъе хутIун.**

**ГIали-ХIажиясул баракат щваги,**
**Щивав магIарулав, дуе ракьалда**
**Ва гьесул кьолбол вас – Муса ГIабасов**
**ГIасрабаца рекIелъ цIунун те дуда:**
**Гьесул гьунар буго – магIарул гьунар.**

# Назмаби



**МахIмуд-Апанди**
**МУХIАМАДОВ**

## МИКЬМУХЪИЛ КУЧIДУЛ

* * *

**Аллагьас цIунаги балагьаздаса,**
**Багьана гIемерал гIузрабаздаса,**
**ГIилла батуларел тохлъабаздаса,**
**Тезе захIмалъулел квешлъабаздаса.**

**Агьлу гурездаса цIунун хутIаги,**
**ЦIаралда тIанкI лъурал рикIкIада таги,**
**РакI бухIи кколареб гIумру гьабизе –**
**Гьабе дуйго вагIза, МахIмуд-Апанди.**

* * *

**Бича-хисияли гьукъун букIана,**
**Гьанже, тукен рикIкIун, рекIкIал багьаби.**
**Бичулел гIемерал, босулел дагьал,**
**Дуниял бикъулел къватIул базарал.**

**Лъида гьанже гIадаб даран бихьараб,**
**Босулев чиясул щекъер къакъалеб,**
**Я гIаданлъи гуреб, я гIадлу гуреб**
**ГIумру гIазаб гурищ, МахIмуд-Апанди.**

* * *

**Гургинаб жо буго бакъул дуниял,**
**Данде ккола чагIи чанго батIиял,**
**Дуе рокьаралги, мун вокьаралги,**
**Вокьияли кисса, мун рихаралги.**

Дуе рокьаразе мунги вокьани,
Кьураб талихI буго ракьалда гIумру.
Мунго рихаравги дуйго рихине
Хиялцин гьабуге, МахIмуд-Апанди.

* * *

ГанчIидаса бакIаб рагIиги речIчIун,
ЧIвазе вахъана дун ццидалав чияс;
ХечгIанги бегIераб рагIиги тункун,
Тана мунагь гьечIев, гьедин хвайилан.

Щай рукъ бухIаясда берцинаб калам
Кинго батулареб авар мацIалда.
Махсаро гьабизе лъалеб гьечIони,
ГьечIо дурги пайда, МахIмуд-Апанди.

* * *

Гьаб дуниялалда ралел соназул
ХIисабалда рекъон, гIумру гьабизин;
Доб ахираталъул хиралъиялъул
Хиялалда борцун, динги гьабизин.

ЖужахI хIехьеялъе хIал гIелин ккани,
Напсалъе бокьахъе кепги кьабгIилин.
Кеп лъугIун хадуса  гIодизе кколеб
ГIамал жахIабго те, МахIмуд-Апанди.

* * *

ГIарац гIемерлъиялъ гIадлу биххарал
ГIадамаца буго дунял квегъулеб.
Ккарасда зар балеб заманаги тун,
Танчил гулла буго гаргазабулеб.

ГIелму-цIар бугелги бегуниса лъун ,
Лъайго гьечIел руго бергьун рагIулел.
ГIарац гIазабила  гIакълу гьечIесе,
ГIамал цIуне дуца, МахIмуд-Апанди.

* * *

ГIадамал ратулел  батIи-батIиял,
РитIухълъи бокьулел, тIекълъи гьабулел;
Цоял жидеего кьезе бокьулел,
Цоял жидецаго кьурун бахъулел.

ГIадан вижун вуго гIаданлъиялъе,
ЛъикIлъи гьабиялъе, гьуинлъиялъе.
Гьобол рази гьаве, гьудул вохун те,
Хириялгун хьваде, МахIмуд-Апанди.

* * *

Илбисалъ малъана – дуца гьекъана,
Рекъел, рокъоб гуреб, къватIибги хвана.
Илбисалъ ецщана – дуе йокьана,
Ячунарей гIадан гIодизаюна.

ГIаламбижарасул лагъ вукIарав мун
МалгIуналъул къвалакь къуравлъун ккана.
ЩайтIан-илбисалда къвал бараб гIумру
Къол нухалъ рикIкIад те, МахIмуд-Апанди.

* * *

Ракьанде щвезегIан гIусалги рихьун,
Хьимарацаги нилъ гуккун ратула.
Гарбида жемизе гъуждулги риччан,
Рокьараздаги нилъ рихун ратула.

Гьими бихьаниги ракI бихьунгутIи,
Хьонлъул чиясдаги ккела бичIчIизе.
Дуй вокьанщинасе мун вокьулилан
Воре, ккоге дуда, МахIмуд-Апанди.

* * *

Тущман ккола нилъер ракьалде вачIун,
Ракьги гIадамалги бидулъ лъурав чи,
Ракълилаб гIумруги, гIишкъул къоялги
Нилъей теларилан туманкI ккурав чи.

Тушман вачахъула, вацаллъун рахъун,
Цолъарал гIадамаз, ватIан хирияз.
ВатIаналде бугеб хIасратаб рокьи
Кье ирсилазеги, МахIмуд-Апанди.

* * *

ТIагъур бахъизеян витIарав нукар –
БетIер къотIунила тIадвуссун щварав;
ТIадчиясул кверщел кодобеги кьун,
КьогIав чи тун хадуб хвеларищ гIадлу.

**Аллагьас цIунаги бетIер гьечIев чи,**
**БетIераб ишалде тIамиялдаса.**
**ТIекъав хIакимасул питнаялдаса**
**ЦIунагиян гьаре, МахIмуд-Апанди.**

*** * ***

**Харжида хъвачIого, хъамун босараз,**
**Росу жаниб гьунеб гьундул ран руго.**
**Рибаги ришватги динлъун ккураца**
**Цогидазул рикъзи къунцIулеб буго.**

**Цо гьезул паркъейги, цо ретIакъайги,**
**Цо квана-гьекъейги, ханги хан гуро.**
**Гьедин бахъаразул буголъиялда**
**Бахиллъуге воре, МахIмуд-Апанди.**

*** * ***

**Хан кIодо гьавулел лагъзал кинигин,**
**Ккарав хIакимасе хIелулел цоял.**
**Цебе хъат ккун чIарав гьардухъан гIадин,**
**ГIарац бикъулезе къулулел цоял.**

**Гьезул рекIелъ иман букIарабани,**
**Инароан гьадин гьагаб нухдасан.**
**Аллагь кIодо гьавун, Авараг вокьун,**
**Ракьалда хьваде мун, МахIмуд-Апанди.**

*** * ***

**Хъат чIвалаан цебе хIукуматалъе,**
**ХIалтIулъ бергьенлъаби росулеб мехалъ.**
**Гьанже чIукIнабазе чIвалеб буго хъат,**
**Хъурмаца кинигин буголъи тIолел.**

**Реформа цIалаго цIогьой рагьарал**
**Рагьабахъан хъатил хъуйищ къотIилеб;**
**Къеркьейги чIезе тун гьаб тIекълъиялда**
**ТIад рекъон чIчIоге мун, МахIмуд-Апанди.**

*** * ***

**Цо квешлъи гьабулел лъимал рихьани,**
**РуцIцIухIун унелги – аб дунялалда.**
**Дирги дурги боцIи бикъулеб мехалъ,**
**Хабар гьабичIелги – гьаб дунялалда.**

Къурав вухулесул, сахав чIвалесул
Квер чIезабичIевги – гьаб дунялалда.
Дунялалъул рокъоб ритIухълъи цIунун,
ЦIадавеги кIанцIе,  МахIмуд-Апанди.

* * *

Цоял хашадула хвелеб хIалалда,
Хадуб биххун ине бугеб магIишат;
МегIер-гIалах цIураб гIи гIезабула,
Лъица хъвелебали лъалареб боцIи.

Дин тун гьабизесеб дуниялищ гьаб,
Дун вакъуца хвезе вижунищ вугев.
Рикъзи дуе кьолев Аллагь вугелъул,
Ургъел ккоге дуда, МахIмуд-Апанди.

* * *

Чан чабхъадулазул чвархъи бахъинчIеб,
Бахъун Дагъистангун руссинин абун.
Расги бокьичIого чамал лъутичIел,
Квешлъиялде данде квешлъиги батун.

Кицабазда бицун букIунеб гIадин,
Чамал жанир ккечIел бухъаралъуре.
Дуцаги гьабуни гьагаб тущманлъи
Батила дудаги, МахIмуд-Апанди.

* * *

Ахиратги буго. Алжанги буго,
Алжан хIарамазе жужахIги буго.
ЖужахIалъул цIаялъ рухIи лъаниги,
Бикъулел, хъамулел, чIвалелги руго.

Нужер зулму щварав барщун вукIаго,
Нужей рорчIи гьечIин Аллагьги вуго.
Аллагь разилъулеб гIамал кквечIони,
Ккела мунги мекъи, МахIмуд-Апанди

* * *

Бечедав чийилан, чвантаги рагьун,
ГьечIого гьекъолев гьалмагъ ватула.
Кутакав чийилан, чорхолги бицун,
Цинги лъутулевги лоти вихьула.

**Живги пасихIавин гьава–бакъалда**
**Гьунарго  щвечIевги шагIир рагIула.**
**Дунги гIалимилан дагIбадулевги**
**ДовегIан те дуца, МахIмуд-Апанди.**

*** * ***

**Гьардухъан вачIани, садакъа кьезе**
**Сахавалъи гIола мискинчиясул.**
**Бесдал лъимералъе лъикIлъи гьабизе**
**Гьунарги рекъола иман бугесул.**

**Мажгитгун-мадраса базе кIварасе**
**Сахаватлъиялъул цIар кьезе ккола.**
**Лъидехун буссунги, сундуе кьунги,**
**Садакъа кье дуца, МахIмуд-Апанди.**

*** * ***

**ГIалимги гIелмуялъ гуккун ватула,**
**Жинда гIадин щибго лъаларилан ккун.**
**Жагьилги жагьлуялъ гIадал гьавула,**
**ГIакълу жинда бугин ракIалдеги ккун.**

**Амма мискинлъиялъ басра гьавурав**
**Пуланасул пикру гьороца уна.**
**Инсан паналъулел пикрабаздаса**
**Мунго рикIкIад вукIа, МахIмуд-Апанди.**

*** * ***

**Дунялалъе гIоло вижарав ани,**
**Ахираталде чи вачинароан.**
**Абадияб рукъги букIинчIеб ани,**
**Берцинаб тIабигIат тIад лъелароан.**

**Дунял паналъулеб хIакъаб бугелъул,**
**ХIакъидаса рикIкIад вукIине ккела.**
**Дурго напс бокьахъе биччан течIого,**
**Чангит бай дудаго, МахIмуд-Апанди.**

*** * ***

**Даимаб гIумру кьун мун толев гIадин**
**Дунял данде гьаби битIараб гьечIо.**
**Метер хвезе вугев чияс кинигин**
**Динияб рахъ бачин беццараб буго.**

Беццарабги рихун, какараб боси,
Киназдаго аскIоб учузаб буго.
Аллагь разилъулеб нух дуца ккуни,
Ккела мунги витIун, МахIмуд-Апанди.

* * *

Цо пударулев чи гьедарулелъул,
Гьес бахунеб гIорхъи гIаданлъиялъул,
ГIадатаб гьедини гьесда щиб лъалеб,
Щибго тун, абула АллагьасхIаян.

Гьединав чиясул гьеди кколарищ
Гьес БетIергьанасул гьабичIеб адаб.
АллагьасхIайилан гьедарулев чи
Гьорол чу ватула, МахIмуд-Апанди.

* * *

Чиясул черх унти – гьитIинаб балагь,
ГьитIинал балагьал бигьаго уна.
Чиясул напс унти – кIудияб балагь,
Напс унтарав гIадан гIумруялъ хола.

Хвел цихIин бачIине рекъараб буго,
Къойилго холев чи чийищ вукIунев?
Напсиял унтаби тIагIинаризе
ТIаделъизе ккела, МахIмуд-Апанди.

* * *

ЧIахIиял минаби щайдай гьарула?
Гьабил карсу гIанаб лахIту гIолеца.
Музей гIадин рукъзал щайдай къачIала?
ЧIартил мусру гуреб щвезе гьечIеца.

Къиямасеб къоялъ цIадирабазда
ЦIазе батулеб жо лъезе ккеларищ.
Дуца течIеб фарзги, ккураб суннатги
Сунареб рохел дуй, МахIмуд-Апанди.

# Машгьурал магIарулал

## КIИКIУНИСА ГIУСМАН

***«Циркалда гIахьаллъи гьабизе буго цIар рагIарав гугарухъан-багьадур ГIусман ГIабдурахIмановас. Черхалъул борхалъи 207 см; цIайи 150 кг».***

Гьединал хъвай-хъвагIаял Тбилисалъул къватIахъ ругел лъазабиязул хъарщазда 1938 соналъ загьирлъана. Гьеб букIана Грузиялъул Пачалихъалъулаб циркалде ГIусман хIалтIизе лъугьараб заман.



«ГI. ГIабдурахIмановасул цIар лъазабиялда бугони, циркалъулазул иргадулаб церерахъиналде рачIарал гIадамаз зал бугIун цIолеблъи лъалаан нижеда цебеккунго» – ян хъвалеб буго дунялалъулго чемпион Мазурица жиндирго тIехьалда.

ГIемер батIи-батIиял руго КIикIуниса ГIусманил хIакъалъулъ магIарулазда гьоркьор биценал: гьес гьиргун цадахъ хIама кодобе босиялъулги, унеб машина нахъасан борхизабун, чIезабиялъулги, гьесие цо ригьалъе пуд кванил къваригIунеб букIаниланги ва гьезда релълъарал гIемерал цогидалги.

ХIакъикъаталдаги ГIусман вукIана, гIадатиял гIадамазде данде ккун, гIемерго залимаб черхалъул ва гьединабго, балагьарал хIикмалъизарулеб къуваталъул чи. ГьитIинаб мехалдасаго гьесда хIайранлъун рукIунаан гIелцоял. ГIусманил цIар лъазе лъугьана гIагараб КIикIуни росу бахун къватIибехунги.

Доб букIана КIикIуниса ГIусман Хьаргаби ГЭС балеб бакIалда хIалтIулеб заман. Гьесда бихьана эхедераялъ бахине кIоларого автомашина. Гьев гьелда аскIове ана. Маргьабазулъ гурони дандчIвачIев гIадав залимав чи вихьидал, машинаялда рукIарал, цоцазда абизе рагIиги бачIунарого, хIикмалъун хутIана. Гьединго маргьабалъ рукIунелгIан гIисинлъун рихьана машинаялда рукIаралги жибго машинаги цо лахIзаталъ ГIусманидаги. Гьес бигьаго, цояб огъохъаталъ цун щвезабуна машина битIараб нухде ва ине бегьулилан шоферасде ишанги гьабун, кIаркIарун велъанхъана.

Амма нухлулал инчIо. Машинаялдасаги рещтIун, гьез ГIусманилгун лъай-хъвай гьабуна ва гьесие баркала кьуна. Гьел рукIана Нажмудин Самурскийги ГIалибек Тахо–Годиги.

Гьелдаса гIемер мехго иналде КIикIуниса ГIусман ахIана Гъуниве. Гьенив гьесда ватана МахIачхъалаялдаса вачIарав вакил. Гьес ГIусманида

гьикъана спорталъулгун гьоркьоблъи кинаб бугебан. КинабгIаги гьечIилан гьес абидал, тIадеги жубана: «ГамачI рехигIаги гьабулаpебищан».

Гъуниса ГIусман нахъвуссана, кватIичIого МахIачхъалаялда рукIинесел къецазда гIахьаллъизе гьоболасе рагIиги кьун, ГЭСалъул директорасухъе къецазде хIадурлъизе жиндиего эркенаб заман кьеян хъвараб кагъатги босун.

КъотIиялда рекъон ГIусман щвана МахIачхъалаялде. Гьесухъ балагьун гIажаиблъун рукIана шагьаралъул гIадамал. Стадионалда гьесда ратана батIи-батIиял хIаязде машгъуллъарал спортсменал. ГIусмание, хасго граната рехулез, асар гьабуна.

ЯхIго гьабизе кIвечIого, гьес гьикъана:

– Гьадаб байрахъалдаса добехун рехизе кIолев чигойищ азул гьечIев? – илан, бищун цебе букIараб байрахъги бихьизабун.

– Доб буго Дагъистаналъул рекорд, доб дагьабги добегIан бугеб СССРалъул рекорд – илан абуна гьесда.

– Кье дихъеги хIалбихьизе, – абун цеве вахъана ГIусман.

Балагьараз кутакаб хъатчIваялдалъун къабул гьавуна гьев багьадур.

ГIусманица, цин хал-шалги гьабун, граната рехун балагьизабуна. Гьеб СССРалъул рекорд бихьизабулеб байрахъ бугеб бакIалдасаги рикIкIаде ана.

КIикIуниса ГIусманица гьениб гIахьаллъи гьабуна гамачI, диск, ядро рехиялъул, кварцIаялъул къецазда. Киназдаго ГIусманица бергьенлъиги босана. КватIичIого ГIусман витIана Пятигорскиялде зоналиял къецазда гIахьаллъизе. Гьениве унаго, республикаялъул спорткомитеталъул хIаракатчилъиялдалъун, гьесие букъана цIияб ретIел. Амма 57 размералъул цIиял хьитал гьесие щвечIо.

Рекъон кколеб ретIел-хьит балагьулаго, ГIусман къецазде дагьав кватIана. Гьенир гIахьаллъизесел гIадамазул хъвай-хъвагIай цебего гьабун батана. ГIемерал гара-чIварияздаса хадуб гьесие ахирги гамачI рехиялъул къецазда гIахьаллъизе изну кьуна.

Гьениб цадахъ рукIаразда тIад ракIчIараб бергьенлъи босана.

Пятигорскиялда КIикIуниса ГIусмание сайгъаталъе кьуна патефон. Гьеб кьолаго Серго Орджоникидзеца ГIусмание рагIи кьуна гьесул махщел камиллъизабизе Москваялде лъикIав тренерасухъе вачине.

ГIажаиблъизе гьавуна магIарулав улкаялъул тахшагьаралъул кIодолъиялъги берцинлъиялъги. ГIажаиблъизаруна москваялъулал гьев нартасул гIадаб черхалъул чиясги. Гьенив ГIусман ГIабдурахIманов хIалтIизе лъугьана «Нилъ ва квартIа» заводалде. Спорткомитеталъ гьесие къваригIараб-таралъе кумекалъе чанго гIолохъанчиги кьуна. ГIолохъаби разиго рукIунаан жидеде гьабураб божилъиялдаса. Гьезие цIакъ бокьулаан хIеренаб гIамал-хасияталъул, залимав, кинавго чияс жинде кIвар буссинабулев магIаруласда цадахъ тира-свеpизе.

ГIусман хехго ругьунлъулев вукIана жинда малъулел гугариялъул цIи-цIиял къагIидабазде. Гьелдаса вохун ва жинца куцалесул бажариялдаса чIухIун вукIунаан ГIусманил тренер, хадубккун СССРалъул Гугариялъул федерациялъул председательлъун вахъарав А.Катулинги.

ГIусман ГIабдурахIмановас гугарун тIоцебесеб бергьенлъи босана СССРалъул чанцIулго чемпион Георгий Манаевасда тIад.

1936 соналъул анлъабилеб февралалда «Темп» спортобществоялъул гугарухъан хIисабалда ГIусман вахъана Москваялъул чемпионлъун.

Цо нухалъ КIикIуниса ГIусманиде аскIове вачIана спорталъул мастер А.Архипов ва гьикъана:

– Дуда рагIанищ боксалъул рахъалъ дунялалъул чемпион Корнер? – абун.

– РагIичIо, – ян къокъго жаваб кьуна ГIусманица.

– Гьев ккола 115 кило цIайиги кIиго метр халалъиги бугев неграв. Гьесда тIад бергьенлъиги босун, дунялалъул чемпионлъун вахъине ккола мун, – илан абуна Архиповас.

– Жакъаго квертIаххелал гьаризе тIадкъала, – абун тIаде жубана Москваялъул спорткомитеталъул председателасги.

– Гьеб «рагъ» дие рекIее гIоларо, – ян бачIинахъего инкар гьабуна ГIусманица.

Хадубккун ГI.ГIабдурахIманов цIализе лъугьана Москваялъул физкультураялъул институталъул спорталъул инструкторал хIадур гьарулел лъагIалил курсазде.

Москваялда вугеб мехалъ КIикIуниса ГIусман хIана чанго кинофильмалдаги. «Хазинадул чIинкIиллъи», «Богдан Хмельницкий», М.Горький «Лъимерлъи» кинофильмазда хIарал ролаз гьесие бачIана лъикIаб машгьурлъи.

Унго-унгояб машгьурлъи КIикIуниса ГIусманихъе бачIана Грузиялъул пачалихъалъулаб циркалда хIалтIулаго.

«ВитIе нижехъе ГIусман ГIабдурахIманов» – гьединал телеграммаби рачIунаан батIи-батIиял цирказул директораз. Унаан ГIусман лъади ПатIиматгун цадахъ цин Новосибирскиялде, хадув Астраханалде, Саратовалде, Днепропетровскиялде, Магнитогорскиялде, Пензаялде, Симферополалде, Ленинградалде, Москваялде ва гь.ц. шагьаразде. КIудияб букIана гьес нахъа толел бакIазулги нухазулги карта. Кисаго магIарул нартав тIадвуссунаан бергьенлъабигун, рохелгун, шапакъатал, сайгъаталгун.

Азаргоялдасаги цIикIкIун нухалъ гIемерал машгьурал речIчIарухъабигун ургуялде вахъана КIикIуниса ГIусман. Гьевгун къеркьана цIар рагIарал гугарухъаби: Иван Поддубный, Климент Бул, Орсо Ярчак, Мазур, Ян Цыган, Михаил Гурев, Ярков, Александар Путнынник ва анцI-анцI цогидалги.

КIикIуниса ГIусманил хасго адаб-хIурмат гьабулаан Гьоркьохъеб Азиялда. Узбеказ, казахаз, киргизаз¸таджиказ, туркменаз гьев гугарун хадуб гьесул черхалдаса килщица баццIцIун гIетI жидерго ва жидер васазул чурхдузда хъвалаан. Гьеб гьез рикIкIунаан къей лъаларев магIарул нартасул къуваталъул бутIа жидегоги щвейлъун.

Душанбеялда ГIусманида цо нухалъ гьарана варанигун гугареянцин. Гьесул хIалбихьи букIана оцалгун гугаризе ва гьездаса кидаго бергьунаан. Амма кигIанго бокьичIониги гьари нахъчIвазе кIвечIого разилъана варанигун къецалдеги. ЗахIматаб къеркьеялдаса хадуб ГIусманица гьелда тIадги чIел босана.

ГIусман къеркьезе ккана кIудияб борохьгунги. КIвелаан гьесда гьеб гъанкъизеги, амма, гIемер гIарац-меседги кьун, Африкаялдаса бичун босарабилан абураб ругьун гьабураб борохь хвезабизе гьесие къабуллъичIо.

РукIана КIикIуниса ГIусманил машгьурлъиялъ гьесулъ хIал хъублъарал, къедал гьесдехун тушманлъи бижаралги. Гьез чанго нухалъ хIалбихьана багьадур тIагIинавизе.

Цо нухалъ МахIачхъалаялда (1940 сон) ГIусманидаги гьесул гьалмагъасдаги аскIове вачIана цо лъаларев чи ва гьарана жиндир машинаялда тира-сверизе рилълъаян. Сундего щаклъичIев кIиявго гьалмагъ разилъана гьесда цадахъ ине. Шагьар бахун къватIибехун цо гIодобе балагьи бугеб бакIалде щведал, унеб машинаги жибго тун, шофер къватIиве кIанцIана. Машина бегана. ГIусманги цадахъ вукIаравги лъукъ-лъукъун больницаялде ккана.

Цогияб лъугьа-бахьин ккана Ростовалда. Ян Цыганида тIад бергьенлъиги босун, ГIусман шагьаралъул ахикье тира-сверизе ун вукIана. Циндаго хъархъалъан гьесде кьвагьун бачIана. Пальто борлъун гурони, талихIалъ гьесие зарал ккечIо. Кьвагьи бахьараб рахъалдехун вортидал, лъабгояв лъутун унев вихьана ГIусманида.

Гьединаб, лъугьа-бахъиназдалъун бечедаб букIана гIадатияв гурев инсан КIикIуниса ГIусманил гIумру.

*МухIамад ПАТАХIОВ*

## БИЦИНА ТАРИХАЛЪ ДУР ГЬУНАРАЗУЛ

**Къуватаб черхалъул, чармил ракI бугев,**
**Мун гIадав цогиги вихьичIо дида.**
**ГъалбацIил жан бугеб борхатаб лага,**
**Бицаде хутIана дур бергьенлъаби.**

**Лъимадул гIадинаб бацIцIадаб рекIелъ**
**Борхьилъцин къец бараб къвакIи букIана.**
**КIудияв ГIусманин халкъалъ цIар чIварав,**
**Хаслъилъун букIана гIамал гьитIинлъи.**

**Дадаян ахIизе наслу дуй кьечIо,**
**Кьолбол бахIарзазда ахIана дур цIар.**
**Дуца лъадарарал, дур ирс босарал**
**Васаз даималъе цIунана дур цIва.**

**Кибго чIел босарав гучав речIчIухьан,**
**Бицана тарихалъ дур гьунаразул.**
**ГIасруялда жанив дуде вахинчIев,**
**Мун даимлъиялъе памятник гIела.**

**Дагъистан чIухIарал багьадурзабалъ**
**Багьа тIадегIанлъун, кIодолъана мун.**
**КIикIуниса ГIусман, цохIо дур цIаралъ**
**ЦIакъ гIемераб магIна бачуна данде.**

*ГIайшат ГIАЛИЕВА*

# Критика ва библиография

## ГЬУНАР БУГЕВ МУГIАЛИМГИ ПАСИХIАВ ШАГIИРГИ

Шамил МухIидинов вуго рагъда хадусел соназул кьогIлъабазги къварилъабазгун захIмалъабазги лъадарарав шагIир.

**Пашманлъидул юргъаналъ**
**Бахчараб букIаниги,**
**БукIана дир лъимерлъи**
**Рагъда хадусел соназ,**

– илан хъвалеб буго гьес дол соназул хIакъалъулъ «ГIумруялъул хIокIал» абураб кочIолъ. ШагIирасул рекIелъ кидагоялъе бикIун буго дол соназда кIодоца гьабулеб букIараб дугIа: «Щиб бихьизе кканиги, чадикълъи бихьугеги». МичIчIил карщ щиб жояли, гьелде тIаде хIуризе ххараб щварав чиясул рохел кинаб букIарабали бичIчIулев чи, хасго гIолилазда гьоркьов, жакъа гIемер ватилин кколаро. Амма 70-80 соналъ цебецин улкаялда букIана гIадамал ракъуца хвеялъул битIахъегояб хIинкъи, цIикIкIараб гIелалъул гIадамаз бицунеб рагIана хIакъикъаталдаги ракъуца хварал гIадамазул хIакъалъулъ. Гьединлъидал Ш. МухIидиновасул цо-цо кучIдул рехсезе бегьула дол соназул бицунел нугIзал хIисабалда. БатIайиса абуни, гьеб кинабгIаги маргьу яги кIодогьабицин гуро.

**Рагъул соназ, хадубги,**
**Чадикълъиги букIана,**
**Чути мичIчIалъ чIаголъи**
**ЦIунараб мех букIана.**

**МичIчIил карщалде тIаде**
**ХIуризе ххараб щвани,**
**Йохиялъ магIу кквезе**
**КIодода кIолароан.**

ХIисабалда букIана щибаб хинкI, ролъул букIа, цIоросаролъил букIа, щибаб мугь. Гьеб бичIчIизе бегьулареб жоги гуро: цохIо панкъил мочIуялъги, хинкIицаги хвасар гьабизе бегьулаан инсанасул гIумру. ГIадада батиларо гIиси-бикъинаб унти кваница чIвалилан умумуз абулеб букIараб.

**БогIол, гьалил хинкIал щвей,**
**Хвасарлъилъун букIана,**
**РикIкIун цIетIе гьелги ран,**
**РухI цIунулеб букIана,**

– илан хъвалеб буго шагIирас «Чадикълъи бихьугеги» абураб кочIолъ.

Дол рукIана захIматал сонал. Нилъеда лъала гIемерисел гIолилал унго-унголъунги жидеего бокьун, ватIан цIуни жидер иш букIинги бичIчIун, кьун гIарзагун фронталде араблъи. Гьелъин шагIирасе хирияб ругел дол соназда ккаралъул хIакъикъиял нугIзал, лъугьа-бахъаралъул бицунел хIужаби, хасго инсанасул къвакIиялъулги, къохIехьеялъулги рухIияб къуваталъулги бицунел фронтовиказул кагътал, нахъе цIунун хутIараб бицен, ракIалде щвей. ШагIирасе гьел тIадегIанал руго дунялалда ругел киналго тIахьаздаса, хъвадарухъабазулгун шагIирзабазул асараздаса:

**Амма дий батIияб асар гьабула,**
**Гьужумалъ иналде хъвараб кагъаталъ,**
**Окопалъул тIинда, накалдаги лъун,**
**Кагътил мочIуялда расарал мухъаз.**
**Рагъул цIа бакараб корониб жаниб**
**КигIан гьел рухIарал хъван рахъиналде.**
**Рокьуца рухIарал курмулги рорлъун,**
**КигIан гIемералдай ракьулъ рукъарал.**
*(«ЦIадул окопаздасан кагътал»)*

Шамил МухIидиновасул абадияб рокьи ккун буго жиндирго халкъалъухъги, магIарулльиялъухъги, гIагараб тIабигIаталъухъги. КIудияб рокьигун, хIеренлъигун ва чIаголъигун цебечIезабулеб буго гьес магIарул тIабигIаталъул сурат:

**Кинаб хIеренлъигун, кинаб урхьигун,**
**Радал бакъ къочулеб тIабигIаталда,**
**Данде, лъимал гIадин, гьимула тIугьдул,**
**РорчIарал хIанчIаца рачуна бакънал.**

ШагIирасул хIал хьолеб гьечIо сверухъ бугеб парахатлъиялъ, гьесул бераца хIаракат бахъулеб буго кинабгIаги чIаголъи бихьизе, тIабигIаталъул сас рагIизе:

**Рогьалил сихIкъотIи, носоца гIадин,**
**ХIелкил гIегIедиялъ къотIун рехула.**
**Рорх-рорхун куркьбалги хьалбазда кьабгIун,**
**АхIун саламги кьун цо гIегIедула.**

**Гьале гIурдаллъуда кваналел руго**
**ГIедераб тагьиги хIинцаб гIалаги.**
**Цабзаз хер къунцIулеб гъванси рагIула,**
**ГIенеккун чIун буго тIолго тIабигIат.**

ГIагараб ракьалъул тIабигIаталъулъ шагIирасда бихьулеб буго унго–унгояб алжан, БетIергьанасдагицин гьес гьарулеб буго гьелъул къимат гьабизе лъачIолъиялдалъун жиндицаго гьабураб мунагьалда тIасалъугьайилан:

**Гьале доб магIарул рухI лъолеб сипат,**
**Лъалаго чIаголъи кьола черхалъе,**
**Гъуъруз урхъун цIала цIорораб гьава,**
**Гьаб гурищ алжанан бачIуна пикру.**

**Аллагь, щукру Дуе, тIабигIаталъул**
**ТIей гьечIеб бутIалъун дунги гьавидал.**
**Гьалъий къимат кьезе лъачIеб дир гIакълу**
**Духъе щвараб мехалъ тIаса лъугьун те!**
*(«МагIарухъ радалмех»)*

Амма мугIрузул тIабигIатги, гьава-бакъги шагIирасе хирияб буго тIоцебесеб иргаялда гьенир рижарал ва гIурал гIадамаздалъун. БатIайиса абуни, мугIрузул берцинлъи – гьеб ккола гьениб жидер чIей бугел гIадамазул хIаракаталъул хIасиллъун. Гьедин, «МагIарул чIужугIаданалде» абураб кочIолъ шагIирас абулеб буго:

**МагIарул чIужугIадан,**
**Мун гIадинай лъаларо,**
**ГIадлу-тадбирги гIуцIун,**
**Дунял берцин гьабулей,**

– илан. Хадубккун гьеб пикру гIатIид гьабун, мухIканго ва унго-унгояб гъварилъиялда рагьулеб буго шагIирас. МагIарул чIужугIаданалдехун вуссун гьес абулеб буго:

**Дуде бугеб гIищкъуялъ**
**ШагIирзаби рахъана,**
**МугIрузул багьадурал**
**Дуца рахъинаруна.**

**Имам Шамил куцана**
**Руччабазде рокьиялъ,**
**Расул поэт вахъана**
**ПатIиматил балаялъ.**

Ш. МухIидиновасул кучIдузулъ дандчIвала гIажаибго рекъарал сипатал. Масала, рехун тарал магIарул росаби гьес релълъинарулел руго нахъе рехарал хьитазда:

**Рихьула мугIрузда цо–цо росаби**
**Чурхъун гIодор рарал хьитал гIадинан.**
**(***«Рехун тарал росаби»)*

Цо–цо мехалъ битIахъе хIайранлъизарула гьесул кочIолаб каламалъул тIадагьлъиялъгун тирилъиялъ, гIанчIлъигун лебаллъиялъ:

**МагIардасан бачIунеб**
**ТIокIкIараб цIорораб лъим,**
**Белъулаго чваххула**
**Чабхил кIкIалахъа гъоркье,**
**Къураби гIанлъулаго**
**ГIедегIун эхеб уна,**
**Борхалъудаса гъоркье**
**ХIинкъичIого кIанцIула.**
**ТIирахун ун бакъалъул**
**ЧIоралгун басандула,**
**Нуралъул кьерал росун**
**КьегIер гIадин кIанцIола,**
**ГанчIазде гъорлъе лъугьун**
**Хадубго къватIиб баккун,**
**Рахчирукъ гьабулаго**
**ГIурухъе щун батула.**
*(«Лъарги, гIорги, ралъадги»)*

Бугониги, Ш. МухIидинов вуго махщалида сипат-сурат гьабиялъул гуревги, гъваридаб пикруялъулги шагIир. Гьес хIаракат бахъулеб буго жиндирго гъалатIал ричIчIизе ва хадур рачIунел гIелазул гIадамал кантIизаризе. Гьеб кккола шагIирасул гьунаралъул тIокIлъи. ГIолохъанлъиялъул соназда жиндирго рукIарал къасдал гьанже ригьалде вахиндал гьеса рихьулел руго тIасан ккаралльун, абулеб буго гьел жиндиего зарарлалъе ратанилан:

**Квегъилин цо дунялан,**
**Дунго дунан лъугьана,**
**Дунялалъ дун квегъана**
**Дабагъ гIадин кIвекIана.**
*(«Араб куцха аб гIумру»)*

Жакъасеб къоялъул къварилъабиги захIмалъабиги шагIирасда рихьулел руго буголъи балагьиялде машгъуллъун гIадамазда рухIияб рахъ кIочон толеб букIиналъулъ, гьезул цо-цоязда жидерго халкъалъул тарих, мацI, маданият кIочон толеб букIиналъулъ. Гьеб лъугьунеб буго инсанасе хIинкъи бугеблъун:

**Рес буголъи, бечелъи**
**ЛъикIаб жони батила,**
**Гьелъ дунялалда гIумру**
**ЧIвазехъин гьечIебани.**
*(«Меседалъдай гIорцIила»)*

ГIумруялъул унго-унгояб берцинлъи шагIирасда бихьулеб буго жиндир заманалда Инхоса ГIалихIажияс, нилъер цогидал гIакъилзабаз, динияал церехъабаз рахъ кколеб букIараб «гьоркьохъеб» буголъиялъул гIумруялъулъ:

**ГIурабгIан рикъзиги щун,**
**ТIокIлъи садакъаде кьун,**
**Гьоркьохъеб гIумруялъул**
**Цо берцинлъи – цо лазат!**

**Берцинаб гьоркьохъеб бакI**
**Сундулъго рекъезабун,**
**Бачунеб гIумруялъул**
**Цо берцинлъи – цо лазат!**
*(«Цо лазат»)*

Гьебго заманалда щивав инсанасул гIумру шагIирасе тIей гьечIого бухьараб буго умумузул гIумруялъул тарихалда, халкъалъул къисматалда. Гьеб пикру загьир гьабизе Ш. МухIидиновасда батулеб буго берцинаб сипат:

**Рорхатал мугIруздасан**
**ГIорал гуро чваххулел,**
**Чилъи цIунун хваразул**
**Биги магIуги буго.**
*(«МагIардаса тIунани»)*

Дунялалъулго гIузру шагIирасда бихьулеб буго ургъел гьечIолъиялъулъ:

**Дуниял, жакъа дуе**
**Тохтур вуго къваригIун,**
**Ургъел гьечIолъиялъул**
**Унти сахлъизабизе.**
*(«Дуниял»)*

\Балъгояб жо гуро СССР идеологиялъул кьучIалда гIуцIараб пачалихъ букIин. Жиндир заманалда улка цебетIеялъе кIвар бугеблъун лъугьараб гьеб хаслъи заманалдасан байбихьана какизе, тIокIлъилъун рикIкIунеб букIараб хаслъиялъулъ бихьизе лъугьана сакъатлъи.

**ГIалам нухда бачине**
**ГIакълу бугин жидеран**
**ГIалимзабиян чIараз**
**Нилъ гъоркье реххараб куц!**

**Рижарасул нухдасан**
**Къосараб нухде рачун,**
**Бачал гIадин, чолонир**
**Нилъ жанир тIамураб куц.**

**Коммунизмалде рачун,**
**Ращалъи гьабилилан,**

**Инсанасул ракIазда**
**БакIал гудрал рараб куц!**

**ЛъикIаб-квешаб борцунеб**
**Роцен жидехъ бугилан**
**Бичасухъ гIенеккулел,**
**Зулму-хIалалъ чIвараб куц!**
*(«Бихьун лъараб»)*

Жеги хIалуцун гьеб пикру авторас загьир гьабулеб буго «ГIакълу дагьлъидал» абураб кочIолъ:

**БетIергьанас лъураб шагьра жибго тун,**
**Щакал сухъмахъазда хьвадун ватана.**
**Бихьулеб гурони букIунарилан**
**Бицине лъараца гуккун ватана.**

Коммунистияб системаялъул гIунгутIаби дагьал рукIун ратиларо, гьезде иман лъун рукIараз гьел хадурккун гурхIелтун какизеги какана. Цоги рахъалдасан босани, батIи-батIиял пачалихъазда дагьалищ ругел гIунгутIабиги, гьересигун макрабиги, гьенир дагьалищ ккарал революциябиги, чIвай-хьвеялги? БатIайиса абуни, кинабго рахъалъ щвалде щвараб пачалихъ батизе захIмат буго. ШагIирасги, балагьараб мехалда, рикIкIунеб буго гьединаб букIунарилан. Амма рекIее асар гьабичIого толаро хадубккун бачIараб «демократиялъул» гIунгутIабазул бицунеб къагIидаялъги:

**Гьанже гьел коммунистал**
**ХIехьеларин рукIарал,**
**Балъгояб щайтIаналъул**
**Гудраде тIаде ккана.**

**«Демократия» абун,**
**Борхун цIияб байрахъгун**
**ЩIадакь рукIарал чагIи**
**Гонгида гъоркье ккана.**

**Халкъалда лъалароан**
**Демократиялда гъорлъ,**
**Гьабгощинаб хъублъиги,**
**ХъахIбалъиги бугеблъи.**

**ЛъикIаб-квешалъул гIорхъи**
**ТIубанго лъугIулеблъи,**
**ЛъикIал чагIазул гIумру**
**ГIантаца чурхъулеблъи.**

**Лъалароан ресалде**
**ЯхI гьечIел рачIунеблъи,**
**Лъайгин гIакълу жагьлуялъ**
**Жойид гьабулареблъи.**

**Бицун бичIчIичIебщинаб,**
**Бихьун лъана халкъалда,**
**Бакъулаб дунялалда**
**Алжан букIунареблъи.**

**БетIергьанги кIочон тун,**
**КIудиялги рикIкIад тун,**
**Гьабулеб гIумруялъул**
**МагIна лъугьунареблъи.**
*(«Бихьун лъараб»)*

ЛъикI ккараб жо буго жиндиргоги цогидал гIадамазулги ккарал гъалатIазулги Ш. МухIидиновас хIинкъичIого, «тIад нах бахинчIого» бицунеб букIин. Бихьулеб буго шагIирасул унго-унгояв бахIарчиясул гIамал-хасият букIин. Гьелъин абуни гьесдехун адаб-хIурматалъул асар жеги цIикIкIун бижизабула.

Ш. МухIидиновас жиндирго асаразулъ рорхулел руго жакъасеб къоялъе кIвар цIикIкIарал суалал, гьес нилъ ахIулел руго гъваридго пикру гьабизе, халкъалъе пайдаяллъун рукIине. Гьебин абуни ккола асаразул бищунго къиматаб хасият.

Шамил МухIидинов дица рикIкIуна дирго мугIалимлъунги ва нилъер миллаталъ хIурмат гьабулев насихIатчилъунги. Гьев вуго жакъа къоялда жанив бищунго къадру-къимат бугел магIарулазул цояв. Шамил МухIидинов цIакъ хIажат вуго халкъалъе ва мустахIикъав вуго дагьабги кIудияб адабалъе. Аллагьас гIемерал соназ сахлъиги къуватги кьеги гьесие хадубккунги магIарулазе жиндирго рухIияб бечелъи бикьизе.

***МУХIАМАДОВ МухIамад Ибрагьимович,***
***филологиял гIелмабазул доктор, профессор***



# ГӀумруги гӀадамалги

## ИНСУЛ КЪИСМАТ

Дагъистаналъул хIикматго тIабигIат берцинаб бакIалда буго Щодрода росу. Киса-кибего гьеб сверун ккун буго кьурабазги накIкIирохьазги – гьеб киналъго гьеб цо хассаб хъалаялда релълъуна.

Росубакьулъ буго гьелъул чIухIилъун кколеб гьитIинабго иццул лълъим данделъараб, гIадамаз пайда босулеб матIу гIадаб гьайбатаб хIор. Жалго щодродисез гьалбадеридаги туристаздаги абула, жидер лъималазда рилълъине лъугьиналде лъедезе лъалилан.

ГIицIго Щодрода росу гуребги, тIолабго Дагъистанго бицун хIалкIолареб берцинаб буго.

Цонухалъ Щвейцариялдаса вачIарав турист цIакъ хIикмалъун вукIана мугIрузулги тIолабго Дагъистаналъулги берцинлъиялда. Гьес бахчичIого, ахIун абулеб букIана: «Швейцариялъул мугIрул Дагъистаналъул мугIрузда дандеккун гохIаллъун рикIкIине бегьула! Амма нижер нухалги сантехникаги нужералдаса лъикIал руго!» – абун тIадеги жубана гьес.

Кин бугониги, бищунго аслияб бечелъи ккола жалго дагъистаниял, гьаниб гIумру гьабулел гIадамал! КигIан гIемерал миллатал ратаниги, гьез гьаниб гIумру гьабулеб буго гьудуллъиялда ва цоцазда ричIчIиялъул асаралда гъоркь. Дагъистаналъе хIинкъи бугеб мехалъ гьел киналго цолъун, цоцалъ гъункун, къеркьола ва бахIарчилъи бихьизабула.

Тарихалде раккигун бичIчIизе бегьула, Дагъистан кверде босизе гьарунщинал гъужумазда я Персиялъул шагьзабазулги шагь ГIабасида, я татаразулгун-мангъулазул Батыял хъанчилазда, я турказул СултIан Салимида, я Сулейман Къануниясда, яги Ираналъул ракьал рахъулезда бажаричIо Дагъистанги мукIур гьабун, гьелъул гIадамал жидерго рагIиятчилъиялде гъоркье рачине.

Жиндирго васазе вагIза-насихIат гьабулаго Чингисханица абунила: «Гьаб Дагъистаналъул ракьалда щивав бихьинчи рагъухъанлъун, щияй чIужугIаданин абуни – бахIарчиясул эбеллъун гьарун ратана. Дица анкьго сонида жаниб бащдаб дунял бахъана, амма дида анцIила кIиго соналъ дагъистаниял мукIур гьаризе кIвечIо. Нужедаго хадуб рогьодул нух хутIизе бокьун батичIони, тIокIалъ гьеб кьварараб хасияталъул гIадамазде рагъгун тIаде унге, дир васал», – абун.

XIII гIасруялда вукIарав кIудияв шагIир СагIадица хъван буго:

**«Чу дуда батила ГIарабиялда,**  
**Ва Хорастаналда – лебалаб чаран,**  
**Гьайбатал мусудул – Гуржистаналда,**  
**Ва бахIарчияб халкъ – Дагъистаналда»** – абун.

Дагъистаналъул хIакъалъулъ гьадинал рагIаби хъван руго И.В.Сталиница: «МагIарулазул тарих батун хадуб, бахче нужеца гьеб. Жидерго унго-унгояб тарих лъан хадуб, чIухIиялъул кутакалъ хвезе рес буго гьел» – илан.

Карл Марксица, Наполеонил кутакал боял къезабураб Россиялъул аскаралгун къоло щуго соналъ эркенлъи цIунун вагъарав Дагъистаналъул таватурияв имам Шамилил хIакъалъулъ хIикмалъун ва кIудияб къимат къун хъвана.

МугIрузда гIадамасул загIиплъи-чучлъи хехго тIатуна, хIинкъиийин абуни рогьолъун рикIкIуна. Гьединлъидал, наслабаздаса наслабазде лъималги, гIолилалги, ясалги дагъистанияз куцала эбел-инсуде ва херазде хIурмат бугеллъун, имам Шамил, гьесул наиб Щодродаса ХIамзат ХIажи гIадал гIадамазул мисалалда. Мисал босизе бегьулелльун ккола ХIажи-Мурад, ХъахIабросулъа МахIмуд, Расул ХIамзатов, Сулейман Стальский, композитор Мурад Кажлаев, летчик-испытатель МухIамад ТIолбоев ва гIемерал цогидалги Дагъистаналъул машгьурал гIадамал. Гьезул мисал босизе, захIмалъаби къезаризе, бахIарчияб, хIинкъигьечIеб ва чIухIараб нух тIасабищизе рес буго гIолеб гIелалъул.

ГIемер руго дагъистаниязул бахIарчилъиялъулги гьезул лъикIаб хьвада-чIвадиялъулги хIакъалъулъ бицарал кицаби, къисаби, харбалги. Цо гьединаб лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ бицине дирго налъилъун рикIкIуна дицаги.

БачIинахъего абила, кIодо гьабун гуреб, хIакъикъаталда букIараб, ккараб къагIидаялъ дирго инсул хIакъалъулъ бицине бокьун буго дие. Добе-гьанибехун цIцIазе ва гьеб хиса-басизабизе дир ихтиярги гьечIо.

Гьев ккола ШагIбанов МухIамад. 19 сон тIубарав МухIамад БагIараб Армиялде хъулухъ гьабизе ахIула ва гьев ккола Монголиялде – СССРалъул гьениб букIараб рагъулаб контингенталде.

Лъабго соналъ армиялда хъулухъги гьабун, 1941 соналъул 21 июналъ гьев рокъове виччала ва Москваялде щола. Нахъияб къоялъ гIагараб Щодрода росулъ рохалида гIага-божаралгун дандчIвазе ине нияталда вукIуна. Амма метеркъоялъ гьесие къачIан батула тIубанго батIияб, киданиги ракIалдаги букIинчIеб къисмат. 22 июналъул радал лъана немцазул вахIшиял фашистал СССРалде тIаде кIанцIиялъул рокьукъаб хабар. ГьебсагIатго эмен уна Москваялъул военкоматалде ва доброволец хIисабалда Москваялъул рагъулаб часталде витIула. Гьениб гьес кIиго моцIалъ гIолилал куцала минометалдасан къвагьдезе. Хадуб эмен витIула Москва областалалъул Звенигородалъул районалъул Кузовлево росдада гIагурлъухъ букIараб 250-абилеб къвагьдохъабазул 82-абилеб мотострелковияб аскаралде.

Немцаз тIаде бомбабазул «цIцIад» базабулеб гIадаб хIисаб букIана. Цо бомба гьесда асклобго бихъана ва гьелъул чIирел щун инсул хIетIе цебеса тIезабуна. Нахъе къалел немцазул цо рагъухъанас, хIалицаго вагъарулев халлъарав гьесул ботIролъулъ туманкI къабуна. ГIинда нахъа гьебги щун, гьев тIубанго лъавудаса ана.

Нахъисеб къоялъ немцазул гьужум гьениса нахъчIвана.

Советиял солдатаз гьенир чIван рарал рагъухъабазул жаназаби реххун тараб цо чIунтелалъуре росулел рукIана. Гьезда халлъичIо МухIамад чIаго вукIин.

ИчIабилеб къоялъги эмен, чIварал солдатазда гьоркьов вукIана. Гьев лъукъарав ва лъавуда гьечIев чи квенги лълъимги гьечIого хутIараб заман,

цIорораб ноябралъул къоял рукIана. ИчIго къоялдасан хварал рагъухъаби рукъулаго санитарал гIажаиблъун рукIана хваразда гьоркьов чIагояв эмен ватараб мехалъ. Гьев чIаго хутIун ватизе бегьула, лъавуда гьечIеб мехалъ инсанасул черхалъе квандеги лълъададеги гIемер хIажалъи букIунарелъул.

Эмен авлахъалъул госпиталалде витIана. Ругъун кIудияб ва хIетIе къотIизе ккеялда хIикъи бугеб букIана. Лъабго унтул гIазабалъулаб моцI тIамуна гьес госпиталалда. Гьеб заманалда гьесул эбелалъухъе, гьелъул вас бахIарчилъиялда хванилан кагъат бачIун букIана. Чохьол эбелалъе гьеб чIегIераб кагъат кIудияб рухIеллъун букIана.

Щивав чиясул, хасго тIабигIаталъ лъабго балъгояб къуваталъул: эркенлъиялъул, божилъиялъул ва лъикIлъиялъул асар чорхолъ лъурав инсанасул цебеккунго жиндие хъвараб къисматги къадарги батила. Гьеб лъабабго тIадегIанаб тIабигIияб асаралъ чиясе кьола бищун захIматал лахIзатаз дунялги сверухълъиги хIикмалъизабулеб гIажаибаб къуват. Гьединабго хIикматаб иш лъугьана Москваялда гIагарлъухъ 1941-абилеб соналъ рагъда вукIарав дир инсулги.

Швейцариялъул машгьурав пикручи Зигмунд Фрейдица хъван буго: «Къварилъабиги балагьалги рихьичIев чиясда унго-унгояб талихI щибали лъаларо» абун.

МухIамад ШагIбановасе талихIлъун букIана фашистазулгун унеб букIараб гурхIелгьечIеб рагъулъ чIаго хутIиги, цIидасан эбелгунги, гIагарлъигунги, росуцоялгунги дандчIвазе хъван батиги.

ЧIегIераб хабаралдаса хадубго эбелалъухъе госпиталалда вугев васасул рохалил кагъатги бачIана: «Эбел, пашманлъуге, хирияй. Дун чIаго-гIатIго вуго, кватIичIого рокъове щвела…» абун хъвалеб букIана гьес.

ГIажизлъун, сакъатлъун вугониги, вас вуссиндал эбелалъул рохалие гIорхъи букIинчIо.

МухIамад вуссиналдаса гIицIго гIага-божаралги, гьудулзабиги гурелги, тIолабго Щодрода росдалго гIадамалги рохун рукIана. Киналго гIажаиблъун ва хIайранлъун рукIана Москваялда гIагарлъухъ рукIарал рагъазулълъ нилълъераз бихьизабураб къохIехьеялда ва ичIго къоялъниги лъавудеги вачIинчIого, цIцIоронги, вакъун-къечонги хутIаниги, Аллагьасул цIобалъ цIунун, чIаго-гIатIго гьев вуссун вукIиналда.

ТIадвуссаравго гьес байбихьана фронталъе кванил нигIматалги цоги хIажатабщинабги бакIаризе ва гьеб битIизе.

Рагъ лъугIун хадуб МухIамад хIалтIана росдал тукадулги, колхозалъулги нухмалъулевлъун, школалда завхозлъун, цо-цо мехалъ ралел бакIазе хIажатаб сурсат бичулевги вукIунаан.

Эбелалъ кидаго инсуде гIайиб гьабулаан, цо-цо мехалъ гьес босараб багьаялдаса учузго кьолеб бугин минаби раялъе хIажатаб къайи-матахIилан. Босулев дагьавниги рази гьавичIони ва гьесдехун лъикIаб кIалъа-басай гьабичIони, гьев кIиабилеб нухалъ вачIинчIого вукIине бегьулилан абулаан инсуца.

Эмен хун чанго сонидасанги росуцояз дие баркала кьолаан, цонухалъ гурин гьес жидер къваригIел тIубарабилан. Нижер кIудияб гуреб росулъ чанго чияс абун батила дида дир эмен унго-унгояв гьудуллъун вукIанилан.

Гьев вукIана лъикIаб гIамал-хасияталъул чи. Махсаро-хочIалда, гIакъилал малълъа-хъваялгун, жиндирго хIалбихьиялдаса пайдаги босун, бокьарав

чи гӀодовиччазавизе бажарулаан гъесда. Росуцоязда яги мадугъалзабазда гъоркъоб дандеккунгутӀи бугони, берцинлъиялда рекъел-маслихӀат гъабизеги гъунар букӀана гъесул.

Гъесул чилъиялъул тӀокӀлъабазул къимат гъабулаан гъудулзабазги. Лъаялъул даражаялъухъ яги гӀумруялъул ригъалъухъ балагъичӀого, гъесда кӀолаан гъезул рекӀелъе нух батизе ва гъезги, жидерго иргаялда ракӀрагъулаан инсуе.

Цо росуцояс дие бицана живги цо гъудулги къацандизе ккун рукӀанилан ва цоцазда кӀалъалел рукӀинчӀилан. Цокъоялъ дир инсуца гъел кӀиялго къадекванде гъоболлъухъ ахӀун руго. Росулъ адаб-хӀурмат гъабулев чи вукӀиналъ гъес ахӀаралъуре рачӀинчӀого чӀезе гъезие рес букӀинчӀо. Цо столалда нахъа гӀодорги чӀун, цоцаздаги кӀалъачӀого лъабгояв кваналеб гӀадат гъечӀелъул, гъениб цоцаздаса разилъигъечӀолъиги бихьизабизе рекъон букӀунаро. Гъеб гуребги, гъел гъоболлъухъ ва кванда нахъа рукӀиндал. Кванан рахъун, рахъ-рахъалъ унев гъев кӀиясдаго бачӀинахъего бичӀчӀун гъечӀо, щай гъел инсуца къадекванде ахӀаралали. Лъабабилеб къоялъ гъел кантӀун руго, кинаб мурадалъ дир инсуца жал ахӀун рукӀаралали.

Жиндир гӀумру расуда бан букӀарабин абизе бегьулев чиясда лъикӀ бичӀчӀиларищха гӀиси-бикъинал жал сабаблъун цоцазде ракӀхун рукӀине кколареблъиги, гӀунгутӀаби ругел рукӀаниги, гӀадамазул къимат гъабизе кколеблъиги.

ГӀадамалги дунялги хисизабизе цӀакъ захӀматаб иш буго. Амма нилъго хисизаризе ккола ва нилъалъеда гъеб тӀадаб буго. Нилъго хисизариялъ, камиллъизариялъ цогияздаго цадахъ хисула сверухъ дунялги.

Инсул таваккалги, лъикӀлъиги, гӀаданхиралъиги цо лахӀзаталде цогияздеги бахунаан, гъелги гъесул лъикӀлъиялъул карачелалде гъорлъе кколаан.

Инсуе бокьулаан гӀакълу щолел кицаби-алфазал жинцаго ургъун рахъизеги.

БицинчӀого гӀоларо инсул цоги лъикӀаб рахъалъулги. Гъес кӀудияб адаб-хӀурмат гъабулаан руччабазул, хасго жиндирго лъадул – дир эбелалъул. Киданиги лъиданиги, жеги дидагицин рагӀичӀо гъев эбелалда хъачӀго кӀалъалев. Гъев гъудулзабазда цадахъ гӀодочӀчӀун вугеб мехалда, эбелалъ цо-цо гӀайиб гъабулаан гъесде, амма гъев цо рагӀицин гъелдехун абичӀого, вуцӀцӀун чӀчӀолаан. Нахъисеб къоялъ гъес гӀодовиччан бичӀчӀизабулаан эбелалда, бихьинал цо-цо мехалъ бакӀал пикрабаздаса эркенлъизе кколин, баркала кьолаан гъелъие жиндирго ургъел гъабуралъухъ, гъейги гъебсагӀаталда ракӀлъикӀлъун, разилъун лъугьунаан.

Жиндирго бажариялда рекъараб хӀалтӀи тӀубараб гӀумруялъго гъабуна инсуца. Росдал жамгӀиял ишаздаги гӀахьаллъулаан. Гъев киназего вокьулаан ва адаб гъабулаан гъесул киназдего букӀараб лъикӀаб гъоркьоблъиялъухъги сабуралъухъги.

ГӀумруялъул лъабкъоабилеб сонсверуда, рецарулеб заманалда, харибакӀалдаса гӀодове вачӀунаго, хъущтӀун, лъеберго метралъул манзилалъ гӀодовеги вортун, инсул лугбал река-риххун рукӀана.

Тохтурзабаз абулеб букӀана гъесул гъуърул рихъизарун ругилан ва гъелъ гъесул гӀумруялъе хӀинкъи бугеб хӀал лъугьинабун бугилан. КӀиго къоялдасан эмен къадаралде щвана.

Москваялда гIагарлъухъ, фашистазда данде гьабулеб букIараб боркьараб рагъда хвалилаб ругъунги щун лъукъун вукIарав эмен, ичIго къоялъ лъавудеги вачIинчIого, квен-лъимги гьечIого хутIаниги чIаго хутIана. ГIагараб ракьалдайин абуни, ракIалдаго гьечIого къадаралде щвана. Гьединаб букIун батила гьесие хъвараб къисматги къадарги.

Доб дунялалъулго рагъда чIвана лъеbeралда лъабго щодродисев, гьездаса анцIила анкьгояв – Украина тушбабаздаса цIунулаго хвана. Къоло кIиго чи рагъ лъугIун хадур чIаго гIагараб росулъе руссана.

Щивасда кIочене бегьуларо вахIшияв тушманасда тIад бергьенлъи босарал, ВатIаналъе гIоло жидерго гIумру къурбан гьабурал нилъер солдатал-фронтовикал – Советияб улкаялъул 27 миллион чи.

Гьебго заманалда бокьун буго дирго инсул гьудул, гьайбатав учитель, лъикIав инсан, I999 соналъ Дагъистаналде тIаде кIанцIарал халкъазда гьоркьосел гъачагъазда тIоцеве данде вахъарав Халидов ГIабдулал хIакъалъулъ хъвазеги.

ГIабдулаца дол ахIичIого рачIарал «гьалбал» тIаде щвараб тIоцебесеб къоялъго кьвагьана гьезде, ва цогияздаги бихьизабуна гьединаб мехалъ жавабчилъиялде таваккалгун хIадур рукIине кколеблъи. КватIичIого тIубараб Болъихъ районго цолъана Россиялъул рагъулал аскаралгун ва гъачагъазе кисанго нух къана. Гьеб букIана балъхъадерица тIолабго Россияго цIунизе тIамураб кьучIлъун.

Киналго миллаталги халкъалги ТIадегIанав Аллагьас рижарал ккола, амма киналго квекIеналги гIаммал масъалабиги гьез цадахълъугьун, цолъун, ракълилаб нухалдалъун тIуразаризе ккола. Аллагьас гIумру кьун батани, гьеб нахъе босизеги гIицIго БетIергьан–Аллагьасул гурони ихтияр гьечIо. Гьединлъидал, киналго рагъазулги гъалмагъиразулги хIасилги ахирги кинаб кколебали кIочене бегьуларо. Гьелъ киналго цIодорго ва гIакъилаб нухда хьвадизе ккола. Аллагьасул цЦин бахъани, Атлантидаго гIадин, тIупан тIун, ялъуни ядернияб рагъ багъарун инсаниятго ракьалдаса тIагIине бегьула.

***АхIмадпаша. (ШагIбан МУХIАМАДОВ,)***
***Болъихъ район, Щодрода росу.***

***Печаталда бахъизе хIадур гьабуна***
***ГIаишат МАЛАЧИЕВАЛЪ***

# ГІакълуялъул дандерижи

## ХВЕЛГО ЛЪИКІ ЛЪИКІАВ ЧИЯСЕ

Къираласул вукІанила жиндир улка-ракьалда цого цо гьев божулев, гьес къадру-къимат гьабулев чи – гьев вукІанила къиралсул тохтур. Гьес кьурал гурони дарабиги киданиги, лъихъаниги гьес къабул гьарулароанила.

Циндаго гьаб нухалдаги унтанила къирал. Дару гьабизе гьев божулев тохтур вачІинелде къиралсухъе щванила гьадинаб кагъат:

«ХІинкъа мун дурго бищунго божарав гьудуласдаса, гьесие бокьун буго мун чІвазе» – ян хъвалеб букІанила гьелда.

Гьеб кагъат къиралсухъе щун мехго инелде гьесухъе вачІанила дов тохтур. Тохтурас гьесухъе кьунила гъорлъ даруги жубараб чагъиралъул бокал. Къиралас гьеб бокалги босанила, тохтурасухъе доб кагъатги кьунила, гьес гьелда хъвараб жо цІалулебгІан заманаялъ бокалалда жаниб букІараб жоги гьекъанила.

Гьеб кагъат цІалун лъугІарабго, гІакълуялдаса арав чияс гІадин гІажаиблъун, тохтурас къиралсда гьикъанила:

– ХІурмат тІадегІанав къирал, кин дуда кІвараб гьаб кагъат цІалун хадубги дица кьураб жо гьекъезе? – илан.

– РакІ жубарав гьудуласда щаклъизегІан, хвелго лъикІ лъикІав чиясе, – ян жаваб кьунила къиралас.

## ИРСИЛАВ

Цо ханасул рукІанила цадахъ гьарурал лъабго вас. Гьел лъабалго рукІанила инсул адаб-хІурмат бугелги, магІишат-яшавалде рокьи бугелги. ЦІакъ цоцазда релълъаралги рукІанила гьел.

Жиндирго херлъи гІагарлъараб гІужалда инсуца хІисаб гьабунила кинав васасухъедай ханлъи кьелаян. Бигьаяб масъала батичІила лъадал къатІрабигІанги кинабго рахъалъ цоцазда релълъарав лъабавго васасда гьоркьоса цояв тІаса вищизе. Ханас пикру дандбанила жиндир улка-ракьалда ругел киналго гІадамаз гІакъилавлъун рикІкІунев херав чиясулгун. Гьес малъухъе, ханлъиялъул кверщел кодобе кьезесев вас тІаса вищизе хІукму кканила инсул.

АхІанила ханас лъабавго вас жиндаго аскІове, щивасухъе кьунила тІугьдузул хьонал. Цинги абунила:

– Дун метер ине вуго хІежалде. ЛъагІалидаса гурони доваса тІадги вуссунаро. Нужеца гьал хьонал дун вачІинегІан хвезе течІого цІуне, – илан.

Гьеб насихІат васазеги гьабун анила хан хІежалде.

ТІоцевесев васас хІукму гьабунила, щивго хъвалареб, щибго лъугьунареб бакІ букІинилан, хьонал гьитІинаб маххул гъамасалда жанир цІунизе.

КIиабилес пикру гьабунила, тIубараб лъагIелалъ щибго лъугьинчIого хьонал цIунизе захIмат букIинин, дица гьел ричилин, щвараб гIарацги цIунилин, эмен вачIаравго тукадаса цIиял хьоналги росилин.

Лъабабилев васасда ракIалде кканила, цо балъголъи нахъа гьечIеб жо инсул гьеб батиларин, кин-щиб гьабуниги лъагIелалъ ругеб куцалъ цIунунги хьонал бажариларилан. Гьес жидерго кIалгIаялда цебе букIараб ахикь рекьанила тIугьдузул хьонал.

Араб лъачIого лъагIелги анила, вуссанила хIежалдаса гьезул эменги.

АхIанила ханас лъабавго вас ва абунила кинин нужеца тIубараб дир тIадкъайилан.

ТIоцевесев васас гъансиниса росун рачIанила махI бахъарал, турарал хьонал.

– Гьадин хIакъир гьаризе гуро дица духъе тIугьдузул хьонал кьун рукIарал, – илан семанила эмен гьесде.

КIиабилев васасги тукадаса росарал цIиял хьонал кьунила инсухъе.

– Гьал дол гуро, – илан рази гьечIого нахъруссинарунила инсуца гьелги.

Лъабабилев вас, кIиявго цевесесдаса эмен разилъичIев куцги бихьун, щиб-кин гьесда абилеб лъаларого гIенеккун чIун вукIанила.

– Дуца щиб гьабураб дица духъе кьурал тIугьдузул хьоназда? – абун гьикъанила гьесда инсуца.

Гьес инсуда гьаранила жинда цадахъ ахикье вилълъинарищан. Анила хан гьевгун цадахъ ахикье. Ругилаха гьенир берцинал махIазул кьер-кьерал тIугьдул гьесде данде гьимгьидулел.

– Дица гьадин гьабунаха, эмен, – илан абунила, гIайиб ккарав чияс гIадин васас, гьес щибдай абилаян хIисабги гьабулаго.

– Гьалеха, дир вас, дуда гурони лъан гьечIо дол дица кьурал тIугьдузул хьоназда щиб гьабизе кколеб букIарабали, – ян абунила инсуца.

Гьес ханлъиги ханлъиялда бугеб кинабго бечелъиги гьев васасе васият гьабунила.

## ЧИЯР КЪАСДАЛГИ ПИКРАБИГИ

Цо философасул рукIанила цого цо хьитал. Ругел гьелги тIутIу-хъухъун, ретIине бегьиялдаса ун рукIанила. Анила гьев хьитазул устарасухъе гьел хьитал къачIазеян. Амма устар хIалтIул къоги лъугIун рокъове инехъин ватанила. Биценила гьесда филофософас жиндирго къваригIел ва абунила дир цоги хьиталги гьечIин, кигIанго мун гIедегIун ватаниги, гьал хьитал къачIачIого рес гьечIин. Жакъа бажаруларин, дур тIокIал хьитал ратичIони, дица духъе метералдегIан ретIине цоги хьиталги кьелин, метер къачIазе гьелги гьанир теян абунила хьитазул усатрас.

– Дуца дун щивлъун рикIкIунев, дихъе ретIине чияр киналалиго хьитал кьезе, – абун квеш букIун лъугьанила философ.

– ТIубараб гIумруялъ чияр къасдалги пикрабиги ботIролъ хьихьун вугев мун, цо къоялъ чияр хьитал ретIине щай чIухIулевали дида бичIчIуларо, – илан гIажаиблъанила хьитазул устар.

## КІИГЬУМЕРЧИЛЪИ

ГІурулъ чвердолаго гъанкъанила цо мискинчи. Гьесде тІаде кканила цо бечедав чи. Щибаб жоялдаса жиндиего хайир балагьулев бечедав чияс жаназа рокъобе босанила ва рагІизабунила жинда гІурулъ гъанкъарав чи ватун вугилан. КватІичІого гьесухъе вачІанила гІурулъ гъанкъарасул вац ва гьаранила жаназа жиндихъе кьеян. Амма бечедав чияс абунила пуланаб къадар гІарцул кьуни гурони жинца жаназа кьеларилан. Гьединаб гІарац хварасул вацасул букІинчІила. Бугелда разилъун, кигІан гьараниги, бечеда чияс жаназаги кьечІила.

Анила хварасул вац гьеб мухъ-рахъалда гІадамаз гІакъилавлъун рикІкІунев чиясухъе жиндирго ургъел бикьизе.

– Цо шагьицин тІаде кьоге, – ян абунила гьес, – дуца гурони гьесухъа жаназа лъицаниги чІобогоцин босуларо.

Гьебго къоялъ къотІнов бечедав чиясдаги дандчІванила гьадав гІадамаз гІакъилавин рикІкІунев чи. Бицанила гьесги жаназаялъулги, жинцаго гьеб пуланаб багьаялде хварасул вацасе бичулеб букІиналъулги, гьединаб гІарац кьезе дов чиясул рес гьечІолъиялъулги.

– Цо шагьиялъцин багьа гІодобе бахъуге, – ян абунила гьесдаги гьадав чияс, – духъа гурони, цоги лъихъаниги чІобого кьолеб бугониги, хварасул вацас жаназа босизе гьечІо.

## БЕЧЕЛЪИГИ МИСКИНЛЪИГИ

Бечелъиги Мискинлъиги цадахъ рачІанила цо къоялъ цо чиясухъе. Гьез гьикъанила нижер кинал берцинал ругелилан. Бечелъиян абуни, Мискинлъиялъул дида ракІхвелин, Мискинлъиян абуни, Бечелъи барщилин, гьел цонигиял къварид гьаризе бокьичІого, гьадав чияс абунила:

– Нуж кІиялго дида цере доре-гьанире хьваде, дагьалъ дун ургъизегІан, – илан.

Хьвадилел гьелги рукІанила, ургъулев гьев чиги вукІанила… Цо заманалдаса гьес абунила:

– Мискинлъи, дур мугъ берцинаб буго, мун унеб мехалда берцинаб буго. Бечелъи, дур гьумер берцинаб буго, мун бачІунеб мехалда берцинаб буго, – илан.

## ДИЕ ГЬЕБ ХІАЖАТ ГЬЕЧІО

ВукІанила гьаниса добе, добаса добцоялъубе рагІи босун, гІадамал цоцалъ разарулев, гьелдаса жиндие рекІелгъейги лазатги щолев цо мацІихъан. ВачІанила гьев цо къоялъ цо чиясда аскІове ва абунила:

– Лъалищ дуда дур хІакъалъулъ дур гьудулас абураб жо? – илан.

– Лъаларо, – ян жаваб кьунила гьев чияс.

– Бицинищ дица?

– Цин дуца бице, дир гьудулас дир хІакъалъулъ абураб жо битІараб букІиналда дур ракІчІолищ?

– Лъаларо. Гьедин абунаха дур хІакъалъулъ дур гьудулас.

– Гьеб тана. Дуда лъалеб гьечIо гьес абураб жо битIараб бугищали. Гьанже дуца бице гьеб цIияб хабаралъ дун вохизавизе вугищ?

– Лъаларо. Щакаб жо буго.

– Гьебги тана. Гьанже дуца бице гьев дир гьудулас абураб жоялъул дие кинаб букIаниги пайда бугищ?

– Батилин кколаро.

– Гьелеха, дуе бокьун буго битIараб-тIекъабги лъалареб, дун вохиялда дурго щаклъиги бугеб, щибго дие пайдаги гьечIеб хабар дие бицине. Щай гьединаб хабар бицун. Дие гьеб хIажат гьечIо.

Гьел рагIаби рагIаралго, мурадалдеги щвечIого, кIкIенкIкIениялда, мацIихъан вачIарабго нухалъ анила.

## ДИДА ДИРГО БАГЬА ЛЪАНА

ВукIанила ракIал журарав кIиго гьудул. Гьел жиде-жидер къисматал ралагьизе, тира-сверизе къватIире рахъанила. Гьедин унаго-толаго гьел щванила цебе ахги бугеб цо минаялда цере. Ахикь кIиго ясги йигила: цояй бадисан бакъ баккарай гIадай берцинай, цогияй сурукъай. Цояв гьудулас абунила, дида дирго талихI батанин, дир дой ясалъухъ рокьи кканин, дица дой ячине йигин.

– Дуца битIараб хIукму гьабуна, дой цIакъ берцинай яс йиго, – ян гьудулги тIадрекъанила.

– Берцинай гуро, дица дой цояй ячине йиго, – ян абунила гьес.

– Кин гьей ячуней, дудаго йихьуларищ гьей кинай йигеяли?..

Гьудулас щиб биданиги, гьев вас жиндирго пикру ккун чIанила.

Гьеб мухъ-рахъалда гIадат букIанила, цIакъго цIакъ берцинай ясалъухъ, гьей ячунес ясалъул инсуе нусго гIиялъажо кьолеб. Цогиялъухъ, гьелда рекъон, дагьал гIиялги кьолеб.

Нусабго гIиялъажоги бачун гьев гIолохъанчи щванила ясалъул инсухъе гьей гьаризе.

– Гьей ясалъухъ духъа нусго гIиялъажо босизе дир намусалъ къабул гьабуларо, – ян абунила гьелъул инсуца. – Лъеберго гIиялъажо дуцаги кье, дица дуе ясги кьела. БатIияб суал букIана, дир цояй яс дуца ячуней йикIараяни.

– Дур цояй яс дие хIажат гьечIо, дицаго цIар чIварай гурони. Цониги тIаса бахъичIого нусабго гIиялъажоги кьезе буго дица гьелъухъ, – илан чIванкъотIун лъазабунила ясалъул инсуда гIолохъанчияс…

Анила гьелдаса чанго сон.

Гьев гIолохъанчиясул гIумру–яшав кинаб бугищали гьесухъе гьоболлъухъ ине ракIалде кканила гьудуласда.

КIутIарабго гьесие нуцIа рагьанила гьеб улка-ракьалда гьесда жеги бихьичIеб берцинлъиялъул чIужугIаданалъ. Сверун лъималги ракIарун, гьезие рекIелгъей гьабулев гьезул эмен – гьасул гьудулги вугила.

Гьикъа-бакъарун хадуб гьев чияс гьудуласда абунила:

– Лъай-хъвай гьабе, гьале дир лъади, – илан.

– Дуца цоги чIужуйищ ячарай?

– Гуро, гьай йиго дой.

Гьей гIадан квен-тIех хIадуризе арайго гьудулас гьикъанила:

– Кинха гьай гьадин хисарай? – илан.

– Гьеб дуцаго гьикъе долда, – абун букIанила жаваб.

Гьев чи гьудуласул чIужуялда аскIове анила ва гьелда абунила:

– ТIасалъугьа, дица дуе рекъечIеб суал кьолеб батилеблъи лъала… ТIоцее дида йихьарай мехалъ мун тIубанго батIияй йикIана… Кин гьедин мун хиса-басарай?

– Цо къоялъ дида лъана дирги багьа нусго гIиялъажо букIин, – ян абунила гьелъ.

## ЦIОГЬОР ТIАТАРАВ КУЦ

Базаралда гьан бичулев вукIанила цо чи. Гьесда цеве чIун цоги чиги вукIанила. Цо заманалдаса гьан бичулев чияс абунила, гьаниб букIараб дир гIарац тIагIун бугин, дуца босун батизе кколин.

БосичIилан абунила гьев чияс.

БосичIилан гьев чиги, босанилан гьан бичулев чиги – дагIба-рагIи кканила гьезул.

Дов чияс абунила, дида божулев ватичIони, хIукму къотIизе къадиясухъе рилълъайилан. Гьесул ракIчIун букIанила, кинабго гIарац цоцада релълъараб букIунин, кинин къадиясда дихъ бугеб гIарац дирищ, гьан бичулев чиясулищали батIа бахъизе лъалебин.

ГIенекканила къади кIиясго бицунелъухъ. Цинги жиндирго кумекчиясда абунила, гьалдолеб лъимги жанибе тIун, гъадаро босейилан.

БачIанила босун гьалдолеб лъимги жанибе тIураб гъадаро. Къадияс лъадалъе реханила дов чиясухъ букIараб гIарац. Лъадада тIад нахул хьал лъугьанила. Гьелдалъун къадияс чIезабунила гIарац гьан бичулев чиясул букIин.

Дов чиясулги, бетIергьанасухъе гIарац кьечIого рес букIинчIила.

## ЖУЖАХIАЛЪУЛ ЦIАДАСА ЧИ

Дарман тIагIарав гьардухъан бечедал чагIазул кавудахъа щибго кьечIого нахъе къотIула. Нахъе унелъул гьес гIодоса босула тIаса кванан къотIнобе рехарабхъарпузалъулхъал.ГьелдахутIарабгьитIинабгобагIарлъикваназехьин вукIарав гьардухъан гордухъе яккарай рукъалъул бетIергьанчIужуялада вихьула. «Ле, мун киса?» – ян ахIдола гьей. «ЖужахIалъул цIадаса вуго!» – ян данде жаваб гьабула ццидалъ вугев гьардухъанас. «Дир эмен вугищ гъова?» – ян гьикъула гьелъ. «Вуго», – ян абула гьес. «КингIаги гьев вугев?! – ян гьикъула нахъеги «жужахIалъул цIадав эмен вугей» ясалъ. «Я ретIине ретIел-хьит, яги квен-тIех гьечIого кигIанги квеш вуго», – ян жаваб кьола гьардухъанасги. Рокъове жанивеги ахIун, гьардухъан хулжал цIураб хьит-партал, квен-тIех, гIарац-меседги кьун, нухда лъола гьей гIаданалъ, жиндир инсуе кьеянги абун. Гьев ун хадув рокъове щварав рос, ккараб-тараб лъараб мехалда, кьолон чугун, гьардухъанасда хадув вортула. Гьев вачIуневги вихьун, дов гъотIоде вахуна. ГъотIода гъоркь чодасаги рещтIун, гьав досда хадув гъотIоде ххарулеб мехалъ, чол кьолониveги кIанцIун, гьардухъанас бихьулеб ракь тола. ГIундул рухараб гъвала гIадин, рокъове вуссарав

росасде данде йортун, чIужуялъ гьикъула: «Дур барти кибе араб, хирияв?» – абун. «Дур эмен жужахIалъув лъелго хьвадулев вукIинги лъан, гьев рекIине битIана», – ян абула гьес.

## ЛАГЪ ВАЗИРЛЪУН ТАНИЛА

ЦIакъго цебего заманалдаса ханзабазда гьоркьоб билълъанхъараб гIадат букIанила, цо улка-ракьалъул ханас цоги улка-ракьалъул ханасе тIад ургъизе масъала цебе лъолеб. Жаваб кьезе кIвечIони, суал лъурасе, гьес цIарчIвараб жо дандияв ханас кьезе кколеб, кIвани – гьебго жо гьас досиеги кьезе тIалъулеб.

Гьедин, цо ханас цогиясухъе битIанила гIадамасул суратalда гьабураб цIакъ цоцазда релълъараб лъабго гIаламат. Масъалаги букIанила, гьазул цоцаздаса кинаб батIалъи бугебалиги бицейин, щибалъе къиматги кьейин ва гьезда гьоркьоб бищун тIокIлъи бугеб гIаламаталда цIарги чIвайин. ШартIги лъун букIанила, жаваб гьесда кьезе кIвани, суал лъурас оцазул рехьед гьав ханасе кьезе, кIвечIони, гьас досиеги гьебго кьезе.

Рега-ритIизарун, ханасги, гьесул вазирзабазги лъикI хал-щал гьабунила гIаламатазул. ГьечIила кинабгIаги батIалъи. ЦIакъ ургъалилъе кканила гьев хан, щибго гуреб жоялъе гIоло оцазул рехьед инехъин бугин.

Ханги вазирзабиги гьеб гизмаялда рукIаго, гьезухъ валагьун вукIанила ханасул рагьдателги. Гьес абунила, цо балагьизе дихъе кьейин гьел гIаламаталилан. Дудаги лъалеб жо щибин букIунебилан, вила цевесаян вазирзабаз гьев гIад-хочI гьавунила. Амма, рес къотIараб бакIалде ккарав хан, гьев балагьунилан хвезе жо гьечIин, щибин лъалеб балъголъи гьесда батизе бегьулин, разилъанила лагъасухъе хал-щал гьабизе гIаламатал кьезе.

Гьев, щибаб батIа-батIаго гIаламаталги кодоре росун, лъикI балагьанила гьезухъ ва абунила цо тIеренаб маххул кун кьейин. Кьунила гьесухъе маххул кун. Лагъас гьеб бегьанила цо гIаламаталъул гIинзунибе. Маххул кун цояб гIинзуниса къватIибе бакканила.

– Гьав вуго щиб бицаниги, бицараб жо ботIролъе босуларев, цояб гIиналда рагIараб жо цогияб гIинзуниса къватIибе унев «чи», – ян абунила лагъас.

Босанила гьес цоябги гIаламат кодобе. Гьелъул гIинзунибеги бегьанила маххул кун. Гьаб нухалъ маххул кун гIаламаталъул кIалдиса къватIибе бакканила.

– Гьав вуго ургьиб жо толарев, рагIа-рагIараб къватIиб бицунев «чи», – ян абунила лагъас гьеб гIаламаталдеги.

Босанила гьес лъабабилебги гIаламат кодобе. Бегьанила гьелъулги гIинзунибе маххул кун. Амма кин балагьаниги, гьеб къватIибехун баккулеб бакI батизе кIвечIила.

– Гьав вуго жинда рагIараб жо жаниб толев гIакъилав «чи», – абун хIасил гьабунила лагъас.

Хан цIакъ рази гьавунила гьесул жавабаз. Гьел жавабалги росун, дандияв ханасухъа оцазул рехьед бачинеги гьев лагъ витIанила ханас.

КъваригIелги тIубан, оцазул рехьедги бачун вачIиндал, вазирзабазги тIад аслияв вазирлъунги танила ханас гьев.

## ХАН ВАТАНИЛА

ВукIанила цIакъ бечедав цо хан. Бечелъи букIани щиб, гьеб бечелъи кквезе, ирсалъе гьеб кьезе лъимер гьесул букIинчIила. Соналги херлъиялде гIагарлъулел рихьун, ахираб заманалда гьеб суалалъ рахIатхвезабун букIанила гьесул.

Ханасул хIукму кканила, жиндир улка-ракьалда гьитIинго гIакълу щварав вас ватани, кIудияв гIуравго ханлъиги гьесие ирсалъе кьезе, гьесиего бечелъиги васият гьабизе. Гьеб тIадкъайги кьун ритIанила гьес вазирзаби киса-кирего сверизе.

ЧIахIиялщинал шагьараздеги кIудиялщинал росабалъеги щун, лъабго-ункъо моцI нухдаги бан, ханасул ракI рекъолев гIадав васги ватичIого рокъоре тIадруссунел рукIанила вазирзаби. Гьедин рачIунаго-толаго щванила гьел росуйилан росу гуреб, кулийилан кули гуреб, анцIго-анцIила щуго рукъ бугеб цо бакIалде. Гьенив цо рукъалъул кIалтIа вихьанилан гьазда ункъго-щуго сон барав гIадав вас. Гьасулги хIалбихьун лъикIилан хIукму кканила вазирзабазул.

– Эмен рокъов вугищ, вас, – илан гьикъанила гьез.

– ГьечIо.

– Киве арав?

– ГIумру бекьизе ана.

– ГIумру кин бекьулеб? – абун гIажаиблъанила вазирзаби.

– Кинха бекьилеб? Хур бекьизе ана эмен. Хур бекьани, чед кьола, чед бугони, чияс гIумру гьабула. Гьеле гьеб жо буго гIумру бекьи.

– Эбел киеха арай?

– Къарзалъе магIу кьезе ана.

– Къарзалъе магIу кин кьолеб? – илан дагьалги цIакъ гIажаиблъанила вазирзаби.

– Кинха кьелеб? Нижер анив цо чи хун вуго. Гьение гIодизе ана эбел. Нижер чи хвараб мехалда дозул руччабиги рачIинарищха анире гIодизе. Гьелде абула къарзалъе магIу кьейилан.

– Нижее гьекъезе цодагьаб чагIир кьеларищ?

– Дагьаб гуреб, гIемерабги кьела. Щай кьолареб. Цин нужеца нужерго чуял нижер цIолбол ахикь рухьеха, чагъир гьекъолеб мехалда нужеего квалквалалъе ратунгутIизе.

Ралагьанила вазирзаби свера-хъверун, чуял рухьине цIолбол ах балагьизеян. Кин балагьаниги я цIибил гурила, я ах гурила.

– Нужер аниб цIолбол ахго гьечIо? – ян абунила гьез.

– ЦIолбол ах гьечIеб мехалда чагъирги кибха букIинеб? – илан гьезие жавабалъе васасги суал кьунила.

Вазирзабазда бичIчIанила гьев гьитIинго гIакълу щварав, хIакъикъаталдаги ханас валагьулев вас вукIин. Эбел-инсухъа изнуги босун, вачанила гьев ханасухъе. Ханги гьесда разилъанила. КIудияв гIезегIан лъикI хьихьун, ханлъиялъул балъголъаби лъазарун, заман щварабго кьунила ханас гьесухъе ханлъиялъул кверщел.

ХIакъикъаталдаги, гIакъилазулъ гIакъилавлъун рикIкIунев, цогиял ракьазул ханзабицин мукIурав, халкъалъул гIумру-яшав берцин гьабиялдалъун цIар арав хан вахъанила гьесул.

## РУХІЕЛ БИХЬИЧІЕВ ЧИ ВАТАНИ…

Цо ханасул йикIанила цIакъ гьесие хирияй лъади. ЧIвараб унтуца, къокъидасаго хванила гьей. Гьеб мехалда хан гьелда хадуб ракIхун, вухIизе, вежизе лъугьанила, чIезе бакI тIагIун, гьабилеб жо лъаларого, гIакълу босарав гIадин вукIанила.

Гьесул улка-ракьалда вукIанила сверухъ ругел вилаятаздацин цIар тIибитIарав исламияб диналъул гIалимчи. Кашму-карамалъи бугев чиянги абулаанила гьесде.

Ханас гьесда абунила, дуе бокьани, дир чIужу чIаголъизайизе дуда кIолин, кумек гьабейин, кьолеб жоялде дун вачIинарин.

ЛъикI бугин, гьайилин гьей дица чIаголъизеян абунила гьадав чияс. Гьелда рекъараб гIарац-месед дуцаги кьезе ккелин.

Кьелин кигIан дуца абунигиян цIакъ воханила хан.

– Амма бугоха гьелде щвезегIан дуца тIубазе кколеб цо шартI, – ян абунила гIалимчияс. – Дуца дихъе хъван кьезе ккола жиндир къавулъ хвел ккечIев, рухIел бихьичIев лъабго чиясул цIар. Гьел цIарал дуца дихъе кьуралго, дица дур чIужу чIаго гьайизе йиго.

РитIанила ханас ункъабго рахъалде жиндирго вакилзаби, гьединал гIадамал ралагьизе. Сверанила гьел, тиранила гьел, тIолабго дунялалда щвечIеб бакI хутIичIила. Амма къавулъ хвел ккечIев, рухIел бихьичIев лъабгони киса, цоцин чи ватичIила гьезда.

Гьеб хабарги босун чапарзаби рачIиндал, ханасда дов гIакъилав чияс абунила:

– Хвел ккечIев, рухIел бихьичIев цониги чи чIагоязда гьоркьов тIолабго дунялалда дуда валагьизе кIвечIеб мехалда, хварай дур чIужу дица кинха чIаголъизайилей? – илан.

Гьеб мехалда ханасда бичIчIанила гьединаб къварилъи къавулъе кида-къадги бачIунарев щивниги чи вукIунаревлъиги, гьелде сабру гьаби гурони, батIияб нух гьечIеблъиги.

# ЦӀалдолезул жугьаби

**ТӀалхӀат МУРТАЗАГӀАЛИЕВ**



МуртазагӀалиев ТӀалхӀат гьавуна 1959 соналда, цебе Хунзахъ районалда гьоркьобе кколеб букӀараб, гьанжесеб Гумбет районалъул Гьарадирихъ росулъ.

1974 соналда гӀагараб росулъ микьго сонило школаги лъугӀизабун, ТӀалхӀат ана ЧӀиркъатӀа гьоркьохъеб школалде цӀализе. Рехсараб школаги лъугӀизабун, Советияб Армиялде хъулухъ гьабизе Удмуртиялде ана.

1985 соналъ цӀализе лъугьана ДГУялъул тарихалъул гӀелмуялъул факультеталде. 1989 соналъ хӀалтӀизе лъугьана гӀагараб росдал школалде. 1995 соналдаса жакъасеб къоялде щвезегӀан хӀалтӀулев вуго гьеб школалдап тарбия кьеялъул рахъалъ хӀалтӀул директорасул заместительлъун.

ТӀоцебесеб кечӀ хъана 1992 соналъ, мадугьалихъ букӀараб мадраса бухӀидал. Гьенир рукӀана гьадинал рагӀаби:

**Маххде тӀаде рахун, тӀохде гьоркье лълъун,**
**ТӀарамагъадисеб хӀухьел нахъе цӀан,**
**ЦӀадул карачелалълъ лъедолел васал,**
**Боснор кӀотун ккарал мадугьалзаби.**

**Гьекъел-мехтелалъул къварилъабазул**
**Къойил гӀалимзабаз гьабулеб вагӀза,**
**Гьебги сабаблъун ккун СалманхӀажил рукъ,**
**БухӀизе биччачӀеб ахир замана.**

Хадубккунги, жинда бихьа-рагӀаралъ гьабураб асар загьир гьабун ТӀалхӀатица хъвана гӀезегӀан кучӀдул. Гьезул цояб буго гьаб кечӀги.

***МухӀамад МУХӀАМАДОВ,***
***ДНЦялъул МацӀазул, адабияталъул ва искусствоялъул институталъул отделалъул заведующий, филологиял гӀелмабазул кандитат.***

## ДИЕ БОКЬУН БУГО ЦОГИ КЕЧІ ХЪВАЗЕ

**Дие бокьун буго цоги кечI хъвазе,**
**Жакъасеб къоялъул хIакъикъат рехсон.**
**ХIинкъулев вуго дун къалам босизе,**
**Къваридал пикрабаз вуго сверун ккун.**

**Сверухъ балагьани, бихьулеб буго**
**Бикъулеб, хъамулеб, хъахIбалъигун цIогь.**
**ЦIаруй хъулби рарал хъамалчагIазул**
**Хъощ базе рес гьечIел мадугьалзаби.**

**БацIаз гIи цIунулел законалги хъван,**
**ЗулмучагIаз буго бикъулеб улка.**
**Эбел-инсул рател батарабгIанги**
**Барахщулел гьечIо пачалихъалда.**

**Гьалде кин рачарал, гьадигIан хехго,**
**Коммунистаз ращад гьарун рукIинчIищ?**
**Гьаругьин хьуцIилъе цIан унеб улка**
**Эхеде бахъизе бажарулев щив?**

**Щивав инсанасул ургъел гьабулел**
**Улкаби рагIидал, ракI хIайранлъула,**
**Жанирго бокьарал сурсатал ругеб**
**Россиялъул халкъал къварид щай ругел?**

**Нефтедоллараца цулъараб улка**
**Угьдизе лъугьана санкциял лъедал,**
**Газги пасат гьабун, понцIорал чунтби**
**Чучизе лъугьана лъагIел иналде.**

**Нарт буго лъамалъи, гьеб чвахун уна,**
**Чи хадуб гъолареб хехлъиялдалъун.**
**Газ кколарищ гьава, гьури пунани,**
**Паналъизе буго бер къапилалде.**

**Фабрикал, заводал щай рорхуларел,**
**Ракь гIоларогойищ Россия бугеб?**
**Нилъерго бугелда тIад къоноги чIван,**
**КъватIиса жо баччи битIущ бугеб?**

**Чайдул цо килограмм босизе ккани,**
**Квасул нусго кило бичизе кколеб,**
**Россия пикруялъ бичIчIуларилан,**
**Бицунел рагIаби ритIун ратила.**

**Учительзабазул цIар бахъарабго,**
**ЦIунцIрахун бачIуна нусабго лага.**
**Дуниялги гIуцIун, гIицIго хутIараб**
**РукIкIен гIадин вуго жакъа мугIалим.**

**«Нищий» – илан абун, урдуги тIад чIван,**
**Учитель рехана рощнол гохIилъе.**
**Гьелъул хIасилалда барщарал пихъал**
**Гъурщулел, бищулел руго жакъа нилъ.**

**Жеги чанго соналъ ракIарила гьел,**
**Гьадинаб система цIунун бугони.**
**Наркоманалилан, террористалин**
**Терминал рижизе сабаблъун ккараб.**

**Тохтурасул рахъалъ рагIи абидал,**
**РакI гъанцIулеб буго, битIун бицани.**
**ГIадамаз кигIанго гьел каканиги,**
**Кин гьелде рачарал, лъала нилъеда.**

**ЧIобогояб мешок бахъун чIоларо,**
**ЛъикIаб мухь гьечIев чи лъикI хIалтIуларо.**
**ХIалтIизеги бокьун, мухьги кьечIого**
**Кьоларо гьелъ хIасил, хIакъаб жо буго.**

**Жиндир гIакълуялда гIей гьабурав чи**
**Вохуларин абун аби букIуна.**
**Вохизе бокьарас мисал босизе**
**Сверухъ балагьизе изнуйищ гьечIеб?**

**Гъоркьехун балагье Китай бихьизе,**
**Кинал галабигун бачIунеб бугеб!**
**КвегIиса балагье Япониялъухъ,**
**Гьездаса къураллъун щайзе нилъ ругел?!**

**Гьединал мисалал гIемерал руго,**
**ГIодореги риччан, хал гьабунани.**
**Хал гьабизе ккарал къанщун чIун руго,**
**Напсалъул ургъелаз умматги кIочон.**

Сон рукIаралдаса жакъа рокьукъал
РагIуларищ харбал, хал гьабунани.
Черхалъе захIмалъи букIананиги,
РекIее бигьалъи букIана цебе.

Амма бугониги, букIуна хьулги,
РитIухълъи тIаде ккун, тIекълъи къелилан;
Риди тIаде ккараб, тIорахь гъанкъараб,
ГIажаибаб заман загьирлъаниги.

«Рукъ какулеб кету» кидаго дида
Сурун бихьулаан, бицун божа нуж.
Дирго ватIаналъул, дирго халкъалъул
Къимат холеб букIун, кIалъалев вуго.

Эбел-инсуй лъимал, лъала нилъеда
Чорхол рухIалдаса хириял рукIин.
Элгицин семула, сабру нахъе цун,
Нахъа букIинесеб цебечIезабун.

Дун мекъи ватани, вугилан абе,
Мекъи бихьиларо, битIизабила.
Дун витIун ватани, тIад рекъа нужги,
Нилъ киналго цадахъ церехун ине.





Индекс годовой  63333
Индекс полугодовой  73891

# Гьудуллъи

*БацIцIадаб магIарул мацI,*
*МагIнаяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе* ***«Гьудуллъи».***

*Нилъерго гIадат, гIамал,*
*Кици, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гьудуллъун кквe* ***«Гьудуллъи».***

